

AJIP ROSIDI

# DUR PANDJAK

PDF Reducer Demo

Mata  
matu  
matu  
matu

C.V. PUSAKA SUNDA

P S 16

AJIP ROSIDI



# Dur pandjak!

Penerbit C.V. PUSAKA SUNDA  
BANDUNG  
1966

*Hak tjipta ditangtajungan  
ku Undang\**



*Gambar djilid :  
Nana Banna*

*Keur Mamat djeung batur-baturna sagenērasi  
djeung keur genērasi-genērasi pandeurieunana*

## *MINANGKA BUBUKA*

Geus djadi kabiasaan ari buku sok make bubuka. Ari bubuka: maksudna mah panganteur, minangka katrangan ti nu nulis atawa nu ngaluarkeunana pikeun nu maratja pérkara maksud djeung eusina eta buku.

Tapi naha ēnja unggal buku pérēlu make bubuka atawa panganteur?

Tjeuk kuring mah hēnteu, hēnteu kabeh buku pérēlu ku bubuka. Hēnteu kabeh buku pérēlu ku panganteur. Aja buku<sup>2</sup> anu memang kudu make panganteur atawa bubuka, boh ti nu ngarang boh ti nu mēdalkeunana; atawa ti sardjana-ahli dina widang djinēkna eta buku. Tapi aja deui buku anu hēnteu pérēlu make bubuka atawa panganteur. Biasana buku-buku hasilsastra, rek roman rek kumpulan sadjak, boh kumpulan tjarita pondok boh kumpulan esej, tara mērēlukeun bubuka. Lain hartina tara kalampahkeun, da sakapeung mah aja sastrawan anu ngarasa pérēlu mere panganteur kana buku susastrana. Ari alēsanana mah njā rupa-rupa bae. Budjangga Irlandia nu kamashur, George Bernard Shaw upamana, salilana sok tara lali njērat panganteur nu parandjang pikeun drama-dramana. Małah sēring panganteurna leuwih pandjang manan dramana. Tjeuk Ki Silah tea mah tjenah ge saenjana Shaw teh lain rek nulis drama, tapi rek njieun studi ngeunaan objekna. Ari drama mah itung-itung panjombō atawa tameuli bae keur nu rēsēpeun matja drama tapi tara pati kējēngéun matja esej.

Kitu deui, aja buku-buku susastra anu dina mimiti mēdal mah teu mikabutuh panganteur, tapi sanggeus-na hirup-hurip kumēlēndang di alam pawēnangan nēpi ka djadi klasik, ana rek dikaluarkeun deui teh sok make panganteur ti ahlina. Minangka pangwanoh ti sang ahli pikeun nu maratja, ngeunaan buku nu hari-

ta geus djadi klasik. Ku ajana eta bubuka atawa panganteur, nu maratja teh djadi leuwih tērang kana kasangtukang sadjarah hirupna eta hasilsastra katut sastrawanna.

Ari ieu buku manrupa kumpulan karangan anu antarana mangrupa esej : sahēnteu-hēntēuna kitu tjeuk pretensi nu ngarangna mah. (Pērkarad adjenan hēnteuna, tangtu lain wēwēnang nu ngarangna pikeun nangtukeun). Saēnjana mah teu kudu make bubuka, tapi teu burung make, da katimbang pērēlu mere katrangan, jen esej teh pikeun urang Sunda mah barang langka. Lain tara urang Sunda narulis esej, tapi antjal-antjalan pisan. Nēpi ka kiwari tatajan aja nu ngahadjakeun kalawan daria. Padahal mun seug ku urang dititenan rereana tulisan anu dimaruat dina madjalah-madjalah djeung suratkabar anu disarēbut tjarita atawa lalampahan teh, saēnjana mah mangrupa hidji wangunan antara prosa-tinutur djeung esej : mirip-mirip kana esej, harib-harib kana prosa-tinutur. Tapi biasana mah eta teh dilantarankeun ku sabab nu nulisna kurang tērang kana beda-bedana wangunan-wangunan susastra. Kirang apal kana bedana tjarita pondok djeung esej ; teu paham kana bedana panineungan-lalampahan djeung esej.

Dina sawatara tulisan anu dimuat dina ieu buku, nu ngarangna kalawan sadar hajang nulis esej. Ari esej tea saēnjana mah objek garapanana teh hēnteu kudu ngan masalah-masalah sastra atawa budaja wungkul da esej mah mangrupa hidji wangunan susastra anu kudu mereadjen ti mimiti kana bubuk-leutik nēpi ka masalah rongkah-rohaka tina hirup-kumbuh djeung hirup-huripna manusa. Djukut-djukut kudu ha-hirup, reumis-reuminis kudu harurip, nēpi ka djadi masalah anu miboga harti dina hirup-hurip manusa. Biasana dikēdalkeun ku tjara nu informil tapi pikarērep-eun nu maratja, maksud teh hēnteu tjara panalungtik-

an para sardjana, sanadjan masalahna leuwih daria djeung leuwih beurat manan masalah anu didadar-keun ku para sardjana oge.

Lamun tulisan-tulisan anu dikumpulkeun dina ieu buku, rereana mangrupa tulisan-tulisan ngeunaan kasusastraan, eta mah pulang-malum, da bongan gégédena katineung nu ngarangna teh di dinja.

Saénjana esej miboga kamungkinan anu djembar sarta hade pisan dina basa Sunda teh. Babakuna ku lantaran sipat basa Sunda anu ngontjrang tur miboga daja-asosiasi djeung imadjinasi nu luar biasa : Apan puisi oge teu mustahil digélarkeun dina basa lantjaran ku basa Sunda mah.

Nja muga-muga bae ieu buku teh bakal ngabaladah pidjalaneun pikeun tumuwuh djeung měkarna esej dina basa Sunda.



A. R.

Bandung, Septembér 1965.

## KATRANGAN

Salian ti *Petikan Surat-surat*, karangan-karangan anu dimuatkeun dina ieu buku kabeh oge kungsi dimuat dina suratkabar djeung madjalah.

Demi suratkabar djeung madjalah anu ngamuatna njaeta :

Sk. *Sipatahoenan*, Bandung, ngamuat karangan-karangan *Deklamasi*, dina taun ka-XXXVII no. 149, tg. 8 Djuli 1959; *Ngawalonan Rusman* dina taun ka-XXXVII no. 174, tg. 6 Agustus 1959; *Njelapkeun* dina taun ka-XXXVII no. 213, tg. 24 Septembér 1959; *Tjatétan-tjatétan Ngcunaan H. Hasan Mustapa* dina taun ka-XXXVIII no. 28, 29, djeung 30, tg. 4, 5 djeung 6 Februari 1960; *Ehon Berod!* dina taun ka-XXXVIII no. 76, 77, djeung 78, tg. 27, 28 djeung 29 April 1960; *Utu T. Sontani Njawang Kamékaran Sastra Sunda* dina taun ka-XLIII no. 120, 121, 122, 123, 125, 126, 127, 128, 130 djeung 131, tg. 5, 6, 8, 9, 11, 12, 13, 15, 17 djeung 18 Djuni 1964.

*Kalawarta L.B.S.S.* Bandung ngamuat karangan *Etika Sastra* dina no. 22 kaluar taun 1962. Eta tulisan teh reaksi kana tulisan M.A. Salmun dina *Sipatahoenan* anu ngadakwa R. Memed Sastrahadiprawira djeung Moh. Ambri djadi „barangkot sastra” tanpa bukti-bukti nu djelas djeung make katrangan-katrangan palsu, nu ngoméntaran tulisan M.A. Salmun keneh nu dimuat dina *Kalawarta L.B.S.S.* no. 21 taun 1962 (make sandi asma tapi).

*Mingguan Sunda* Bandung, ngamuat karangan *Kudu Sicun Teu Kaduuman* dina taun ka-I nomér 9 tg. 17 April 1965 ; *Mapaj-mapaj Raratan* dina taun ka-I no. 18 djeung 19, tg. 19 djeung 26 Djuni 1965 ; djeung *Kritik Sastra* dina tn. I no. 24, 25, 26 djeung 27 tgl. 4, 11, 18 djeung 25 Agustus 1965.

## E U S I N A

	<i>Katja</i>
Buhuka .....	5
Katrangan .....	8
Deklamasi .....	11
Ngawalonan Rusman .....	19
Njēlapkeun .....	24
Tjatčtan-tjatētan Ngeunaan H. Hasan Mustapa	25
Ehon Berod : Manifestasi Djawa Kreatif .....	32
Rusdi Djeung Misněm .....	42
Etika Sastra .....	49
Pētikan Surat-surat .....	60
Utuy T. Sontani Njawang Kamēkaran Sastra Sunda .....	72
Mapaj-mapaj Raratan .....	112
Kritik Sastra .....	123
Kudu Sieun Teu Kaduuman .....	146

\*\*

## D E K L A M A S I

Sabada mĕrdika, kainsapan kabangsaan Indonesia beuki hurung ngagĕdur Kainsapan anu ngahudangkeun deui kapĕrtjajaan ka diri pribadi. Tapi oge anu ngahudangkeun rasa tjeutjeub djeung ngewa ka barat anu kungsi diwakilan ku urang Walanda ngadjadjah mangalam-alam. Ku ngewa-ngewana urang siga-siga rek ngumumkeun pĕrang ka sagala anu bau-bau barat. Malah nĕpi ka kĕtjap-kĕtjapna, istilah-istilahna (nadjan ari ngomong sapopoe mah leuwih mĕrĕnaheun ku basa Walanda). Istilah-istilah anu geus ilahar, hajoh digaranti ku istilah-istilah anu „asli”. Tapi naha ēnja asli? Hĕnteu, da narah ari nendjo badan bĕgang rĕgeng dina eunteung mah, nja tuluj agul ku warisan anu tjĕnah mah warisan ti karuhun. Ari nu dianggap basa warisan karuhun tea bĕt basa Kawi. Siga anu hĕnteu pĕrtjaja kana kamampuh basa Indonesia anu dina Kongres Pĕmuda 1928 didjungdjung-lungguh djad~~b~~ basa nasional make dipageuhan ku sumpah sagala tea. Bubuhan sumpah nonoman sigana. Atawa basa Sangsakerta. Enja ari India tea mah leuwih deukeut manan Junani atawa nagara Walanda, tapi da sarua teu hir teu walahir. Boh India boh Walanda, kungsi ngadjadjah urang. Nadjan bisa djadi hĕnteu satjara pamarentahan (hĕnteu politis), tapi dina agama djeung kabudajaan mah, tapak urang Hindu dina diri urang teh djĕro pisan. Matak ge teu aneh mun loba anu ngarasa agul ku barang tatangga teh.

Bung Karno ge hĕnteu njĕbat lima dasar, tapi „pan-tja sila”. Kitu deui hĕnteu kĕresa njĕbat kabinet kĕrdja, tapi „kabinet karya” (ku i-grek deuih). Ngadak-ngadak weh eta kĕtjap „karya” teh djadi populer,

népi ka djalma nu ku bapana dingaranan si Utom djeung Bandi oge pakarya-karya.

Biasa, mun nu di luhur sasauran, nu di handap mah saur manuk, Teu pindo gawe. Népi ka Komisi Istilah Bahasa Indonesia oge milu ngalieurkeun. Anu puguh ti baheula mula disebut „érem”, hajoh make dimerékan (dina kolong dareksi karetaapi) ku kétjap „abar”. Atuh sakitu përsen tah tanaga urang teh dihahambur dipake ngapalkeun deui kétjap djeung istilah anjar, anu magar basa kuna, basa warisan, basa titilar karuhun tea.

Parohoeun, jen gunana kétjap djeung basa teh ngan wungkul pakakas, pikeun mangnepikeun maksud urang ka nu lian. Keur njirian. Parohoeun jen djalma rea mah leuwih ngarti mun ngadenge kétjap „érem” manan „abar” .....

Matak ge kuring mah teu ngarasa aneh, mun aja urang Sunda nu hajang (ngusulkeun) supaja kétjap „deklamasi” diganti ku „rekawasita” teh.

Lamun kétjap nu diusulkeun keur pigantieunana tea ~~kétjap~~ Sunda onam mah, duka teuing. Ieu mah siga hajang nu ngaganti topi helém ku ubél-ubél (lain ku ikét).

Tapi keun eta sual mah urang teundeun di handeuleum sieum, paranti njokot-ninggalkeun: urang tunda di handjuang siang, hantjaeun éngke kahareup.

Enja, deklamasi sadjak dina harti ngadeklamasi-keun sadjak meunang Wahju Wibisana atawa Eddi Tarmidi mah anjar ajana di urang teh. Dimimitian ku Tundjung Balebat (énja kitu?). Tapi da ari deklamasi mah, keur urang Sunda teh lain barang anjar.

Euh énja, atuda kétjap „sadjak” oge apan matak tipopolotot sotja; tjénah mah pangaruh ti barat. Malah make aja nu ngadakwa sagala: „Sadjak mah lain wa-

risan karuhun. Euweuh ti dituna. Haram!"

Eta mah djalmana bae saru ku wudjud, samar ku rupa. Na ari raraosanana pantun teh naon kitu? Nu di „tjarita”keunana : sadjak, puisi ! Malah puisi anu tatjan katandingan (ulah pon kaungkulon) ku puisi (sadjak tea !) Wahju Wibisana saparakantja; nadjan sadjak-sadjak Sajudi ngahudangkeun deui tjipta beu-nang karuhun Sunda.

Atuh djurupantunna ..... na eta teh lain deklamator ?

Aja djalma (Yaya Hudaya) nu njebutkeun jen deklamasi ti baheula ge geus aja di Sunda tapi ana njebutan tjonto-tjonto bët los-los kana wajang wong, tu-kang obat, pokrol, makëlar ..... ari pantun mah teu kasabit-sabit. Hilap? Atawa teu wawuh? Atawa teu uninga naon salérësna ari deklamasi ?

Sédëngkeun pantun teh saur H. Hasan Mustapa di-na *Bab Adat Urang Priangan Djeung Sunda Lianna Ti Eta* (Djakarta, 1913) ge, kasénian asli. Tjindékna mah kasénian Sunda nu pangsundana weh. Dalah wajang oge, ku H. Hasan Mustapa hënteu disëbat kasénian Sunda asli. Eta meureun pedah dina pantun *Tjiung Wanara* aja kakotjapkeun magar teh Hariang Banga madju ka wetan bari ngawajang, ari Tjiung Wanara ka kuloneun Tjipamali bari papantunan.

Di sagigireun pantun, tëmbang Tjiandjur an ge masih sadapur djeung deklamasi, nadjan énja leuwih beurat kana tëmbangna (sëni-sora). Tapi da tëmbang-tëmbang Tjiandjur mah, dangdingna teh meh kabeh miboga adjen sastra.

Mun ku urang dibandungan, sikoreng dina tëmbang Tjiandjur an teh sëring pisan aja gunèm-tjatur antara istri-pamëgët. Hënteu kitu ari karuhun urang baheula ngedalkeun katrésna djeung tjintana ku tëmbang mah? Atuda Tjiandjur mah salilana ngingëtkeun kuring

kana mangsa tjaang bulan, ngémpraj di buruan, hili-wir angin leutik něbak dangdaunan, nja daun-daun arusik, nja kararas ting karasak, sédéngkeun gunung ngadjéga di kadjauhan, ngéléméng hideung ..... alam endah sarta romantis. Alam Sunda ..... tapi lain Sunda kiwari anu heurin ku begalan pati, djadi pangojokan gorombolan, pamidangan euwah-euwah !

Tjindékna deklamasi teh lain barang anjar keur ki Sunda mah. Geus aja ti dituna ! Hénteu haram.

Di Indonesia ajeuna teh karésép kana deklamasi keur meudjeuhna beukah, tjeujah. Unggal studio RRI unggal minggu (sakurang-kurangna sabulan sakali mah tangtu), ngajakeun deklamasi. Deklamasi sadjak Indonesia. Ari sadjak-sadjakna, lain bae sadjak-sadjak beunang para sastrawan nu marojan, malah rereana mah sadjak-sadjak beunang barudak anu masih keneh siduru hareupeun hawu.

Unggal pérajaan sakola, pérajaan naek kelas upama, deklamasi sok tara tinggaleun. Malah dina pesta ulangtaun (jaréh) ge, séring kabandungan nu deklamasi.

Tapi lamun urang nanja ka „deklamator” anu unggal minggu deklamasi di studio RRI atawa nu geus meunang hadiah tina deklamasi : „Naon maksud sa-énjana deklamasi teh ?”, rereana mah ngadjarawabna teh rada asa-asá : „Ah nja ku lantaran résép weee .. . . . .

Lamun ku urang ditanja leuwih djéro : „Naon mak-sud sadjak anu bieu dideklamasikeun teh ?”

Kuring jakin, ngan saeutik pisan anu bisa ngadjawab. Ngan saeutik pisan anu bisa ngadjawab kalawan bener djeung ngajakinkeun.

Djadi naon atuh sababna pangna barudak urang kiwari mana résép-résép teuing kana deklamasi, ari maranehanana sorangan teu pati ngarti keur naon, teu

pati ngarti kana sadjak anu dideklamasikeunana ?

„Nja ku lantaran rèsép weeee .....” eta mah lain djawaban anu čnja-čnja, Kadjaba mun maranahanana nganggap deklamasi teh sarua djeung langlajangan atawa ngadu-djangkrik. Bane usum ! Bane umum djeung batur. Batur ngaler, atuh ngaleeeerrr, batur ngidul, milu ngiduuul .....

Mun urang ngabandungan deklamasi sadjak Indone-sia, boh ku para anggauta Tunas Měkar Djakarta, boh ku para anggauta Gubug Remadja Bandung, boh ku para pěmuda di Djogja, di Solo djeung lian-lianna, bět asa sarua bae. Kěsanna teh : didjieun-djieun, teu djudjur, matak murěl nu puguh mah. Unggal djalma ngadeklamasikeun sadjak ku tjara, gaja, irama nu sarua. Ti Sabang něpi ka Maroke (muga-muga di ditu ge geus aja nu rèsép kana deklamasi), sigana teh unggal djalma ari deklamasi kitu-kitu kench kitu-kitu kench. Taja pisan „warna” pribadina teh. Unggal djalma lir sora kaleng kosong nu ditarabeuhan ku barudak, di mana-mana oge kitu turungtungna.

Taja pisan tapsiran, interpretasi si deklamator sa-tjara individu kana sadjak nu dideklamasikeunana.

Tah, kuring mah hajang mihape ka nu ngasuh Tundjung Balebat, supaja ngipuk sěni deklamasi Sunda mah dina dasar kamérđikaan individu. Unggal deklamator kudu boga „pribadi”. Ulah něpi ka unggal anggota Tundjung Balebat ana deklamasi sakarupa bae djeung kahajang nu ngasuhna. Dina ipukan sěni mah, tugas nu ngasuh teh babakuna nalingakeun lain mak-sakeun kahajang djeung karésépna sorangan. Kudu ngipuk unggal pribadi anu positif rek tumuwuh.

Naon atuh ari maksud deklamasi teh ?

Mun ku sakalimah mah, maksud deklamasi teh nja-eta ngararasakeun (dina harti menikmati, mengung-

kapkan dan memanifestasikan) hasilsastra ku lišan.

Babakuna sanggeus manusa manggih tjara njitak buku, ana ngararasakeun hasilsastra teh ku matja soso-ranganan (ngilo). Padahal baheulana mah, siga pantun wae : hasilsastra teh dilisankeun, diutjapkeun. Nu hajang ngararasakeunana atuh ngabandungan di sakurilingeun si sastrawan atawa djurupantun.

Djadi tugas si deklamator atawa si deklamatris nu pangutamana teh njaeta mangnepikeun „amanat” sastrawan ka nu ngabarandunganana. Ku lantaran eta, samemeh ngadeklamasikeun hidji hasil sastra, si deklamator atawa deklamatris teh kudu geus ēnja-ēnja ngarti djeung pahami kana eusi, djiwana. Kumaha manehna rek mangnepikeun amanat si sastrawan tea atuh upama manehna teu ēnja ngarti kana maksud hasilsastra nu dideklamasikeunana ?

Sakapeung mah kuring sok nanja ka diri sorangan : „Naha hēnteu leuwih hade lamun para deklamator djeung deklamatris anu sok maranggung di studio RRI teh sina diadjar matja sadjak ku basa salantjar bae ? Ulah waka direka-reka wirahmana ? Enja, siga mun urang matja koran. Pan urang oge ari matja koran teh hajang ngarti lain hajang humarurung siga nu muriang. Mun geus ēnja-ēnja kaharti sarta njérēp kana tulangsandi (tjeuk paribasana mah) kakara dideklamasikeun. Ieu tangtu padeukeut djeung pangadjaran apresiasi sastra.

Tjeuk kuring mah tjara kitu leuwih gēdē mangpataha keur kamiékaran sēni deklamasi. Komo dina mangsa nu dareklamasina sorangan hēnteu insap kana maksud djeung harti deklamasi mah.

Sanggeus ngarti ēnja-ēnja, deklamator bebas mere tapsiranana kana hasilsastra anu dideklamasikeunana tea.

Kuring mah sok hajang seuri mun nendjo djalma nu rek ngadeklamasikeun sadjak Chairil Anwar

*Krawang-Bekasi (Kenang-kenanglah Kami)*, angkari-bung ku dangdaunan, beungeutna tjulang-tjelong ku mehong, dadana diapuan ngarah siga rorongkong

Sěni drama djeung sěni deklamasi teh masing-masing mangrupa tjabang sěni anu mandiri. Mun dina deklamasi loba teuing „menta bantuan” kana make up atawa rengkak-polah, dalah mimik, eta teh nandakeun jen manehna teu sanggup deklamasi. Lir sēpeda dimotoran, apan disébutna ge lain sēpeda, tapi sēpeda-kumbang. Teu katji milu balap-sēpeda ku sēpeda-kumbang mah !

Kitu deui, piano atawa katjapi kudu ngan něpi ka mirig. Ulah něpi ka njilepkeun deklamasina. Tjeuk kolot oge apan ulah tju! dogdog tinggal igël !

Dibandingkeun djeung basa Indonesia anu tatjan ~~naneuh~~ (babakuna dina tjara ngalisankeunana), basa Sunda leuwih boga harépan dina soal deklamasi. Tapi njaeta kudu dibarung ku wawuh kana djiwa basana (sageuj da urang Sunda apan, piraku hěnteu wawuh hěnteu wanoh kana basana sorangan). Lain wawuh munding, tapi wawuh-wanoh ēnja.

Wawuh-wanoh kana djiwana, moal njababkeun para tjalon deklamator djeung deklamatris tea tuturut munding kana gaja djeung tjara deklamasi sadjak Indonesia anu biasa sok kabandungan dina radio, anu lir djalma muriang keur nirisan tea.

Sigana pérélu pisan para tjalon deklamator urang sakali-kalieun ngabandungan pantun. Lain pantun Beton anu sok manggung di RRI Bandung tea, tapi pantun buhun kahaheulanakeun, pantun asli.

Ajeuna ngeunaan sadjakna.

Hěnteu kabeh sadjak bisa dideklamasikeun. Ieu pěning dipikanjaho ku para tjalon deklamator. Aja sadjak anu sanadjan hade satjara puisi, tapi hese ata-

wa sama-sakali teu bisa dideklamasikeun. Dina basa Indonesia sadjak-sadjak kaja kieu teh joba. Dina basa Sunda mah unggal sadjak beunang disébutkeun ngawirahman, bubuhan atuda basana geus maneuh tea. Tapi lain hartina euweuh sadjak anu hese dideklamasikeuna.

Kuring ngarasa heran sadjak *Kiai Mudjur* beunang Eddy Tarmiddi didjadikeun sadjak-wadjib ku pantiya deklamasi Tundjung Balebat, Panasaran, bét ha-jang tērang kumaha ngadeklamasikeunana sadjak pandjang tur monotoon. Kitu deui, naha *Dua Utusan* sadjak Wahju nu didjadikeun sadjak wadjib teh, lain (upamana) *Pangbalikan*? Sadjak kuring *Umur Beuki Ngolotan*, naha djustru didjadikeun sadjak wadjib keur barudak SMA, sédéngkeun sadjak *Tanah Sunda* keur para mahasiswa? Naha hënteu tibalik? Djeung naha euweuh sadjak beunang Sajudi anu didjadikeun sadjak-wadjib teh? Tjeuk kuring mah, di antara sadjak-sadjak Sunda ajeuna, sadjak-sadjak Sajudi anu pangdeukeutna kana djiwa pantun. Boh eusina boh wirahmana. Pangkeunana kana mamaras rasa Sunda. Ku kituna pangaralusna deklamasikeuneun mah.

Tapi teu pindo gawe, ieu usaha deklamasi teh usa-ha nulujkeun salah sahidji ségi séni pantun anu ajeuna geus las-lis-lés. Muga-muga nu garaduh hadas insap kana tugasna dina ieu hal: jen maranehanana teh njambung galur karuhun ku djiwa nu kiwari tilir.

Sunedang, 2 Juli 1959

## *NGAWALONAN RUSMAN*

Tadina mah moal rek pipilueun susuratan dina *Sipatahunan* teh nadjan andjeun nulis surat keur kuring oge. Tapi ku lantaran andjeun njangka kuring djugang-djaging tali munding, pĕrĕlu mere walonan. Da heubeul teu nulis ge lain ku lantaran kajuhana tali kolotok kuring teh, tapi ku lantaran dadung nalikung diri, hajang piring alas. Bongan sok rĕsep seuri ngeunah, njeungseurikeun tingkah monjet, bĕt ngadjak papandjang-pandjang buntut, pagantjang-gantjang rin dat.

Samemeh matja surat ti andjeun ge kuring geus nulis, pĕrkara deklamasi. Eta pedah kabĕnĕran Y.R. djeung E.T. ka Sumedang mamawa *Sipatahunan* anu ngamuat tulisan nu ngangadjak ngaganti topi helĕm ku ubĕl-ubĕl tea. Kawuwuh deui dikiriman uar-pangadjak ku panitia pasanggiri deklamasi teh, sugar kuring daek milu pasanggiri deklamasi. Era parada, da ngarasa teu wasa. Lain wae teu wasa kudu majar Rp. 7,50,— tapi ku lantaran ngarasa geus lain budak sakola, lain mahasiswa, meureun euweuh kolomna. Heug wae ēngke meunang gĕlar Djuara-Kahormatan teu pupuguh !

Nadjan aja baraja nu bakal ngarasa bungah lamun kuring meunang bentang, tapi kuring mah ngarasa leuwih sĕnang lamun bisa tĕnang tjitjing di imah njanghareupan mĕsin-kĕtik, ngahangkeutkeun garapan.

Ari hajangna mah nataku njakseni pasanggiri teh, ngan sieun digogog andjing di panto rek asup, da rumasa teu kaondang, sanadjan sadjak kuring mah sadua-dua didjadikeun sadjak-wadjib ku panitia. Katambah dina djaman kabinet sandang-pangan mah ongkos oplet ti Sumĕdang ka Bandung ge ngalipĕt. Beus dĕdĕt-dĕdĕt wae, bubuhan usum pakansi.

Ngan ari kakaren mah eta oge kabagian. Ti Y.R. djeung E. Sanggeusna ngabandungan laporanana mah, teu handjakal teu sing teu datang oge. Lain rek „ngagogog ti kadjuahan bari tjadu prak sorangan” (tjeuk Yaya Hudaya tea mah) lamun di dieu kuring njebutkeun jen dina hal organisasi mah para ..pahlawan’ sastra urang ajeuna teh kudu ngadji mimiti ti alip deui.

Yaya Hudaya anu njebutkeun jen „Loba anu atjan ngarti” kana deklamasi, bét siga anu tatjan ngarti jen deklamasi mah teu bisa disebut tjabang seni-sastra. Eta meureun pedah anu sok dideklamasikeun teh hasil-sastra.

Tapi da apan urang ge teu bisa njebutkeun jen seni-drama teh tjabang tina seni-sastra sanadjan anu sok dimaenkeun tea drama-drama Shakespeare (hasil-sastra). Kitu deui manehna siga kudu diadjar heula ngabandungan pantun, supaja ngarti jen pantun teh lain „seni norowelang teu puguh lèntongna (teu ngingetkeun : expressie, intonasi, modulasi djeung lain-lain-na)”.

Lamun sastra Sunda hajang hudang, panandjeuranana nja sastra Sunda buhun. Lamun seni Sunda hajang madju, panandjeuranana nja seni Sunda buhun. Supaja katangar njakola, këtjap „buhun” hade mun diganti ku „klasik”. Maksud teh supaja Yaya nu apal kana istilah-istilah espresi, intonasi, djeung sadjabana, djadi uninga jen dina pantun teh eta kabeh njampak.

Tina pangalaman-pangalaman dina deklamasi sadjak Indonesia, kuring meunang kësan jen loba barudak anu dareklamasi teh teu pati ngarti kana eusi-eusina sadjak anu dideklamasikeunana. Eta sababna kuring ngandjurkeun supaja samemeh mere intonasi djeung gaja, supaja matja eta sadjak heula tjara matja koran nëpi ka ngarti čnja-čnja. Sanggeus ngarti kakara prak. Ku para djuri pasanggiri deklamasi ka hareup bab apresiasi djeung interpretasi supaja meu-

nang pĕrhatian djeung kolom dina mere peunteun ! Da nadjan sorana halimpu, espresif dina ngĕdalkeuna-  
na djeung lĕntongna ngalagu oge, ari teu puguh mah  
tapsiranana kana sadjak anu dideklamasikeunana,  
lain ngaler-ngidul tah ! Djeung deui kumaha bisa-  
na espresif djeung bĕnĕr intonasina mun si deklamator  
teu miboga intĕrpretasi kana sadjak anu dideklamas-  
keunana ?

Aeh-aeh, bĕt kangeungeunahan njaritakeun dekla-  
masi. Bawaning ku bungah nendjo barudak meunang  
tjotjooan.

Katjida bungahna ngadenge andjeun manggih ben-  
tang-anjar dina langit kasusastraan Sunda. Handjakal  
kuring tatjan kaburu matja. ajeuna teh keur njangha-  
reupan *Puisi Indonesia*. Deuk njesul *Tjeritapendek*  
*Indonesia*. Geus sataun kateler-teler.

Bisa djadi késan andjeun magar tulisan R.S.W. ngeu-  
naan Chairil bagian panungtungna kaburu boséneun  
nu nulisna teh bĕnĕr, tapi sidik lain ku lantaran nu  
nulisna hajang buru-buru meunang duit. Da nu nulis-  
na mah geus poho-pohoeun atjan kana eta tulisan teh.  
Ditulisna oge lima taun katukang. Kapanggih-panggih  
ku kuring dina map di imahna, basa neangan kope  
*Kiwari heubeul*. Teu bebedja-bebedja atjan ka nu nu-  
lisna mah, basa kuring ngirimkeun eta tulisan ka  
M.T.A. Tjeuk kuring ka M.T.A. : „Tatjan aja nu mĕ-  
sek Chairil seperti kitu . . . . .”

Kuring keur diadjar matja Dostojewski. Kamari ieu  
di Djakarta manggih *Dosa Djeung Hukuman*. Sang-  
geusna matja eta buku mah karampa ku kuring endah-  
na Dostojewski teh. Ari dina buku-buku sedjenna anu  
kungsi kabatja mah, wĕleh teu katimu. Ku lantaran  
memang teu pati hade sigana.

Teu siga matja Tjechov. Djol-djol kaharti djeung karasa bae kaendahanana teh. Bisa djadi kapiheulaan ku rèsép ?

Kuring boga tiori (anu tatjan diudji bénér-hénteu-na), jen antara Tjechov djeung Dostojewski teh aja pérbedaan dunja. Tokoh-tokoh Dostojewski mah djalma-djalma anu abnormal, djeung istimewa deuih. Beda pisan djeung Tjechov atawa Saroyan, anu njaritakeun hal-hal sapopoe, atawa nu sok sëring kasak-sen dina kahirupan sapopoe.

Mun naliti deui tulisan-tulisan kuring, meureun kata-negen jen anu ditjaritakeun ku kuring mah hal-hal anu biasa, hal-hal sapopoe. Deukeut djeung anu di tjaritakeun ku Tjechov djeung Saroyan. (Ieu babandingan teh ulah dihartikeun jen kuring ngadjadjarkeun maneh satahap djeung eta dua pangarang, da něpi ka ajeuna mah teu wasa !).

Anjar-anjar ieu kuring matja *Tilu Taun-na* Tjechov, asa endah pisan, nadjan W.S. Rendra njebutkeun térdjémahanana (térdjémahan Inggrisna) „diselewengkeun” oge. Padahal anu ditjaritakeunana teh hal anu biasa nakér.

Di Bandung kuring meuli hidji buku ngeunaan Dostojewski anu dilulis ku V. Yermilov (anu kungsi nulis buku ngeunaan Tjechov tea). Handjakal tjan kaburu dibatja. Dibandingkeun djeung buku-buku import ti Amerika atawa Eropa, komo djeung buku-buku kluaran djero nagara mah, katjida murahna.

Di Suméndang hudjan wae ajeuna teh. Meh unggal sore. Něpi ka gěmpungan rek ngadékkeun BPB *Kiwari* oge dibatalkeun, da hudjan munggah ngagébret.

Kuring ge geus matja surat Eddy ka andjeun nu ngahudangkeun ingétan kuring kana *Bale-Bandung-na* Hasan Mustapa djeung Kiai Kurdi. Bët ingét ka surat ti Wahyu basa ngabedjaan teu bisa datang ka Sumé-

dang : pinuh ku purwakanti, djeung muisi. Handjaka l kuring mah lain Kiai Kurdi, atuh eta surat teh teu diwalonan-walonan atjan.

Ajeuna keur usum hahasan-mustapaan djeung kiki-aikurdian. Da mangsa hahairilan djeung iidrusan mah geus kaliwat sigana. (Ras inget ka sawatara tjarita-pondokna Ading djeung potret Wahyu anu dimuat dina madjalah bari ngaroko tjara Idrus). Tapi sakapeung mah kuring nalek maneh : Naha djalan batur teh bisa leuwih ngadeukeutkeun aing ka aing kitu ? Teu ngabibisani, masrahkeun ka ki Eddy pribadi.

Olla keur radjin nulis pérkara basa djeung sadjarah kabudajaan. Sina kabatja ku masarakat jen beh ditueun langit teh aja langit. Jen langit anu katembong teh iain Bébénéran Mutlak, tapi tempong-gélor.

Memang, matak pikabungaheun suasana ajeuna teh. Haju urang hangkeutkeun !

Sonona,

A. R.

Sumedang, 23 Djuli 1959



## *NJELAPKEUN*

Ari seuneu njaho kana panasna seuneu? Ari kembang ngarti kana seungitna kembang? Ngan anu boga rarasaan nu bisa ngarasa.

Ngan anu akalan nu bisa ngarti. Ngan anu boga dria-pangambeu anu bisa njeuseup seungitna kembang, bauna bugang.

Mun wani njanghareupan seuneu, kudu wani ku panasna. Mun kalentab ku seuneu nadjan akar tangtubangkar, nadjan tangkal tangtu ruhaj.

Seler djeung walungan henteu salilana sangaran. Di laut sagala tjai walungan nu ti mana mendi teh awor gumulung ngadjadi hidji. Anu kiruh djeung anu herang, tara patanja ti mana nja asal.

Nu kiruh tara agul ku kiruhna, nu herang tara reueus ku herangna. Kembang tara agul ku seungitna, seuneu tara reueus ku panasna.

Kiruhna tiilaut, panasna seuneu djeung seungitna kembang, ngan dikedalkeun ku manusa anu bisa njarita.

*TJATETAN-TJATETAN  
NGEUNAAN H. HASAN MUSTAPPA*  
*I*

*Tanja :* Mana nu bĕnĕr : tjek pribadi atawa tjek batur ?

*Djawab :* Hĕnteu beunang disĕbut bĕnĕr, lamun djalma rasana bĕnĕr tjeuk pribadi sanadjan salah tjeuk batur. Hĕnteu beunang disĕbut bĕnĕr, djalma rasana anu bĕnĕr tjek batur, sanadjan salah tjek pribadi.

Anu ka lidji, eta djalma beurat teuing ka aherat, njaah teuing ka pribadi, kadjeun dipikageuleuh batur. Anu ka dua, beurat teuing ka dunja, hĕnteu njaah ka awak pribadi, lamo ngeunah batur.

Tah anu matuk gujur bac saumur-umur djeung pada batur nja ieu, marĕbutkeun pĕrkara ieu, loba anu tjlakai dunja-aheratna, sakur anu goreng timbangan-na. Nu matak saumur-umur taja putusna „marĕbutkeun bĕnĕr”; euweuh nu mĕrtelakeun, tĕpi ka jaomal-kiamah.

Saha anu geus jaomal-kiamah, tangtu bisaeun njarita.

*Tanja :* Ari djalma aja salahna ?

*Djawab :* Euweuh ! Aja oge kabĕnĕranana djeung karĕp anu hĕnteu panudjueun.

*Tanja :* Ari djalma aja bĕnĕrna ?

*Djawab :* Euweuh ! Aja oge kabĕnĕranana djeung anu panudjueun.

Anu matak djalma anu asak timbang-taradjuna sok njĕbut bĕner ka nu hĕnteu dipikarĕp ku pribadi. Eta ngan basa wae, moal hade njalahkeun sĕdjana deungeun. Ari njĕbut salah ngan basa wae, bisi keur teu disĕdja deungeun

*Tina Sjeh Nur Djaman*

Ieu paguneman ngagambarkeun jen H. Hasan Mustapa teh djembar, henteu sundek. Aja deui utjapanana anu unina kieu : „nadjan papak henteu sarua”, anu maksudna mah njebutkeun jen nadjan manusa sarua papak benerna, tapi henteu sarua saruasan. Anu bener tjeuk aing tatjan tangtu bener enja-enja bener, tapi anu bener tjeuk batur oge tatjan tangtu bener enja.

Karuhun Sunda keur kétjap "truth" dina basa Inggris ngagunakeun kétjap „bèbènèran". Ieu kétjap teh ngelingan ka urang jen saenjana mah mungguhing di alam dunja taja anu enja-enja bener. Saenjana mah taja anu mutlak bener atawa mutlak salah. Bèbènèran hartina babaledogan, sugar keuna, sugar ninggang, sugar kabènèran. Bèbènèran hartina sugar bener, atawa bener tjeuk anu ngabènèrkeunana. Mun aja oge anu ngabènèrkeun, bane we eta mah kabènèran panudjueun. Lain hartina enja-enja mutlak bener.

Kétjap „bèbènèran" ngabedjaan jen karuhun Sunda teh subjektif dina ènggong nangtukeun sikép kana sagala hal. Djembar deuih.

Subjektivismeu anu ngamungkinkeun marudahna, pabantrokna bèbènèran djeung bèbènèran satjara hebat di „djalan-tengah"an deui ku H. Hasan Mustapa mah. Djalma anu asak timbang-taradjuna, njaeta djalma anu insap kana kateumutlakan bèbènèran tapi oge insap jen manehna teh hirup djeung nu lian. Anu matak tjénah, sok njebut bener kana nu henteu dipikarép ku dirina pribadi. Tapi lain hartina si anu asak timbang-taradjuna teh ngajakeun kompromi pér-kara bèbènèranana. Dina kaajaan-kaajaan anu sakira moal aja matakna kana karepeh-rapihan djeung deungeun mah nja ngan ngabènèrkeun bèbènèran bae. Malah dina seuhseuhanana kudu padungdengan antara karepeh-rapihan djeung lbèbènèran agèman pribadi, nja milih bèbènèran pribadi, da ku saha dibelana atuh

bĕbĕnĕran pribadi lanun lain ku dirina ? Bukti kana ieu hal nja anekdota-anekdota ngeunaan H. Hasan Mustapa ku andjeun anu sĕring disarĕbut „mahiwal”. Mahiwal soteh tjeuk anu teu sarua djeung andjeunna. Hartina mahiwal soteh tjeuk anu teu panudjueun. Tjeuk anu ngabĕnĕrkeun mah nja teu mahiwal \_teu sing. Komo tjeuk djalma anu asak timbang-taradju djeung ngarti kana bĕbĕnĕran batur mah !

Dina ēnggonging marĕbutkeun bĕnĕr, djalma sĕring toh pati djiwa raga. Keur ngabela bĕbĕnĕranana pribadi manusa rela ngorbankeun hirup djeung huripna pribadi. Sabab bĕbĕnĕran teh tjeuk anu ngabĕnĕrkeunana mah nja anu pangbĕnĕrna sanadjan lawanna oge mi**h**oga kajakinan nu sarupa kitu deuih. Tarungna djalina marĕbutkeun bĕbĕnĕran anu lain ēnja-ēnja bĕnĕr, teu bisa disapih, da mun seug bisa disapih, meu-reun falsafah teh geus mandĕg, meureun Pangeran ge hĕnteu pĕrĕlu nurunkeun nabi mani barewu-rewu, rasul mani salawe.

Tjĕnah ngan djalma anu geus jaomal-kiamah wae anu bisa njarita, anu bisa mĕrtelakeun anu ēnja-ēnja bĕnĕr teh. Ari djalma anu jaomal-kiamah, lain ngan wungkul djalma nu geus ngababatang njangirah ngaler, tapi djalma anu geus ngungkulan hirup midua.

Tapi dina njaritana ge, djalma anu jaomal-kiamah mah tangtu ngan bisa kaharti katarima ku anu „sadja-djaran pantjakaki” bae, nu hartina ku nu geus papada jaomal-kiamah deui. Ari jaomal-kiamah, ngan bisa didjalanan ku diri-pribadi, ku manusa-manusa saurang-saurang, ku manusa sorangan-sorangan, teu bisa ditalangan ku lian. Atuh geusan njaho nu ēnja-ēnja bĕnĕr teh, unggal-unggal djalma kudu jaomal-kiamah heula.

Hartina ..... liang tai dedewekan !

## II

Rakit aing djati pada djati  
djati awi pigeusancun ngambang  
djati tali geusan paret  
djati tjai geusan palid  
djati pałupuh diuk  
djati salimar padjangan  
djati dēgung ngungprung  
djati nu tunggang sukana  
djati kabeh pada narimakeun diri  
njaho kana sorangan.

Tina Dangdanggula Sari Amis.

Dina kahirupan abad-mësin aja spesialisasi, nëpi ka aja paribasa manusa-mësin. Tjénah ge manusa teh ngan mangrupa hidji sëkrup dina hidji mësin-masarakat anu mutér. Ieu mësin teh kudu suhud djunun ngalakukeun kawadjibanana, supaja roda masarakat ge angger mutérna.

Dangding H. Hasan Mustapa anu di luhur, tangtu hënteu dipimaksud pikeun ngagambarkeun kahirupan abad-mësin kiwari. Tapi eta babandingan teh bawira-sa moal katjaletot-katjaletot teuing mun dilarapkeun kana eta hal. Kalarasan djeung katéngtréman, dilantarankeun ku masing-masing aja dina tëmpatna masing-masing. "The right man on the right place" mun tjeuk John Bull mah meureun. Nja lamun silipikajjahokeun diri, silinarimakeun diri, kakara aja kare-pehan karapihan. Repeh-rapih, anu hartina masing-masing bagian djeung alam sadar kana tanggung djawab tugas-papantjenna.

"Njaho kana sorangan . . . . . ." tjénah. Ieu utjapan pati-inti pasualan gampang dirumuskeunana. Tapi ngalakukeunana mah hënteu babari tjara ngu-

tjapkeun atawa ngarumuskeunana. Usaha manusa taja këndatna sapandjang sadjarah, tjeuk kuring mah taja lian njaeta usaha hajang wawuh ka dirina pribadi, hajang wanoh ka aingna, hajang njaho kana sorangan tea. Kadjabo ti kitu teh deuih, hënteu euweuheun djati tjai anu babandjiran, atawa djati palupuh nangtung, nëpi ka ngabaruntakkeun kaajaan.

„Djati dëgung anu ngungprung”, naha ieu teh përlambang napsu? Tapi ngabérungna napsu bari dibaréngan ku njaho kana sorangan mah, mo matak kalébuhan rakit, malah njå njukakeun anu tunggang.

Ngan tadi ge geus disébutkeun, jen tjeuk kuring mah usaha manusa sapandjang sadjarahna teh, taja lian ti usaha hajang njaho kana sorangan, hajang wawuh ka dirina pribadi. Ijohagna mah : hajang rakitna djati pada djati. Da teu kurang-kurang manusa anu njangka tunggang rakit djati padahal mah tangkal randu.

Narimakeun diri hënteu bisa dibandingkeun djeung nrimona kang mas. Narimakeun diri mah bari dibarung ku njaho ka sorangan apan. Djadi narimakeun diri mah sadrah lain tumamprak teu daja teu upaja sagala sadaja-daja, sagala sumuhum dawuh. Narimakeun diri mah ngandung harti, njaho kana kakuatan diri djeung kamampuh diri. Wawuh kana „djati”na diri pribadi. Narimakeun diri hartina leupas tina ngungprungna napsu-napsu anu hënteu kakadalian. Narimakeun diri hartina mëruhkeun napsu-napsu anu kabawa ku dëgung ngungprung. Da njaho kana sorangan tea.

Nja manusa anu rakitna djati pada djati, njå manusa anu njaho kana sorangan pisan manusa anu geus jaomal-kiamali teh. Taja naraka taja sawarga. Taja wadjib taja sunah. Nja manusa anu kitu pisan, anu kari sukana tunggang rakit anu kabehanana djati pada djati. Da wadjib geus djadi dina diri, da sunah geus bëtah dina rasa.

### III

Aja anu nanja ka H. Hasan Mustapa : „Djuragan panghulu, dupi Allah teh siga saha ?”

Walérrna : „Ari silaing geus njaho Kangdjéng ?”

Nu nanja : „Parantos.”

„Geus njaho Tuan Bésar ?”

„Parantos.”

„Tah séd saeutik ti dinja,” walérrna.

Ieu anekdota teh salah sahidji anekdota anu pangpopulerna anu ngagambarkeun „kamahiwalan” H. Hasan Mustapa.

Tjeuk anu saliwatan mah, anu hénteu nendjo anu „tersirat”, moal boa nganggap jen H. Hasan Mustapa midjalmakeun Allah anu apan teu bisa dipapandekeun djeung naon bae dadamélan Andjeunna. Moal boa aja djalma anu njangka jen H. Hasan Mustapa kagungan pamadégan jen Allah teh séd saeutik ti Tuan Bésar (Gubérmur Djendéral).

Sangkaan saperti kitu teh, tanwande hénteu salaras djeung énjana. Sabab dina eta guném-tjatur taja pisán kalimah atawa kétjap anu ngagambarkeun jen H. Hasan Mustapa mapandekeun pangeran djeung tuan bésar. Dina hal ieu H. Hasan Mustapa ngan wungkul nuturkeun djalan-pikiran anu nanjakeunana. Njobanjoba nérangkeun ku katrangan nu luju djeung alam pikiranana. Alam-pikiran anu nanja, njaeta, alam „guru bukur malar bukti”, natanjakeun Allah siga saha. Ieu alam pikiran teh ditulijkéun ku anu ditanja. Mun nu nanja geus miboga wangwangan jen Allah teh bisa disaha-saha, atawa bisa dipapandekeun djeung saha, hartina manehna miboga anggapan jen Allah teh bisa dibandingkeun djunggiringna djeung imanusa. Sarta ku sabab anu nanjana nganggap Allah teh luhur, sutji sarta hormateun-pikaadjriheun, H. Hasan Mustapa njandakna babandingan teh nja ka kangdjéng saréng

ka tuan besar, wakil djalma-djalma mangsa harita  
anu dianggap agung, sutji djeung hormateun-pika-  
adjriheun.

Metodeu něrangkeun ku djalan nuturkeun alam pi-  
kiran anu ngabarandungan, dietjeskeun ku H. Hasan  
Mustapa dina guněm-tjaturna dina *Sjech Nur Djaman*.  
Dina ngadjawab kana pananja : „Kumaha ari papatah  
ka djalma ?”, andjeunna masihan walčran : „Taksir  
heula, alamna anu dipapatahan. Lamun ninggang  
alamna dunja, papatah djalan untung tjeuk alam-  
na, singsieunan ku pikasieuneunana !”

Atuh dina ninggang aja nu nanja, alamna alam  
lahir, njangka Allah aja wanda bisa dipapandekeun  
djeung saha. H. Hasan Mustapa ngawalčran ku ěnja  
anu piěnjaeunana nu nanja. Hartina ngawalčr ku anu  
pikahartieun, tjeuk alamna nu nanja.

Eta anekdota ge ngagambankeun dina njanghareup-  
an djiwa manusa, H. Hasan Mustapa seukeut sarta  
djero, atuh taja nu samar deui. Gantjang pisan newak  
alam djiwa nu nanja. Gantjang pisan ngawalčerna teh,  
anu ngandung harti gantjang ngalaraskeun andjeun  
kana alam djiwa anu disanghareupanana.

Ngalaraskeun dirina ku andjeun kana alam nu lian,  
njaeta kana alam lahir, alam dunja, deugdeugeun  
tongtoneun deungeun. Dina njanghareupan djalma  
anu alamna dunja, atuh ku alam dunja deui wae ně-  
rangkeunana teh. Tara hese !

Ari alam aherat mah tjěnah apan saurna ge : „wala-  
kaja hěnteu make ngarasuła”, atawa „njaho kana so-  
rangan” tea.

Sumedang, 1959

*EHON BEROD! :  
MANIFESTASI DJIWA KREATIF*

Karuhun Sunda ana mere piwulang, papatah djeung sabangsana teh tara sok nembrik, tapi dibungkus ku daun tēpus, bukaeun anu ngaliwat (turunanana). Kitu ge anu rantjage di hate (anu aktif-kreatif). Barudak ulah sisiaran isuk-isuk, matak djauh rēdjēki (atawa : matak ngabeungharkeun tatangga). Meureun bae, da isuk-isuk mah wantji barangsiar neangan radjakaja. Lamun sisiaran, meureun lapur, kalah ka tatangga nu beunghar teh, da maranehanana mah barangsiar.

Ieu kabiasaan mere piwulang hēnteu nembrik teh ngadidik hade ka nu diwulangna. Sabab hēnteu kari am kari am ngahuapkeun, tapi masih pēsekeun, dada-reun, asakaneun. Satjara hēnteu langsung para karuhun Sunda ngadjak turunanana rantjage nja hate, nja aktif-kreatif tea ulah ngan rēsēp dihuapan bae.

Tapi kabiasaan mere piwulang hēnteu nembrik teh, njababkeun timbulna sikēp „neangan nanaon wae” di satukangeun utjapan djeung tittinggal-titinggal karuhun. Njaeta njoba njurahan bari „neuleuman” unggal tittinggal karuhun. Sikēp djiwa nu kitu, ana ngadeukeutan tittinggal karuhun, a priori geus nētēpkeun jen eta tittinggal ēnja-ēnja, „djēro, teuleumaneun, tangtu aja nanaon anu njumput di satukangeun anu nembrik”. Atuh dina mēsek atawa njurahanana teh, sagalana dilujukeun djeung eta sangkaan a priori tea. Dina teu tjotjogna bahan-bahan nu njampak djeung sangkaan jen „aja nanaon”, nja dilumbu ku fantasi. Lamun fantasi wungkul teu nēpi nja tuluj ngagunakeun kirata, „elmu” anu umum pisan dina kahirupan urang Sunda (djeung Djawa) inah ! Ari kirata tea, apan tjēnah ge „dikira-kira sugan njata”.

Nja sikēp djiwa ..neangan nanaon bae" tea anu dipibanda ku Sdrk. Achmad Roestandi Raksanagara dina waktu mēsek „sadjak" *Ehon Berod!* dina *Sipatahoenun* (tgl. 1 djeung 2 April 1960). A priori saderek Achmad Roestandi geus nētēpkeun jen ..aja harti nu njumput dina eta sadjak teh".

Saderek Achmad ngabandingkeun „sadjak" *Ehon Berod!* djeung kawih-kawih anu umum di Sunda kajanning *Ajang-ajang-gung*, *Ojong-ojong-bangkong* djeung sadjabana. Sawatara taun ka tukang saderek Rukasah S. Wirasasmita kungsi mēsek sarta njurahan eusi *Ojong-ojong-bangkong* ku djalan mere kasangtukang sadjarah Sunda. Saderek Rukasah nēpi kana simpulan, jen eta kawih panggeuing ti Budjanggana keur anak-in-tjuna sangkan ati-ati sarta waspada dina njangha-reupan „munding bule". (*Urga* 1955).

Tapi kumaha ari intērpretasi saderek Achmad Roestandi Raksanagara kana *Ehon Berod*?

Kuring teu wasa njalahkeun kana intērpretasina anu disokong ku fantasi djeung kirata, anu sakapeung mah hēnteu katuturkeun ku logika, atawa sahēnteu-hēnteuna karasa djauh teuing neanganana.

Susunan lahiriah *Ehon Berod!* anu unggal ēngang panungtungna njambung (djadi) ēngang mimiti padalisan saterasna, memang wanganan anu umum di Sunda, anu moal njampak dina kasusastran lianna (duka di Djawa). Umumna digunakeun dina kawih barudak. (Sanadjan ku intērprestasi historisna Rukasah, *Ojong-ojong-bangkong* djeung *Ajang-ajang-gung* ge djadi heuneur sarta djero, hēnteu surup mun dikawiheun ku barudak, tapi ari njebarna mah babakuna nja di barudak bae).

Tapi ari „sadjak" *Ehon Berod!* mah sanadjan wangananana nulujkeun atawa dina tradisi *Ajang-ajang-gung* (keun urang sēbut bae kitu, ngarah gam-

pang), lahirna teh dina hidji kaajaan anu husus. Sangkaan Saderek Achmad jen eta lagu teh lahir dina djaman Djépang (ku lantaran ningal padalisan nu unina : trung-trung-kohkol-alarém !), běnér pisan. Enja, *Ehon Berod!* teh lahirna dina djaman Djépang. Tapi lain ku lantaran eta padalisan bae, babakuna mah ku lantaran lagu ngawihkeunana.

Sanadjan wangunanana nulujkeun atawa dina tradisi *Ajang-ajang-gung*, *Ehon Berod!* mah hěnteu dikawihkeun ku lagu anu sok dipake ngawihkeun *Ajang-ajang-gung* atawa *Ojong-ojong-bangkong*. Lagu *Ehon Berod!* mah husus, njaeta anu didasarkeun kana lagu *Bekerja* tjiptaan Kornel Simandjuntak anu harita di-djědjlēkeun ku pamarentah djaduhan Djépang. Ari maksudna mah meureun ngahudangkeun sumangět běkērdja urang Indonesia, sangkan produktif pikeun kapērēluan balatēntara Dai Nippon.

Nja ku lantaran Saderek Achmad hěnteu ningal ieu kanjataan pisan, nu matak dina analisana tea hajang „neangan nanaon wae” teh. Sabab mun Saderek Achmad nendjo ieu kaajaan djeung sabab anu husus něpi ka lahirna *Ehon Berod!*, tangtu bakal mere intěrpretasi anu beda pisan.

Sabab *Ehon Berod!* mali, satjara sadjak hěnteu bisa disebut buleud-ngahidji, ku lantaran eta moal mere gambaran anu njatjas-atra. Padalisan ka hidji djeung ka dua masih mangrupa hidji gambaran sosial djaman Djépang (saperti anu disurahan ku Saderek Achmad), tipe ari padalisan anu ka tilu mah („tunggir hajam bikang”) hese dihubungkeunana. Tafsir Saderek Achmad ku ngahubungkeunana kana kapērtjajaan urang Sunda anu teu meunang ngadahar tunggir hajam, tjeuk kuring mah djauh teuing neanganana !

Kitu deui tafsiran kana padalisan ka opat („kangkung sisi gawir”), djauh teuing. Anu dimaksud ku

„kangkung” di dinja memang kangkung baturna gedjer, sabab lamun anu dipimaksudna teh sora bangkong (saperti anu dihartikeun ku saderek Achmad), tangtu moal kangkung, tapi „kang-king-kung”. Tapi ketang lamun „kangkung” matak hese ngahartikeuna sarta moal bisa dibandjel-bandjel ku fantasi supaja ditarima ku logika anu waras ! Memang énja ! Da eta padalisan mah euweuh hartian, kadjaba ti minuhan patokan, njambung énggang panungtung padalisan samemehna („bi-kang”).

Tjeuk kuring mah *Ehon Berod* ! minangka sadjak hénteu mangrupa hidji katunggalan anu buleud, ku lantaran kitu hénteu (moal) mere gambaran anu bisa katarina ku akal, sanadjan dibandjel-bandjel ku fantasi djeung kirata. Pokal Saderek Achmad Roestandi nambahana koma dina padalisan ka tilu, antara „hajam” djeung „bikang” hénteu saluju djeung laguna. Da laguna mah „tunggir hajam bikang” teh dikawihkeun tanpa koma. Meureun Saderek Achmad Roestandi naros, nahe atuh lain „tunggir hajam djago” bae lamun kitu mah ? („Bikang” ku Saderek Roestandi dibere tafsir anu dihubung-hubungkeun djeung kaperttajaan urang Sunda hénteu meunang ngadahar tunggir hajam djeung kaajaan sosial mangsa harita : loba awewe anu ditinggalkeun paeh ku salakina lantaran asup roimusja djeung sadjabana). Tjeuk kuring : nu matak „hajam bikang” sarta lain „hajam djago” teh oge aja sangkut-pautna djeung kabiasaan sarta karésép urang Sunda dina wanganan „sastra”, njaeta kana purwakanti. Kétjap „bi-kang” apan murwakanli djeung énggang panungtung padalisan samemehna : „roda sapi bun-tung” (Purwakanti anu ngontjrang djeung ngagalindéng sarta nu pangdipikarésépna ku urang Sunda, tengétan dangding-dangding : pinuh ku purwakanti *ng*).

Djadi naon atuh hartina *Ehon Berod!* teh?

Sanadjan satjara sadjak, *Ehon Berod!* teh beunang disebutkeun euweuh eusian, kadjaba ti di ditu di dieu mere gambaran kaajaan sosial masarakat Sunda mangsa didjadjah Djépang, tur henteu mangrupa katunggalan hartina nu buleud, tapi minangka manifestasi djiwa mah, *Ehon Berod!* teh gede pisan hartina.

Naon sababna?

Démi sababna diebrelikem ku kanjataan, jen eta lagu teh lahir ngeusian lagu *Bekerdja* anu kalawan paksi dipopulerkeun ku pannarentah balaténtara Djépang. Nja di dieu pisan tenbongna jen djiwa Sunda teh mérduka, teu sudi didikte, teu tarima dipaksa.

Tapi kateusudian djeung kateutarimaan dipaksa djeung didikte teh, henteu dimanifestasikeun dina tindak-tauduk anu nanduk-njugak, tapi ku djalan *ngacheureujkeun*. Démi anu diheureujkeun dina *Ehon Berod!*, lain bae lagu *Bekerdja* anu dipaksakeun ku pannarentahan balaténtara Djépang, tapi oge kaajaan sosial mangsa harita. Jen eta gambaran sosial tea henteu mangrupa katunggalan anu buleud, tjeuk kuring mah dilantarankeun ku sabab eta „sadjak” teh henteu ditjipta ku saarang, tapi ku sababaraha urang. Anu boga pokal mimili, sigana mah ngan ngarakit dua padalisan, njaeta:

*Ehon Berod! Ehon Berod!*

Roda sapi buntung

Démi padalisan saterusna, sigana mah ditema ku djalma lian, anu babakuna lain hajang mere gambaran ngeunaan kaajaan sosial mangsa harita, tapi pang-pangna mah hajang njambungkeun éngang panungtung („*bun-tung*”), ku kétjap anu murwakanti, njaeta:

*Tung-gir hajam bikang*

anu ditulukkeun ku djalma anu miboga asosiasi tina „tunggir” (kadaharan) kana ngaran kadaharan nu lianna („kangkung”):

*kang-kung sisi gawir*

Dina njurahan padalisan „Wira dagang ontjom”, bisa djadi intépretasi Saderek Achmad Roestandi bénér, tapi bisa djadi lain ku lantaran sadar jen Wira teh ngaran menak anu harita mah muguran něpi ka dagang ontjom. Boa ngaran Wira di dinja mah, disababkeun ku lantaran dina lingkunganana (nu njieun eta „sadjak”), aja djalma anu ngaranna Wira anu dagang ontjom. Atawa dina hěnteuna ge ki Wira dagang ontjom, teu mustahil hajang ngageuhgeujkeun ki Wira bae ku njebut manehna dagang ontjom. Nja lahir :

*Wira dagang ontjom*

Engang panungtung „tjom” kudu disambung djadi kětjap, ari kětjap anu mimitina ku „tjom” tea hěnteu rea. Teuing naon sababna nu matak lahir padalisan satérusna :

*Tjom-el ka nu gelo*

Dua padalisan panungtung, mangrupa hidji katunggalan anu katjida alusna pikeun madakeun eta „sadjak” :

*lo-dong kosong ngéntrung*

*trung-trung-trung kohkol alarém*

Oge hese urang njuktjruk naon sabab-lantaranana atawa naon hubunganana antara „tjomel ka nu gelo” djeung „lodong kosong ngéntrung”, kadjaba jamun urang mulangkeun pasualanana kana sual wanganan : ēngang panungtung kudu djadi ēngang mimiti dina padalisan saënggeusna.

Urang teu těrang, saha nu njusun „sadjak” *Ehon Berod!*, ngaheureujkeun maksud pamarentah bala-

tentara Dai Nippon anu hajang ngahudangkeun sumangčt hékérdja urang Indonesia tea. Eta „sadjak” teh lahir di kałangan rahajat djalata kalawan spontan. Hénteu didjieun-djieun. Hénteu diendah-endah. Ti heula ku kuring geus disebutkeun eta teh nembongkeun jen urang Sunda mibanda djiwa anu aktif-kreatif, djiwa rantjage nu teu sudi didikte. djiwa giat anu teu sudi dipaksa. Djiwa nu bebas mérđika. Ana aja hidji kakawasaan anu kalawan paksa ngadjéđjelkeun hidji doktrin atawa andjur'an, kalawan spontan urang Sunda mah ngaheureujkeun. Tjonto anu pangdeukeutna : samemeh pamilihan umum, pamarentah ngahadja nitah njieun lagu anu umina mah meureun mere paněrangan ngeumaan pamilihan umum anu di urang mah hartina kakara bakal diajakeun. Eta lagu dipopulerkeun ku alat-alat pamarentah anu aja, djadi *dipođulerkeun* ti luhur. Naon akibatna ? Ti rajat anu mibanda djiwa aktif tur kreatif mah. timbul bae teks anjar bangun anu ngaheureujkeun popularisasi lagu anu holna ti luhur tea. nja tungtungna mah teks anjar ge teu kurang populerna :

Pemilihan djengkol,  
nu kolot nu ngora,  
nu kolot kulubeun,  
nu ngora lalabeun, djsb.na.

Népi ka pamarentah ngarasa përlu tjampur-tangan ngalarang eta lagu teks buatan rahajat. Tapi teu burung, da hénteu ngeunteung kana pangalaman, kiwari pamarentah *ti luhur deni bae* mopulerkeun sawatara lagu nasional anu tjenah mah pikeun ngabina djiwa nasional anu saluju djeung kapribadian bangsa.

Duka teuing saha nu ngamimitian, tapi ajeuna mah barudak di sapandjang djalan anu ngawihkeun lagu *Garuda Pantjasila*, ana pok teh :

Barudak geura sila,  
da aki rek disunatan ..... djsb.na.

Saha tah anu kudu ditewak, disalahkeun njieun teks lagu anu bangun njetjéleh maksud pamarentah anu sakitu hadena ?

Propaganda boh mangrupa lagu boh pidato wungkul moal aja gunana. Da rahajat nu njaring mah matana beunta. Ari nu beunta tea meureun awas ka sing anu ting raringkang hareupeunana. Da beuntana ge lain kotokeun : awaseun pisan. Jen antara utjap djeung kalakuan, antara omong djeung anu dilakonan, bét papalingpang. Antara pidato djeung kanjataan, bét djauh měla-mělu. Tjeuk utjap mah subur-makmur-gémah-riphah-loh-djinawi-nagara-kerta-rahardja, ari tjeuk kanjataan anu awas katendjo ku mata nu beunta waspada bét anu kasaksian teh sabalikna : kateutengtréman beuki meuweuh, kasangsaraan beuki beurat, subur-makmur matak seuri maur, gémah-riphah kalah ripuh, loh-djinawi batu njéri, kerta-rabardja kalah ka beuki sangsara.

Dina djaman Djépang timbul sesebred-sesebred anjar anu eusina ngritik kaajaan sosial anu katjida gorengna basa didjadjah ku nu darugul :

Sapandjang djalan Tjirébon  
moal wéleh diaspalan:  
Sapandjang didjadjah Nippon  
badju ge tatambalan.

Mobil wadja muat djambal  
Ganti radja badju ditambal

anu mangrupa kritik kana kaajaan sosial mangsa harita.

Ieu lalaguan teh, timbulna kalawan spontan ti kallangan rahajat, djadi sarua djeung nu njusun *Ehon Berod* ! hese njuktjruk saha-sahanan. Tapi eta sesebred-

sesebred teh mere gambaran anu rada beda ti *Ehon Berod*! : dina eta sesebred mah kalawan etjes kasampak kritik. Kritik nu spontan djeung blak-blakan.

Anehna teh, umumna kritik-kritik dina lalaguan Sunda, babakuna kasampak dina sesebred-sesebred anu holna ti rahajat murba. Djadi lain dina lagu-lagu anu ngahadja dirēngga ku salah saurang komponis. Malah rereana para komponisna mah mere reaksi anu papalingpang pisan : kalawan hēnteu dibutjuhkeun deni oge „hidēng“ sorangan mropagandakeun nanaon anu ku rahajat mah diheureujkeun. Teu kaop aja andjuran anjar ti para Djuragan, para komponis Sunda mah tuluj bae ngarēngga lagu anu ngagoongan-kadjeun teuing bari teu ngarti, bari teu njaho, bari teu insap kana eusi-eusina atjan, komo kana akibatna mah.

Nja dina ieu hal pisan mandirina sarta djinéknna mang Koko minangka komponis Sunda teh. Dina lagu-lagu tjiptaan mang Koko mah aja hidji hal anu same-mehna meh teu kapanggih dina lagu-lagu Sunda tjiptaan para komponis lianna, njaeta sikép anu ngristik kaajaan. Sikép anu disababkeun ku panon anu rantjingsas sarta djiwa anu teu sudi meungpeun tjarang. Kamandirian lagu-lagu mang Koko njaeta ku lantaran mangrupa kritik kana kaajaan masarakat sapopoe, atawa mere gambaran kaajaan masarakat anu matak pikaseurieun. Ku lantaran eta lolobana lagu-lagu mang Koko karikatural, Djasana mang Koko teh njaeta : nalangan kérétég hate rahajat Sunda anu kreatif tea. Njaeta pisan sababna tjeuk kuring mah nu matak lagu-lagu mang Koko gantjang populerna. Sabab dina teks lagu-lagu mang Koko rahajat ngarasa kérétég angènna mudal.

Jen mang Koko leuwih deukeut kana djiwa rāhajat selerna, manan kana kalungguhanana minangka hidji pagawe pamarentah, atra tina lagu-laguna anu teu euleum-euleum ngiritik kabidjaksanaan-nu-teubidjaksana ti pamarentah. Teu euleum-euleum ngiritik kaajaan masarakat, sabalikna ti anu dipropaganda-keun. Ieu teh kungsi njababkeun mang Koko dipanggil geusan mëmpertanggungdjawabkeun sawatara laguna. Tapi eta mah konsékwensi anu wadjar.

Tjihideung, April 1960.



## *RUSDI DJEUNG MISNEM*

### I

Mun aja nu nanja ka kuring : „Buku naon nu pang-pikarésépeunana djeung pangalusna pikeun batjaan barudak di Sakola Ra'jat (Dasar) ?”; moal hamham deui kuring tangtu ngadjawab : „Buku *Rusdi Djeung Misnem*.“

Tangtu eta djawaban teh ngandung kasangtukang kalawan sabab-musabab. Sabab nu pangutamana atuh pedah kuring urang Sunda; djadi dina nimbang-nimbang djeung nangtukeun djawaban teh make babandingan djeung ukuran Sunda; djeung deui nja ku lataran kuring urang Sunda, sakola di Sakola Ra'jat Sunda (sanadjan di tapélwatés beh wetan) sarta matia buku batjaan keur barudak Sunda. Tah *Rusdi Djeung Misnem* teh ngagambarkeun kahirupan sapopoe barudak Sunda deuih.

Tapi na da salian ti *Rusdi Djeung Misnem* teh aja *Gandasari*, *Sumbér Arum*, *Panggèlar Budi* djeung lian-lianna apan? Sarta kabehbanana oge ngagambarkeun urang Sunda : Djang Eman teh urang Sunda lain? Kitu deui Djang Sumitra. Si Empi djeung pada batur-na.

Nja djawaban kana eta pananja pisan anu djadi lataran nu ka dua. naon sababna nu matak kuring njebutkeun jen buku *Rusdi Djeung Misnem* teh buku batjaan barudak pangalusna.

Sanadjan *Gandasari* djeung *Sumbér Arum* njaritakeun barudak Sunda ge, Djang Eman djeung Djang Sumitra mah beda djeung Si Rusdi. Duanana putra lurah hormat. duanana bageur: duanana „bénér” djeung nurut kana piwuruk sépuh. Tjindékna duanana oge hade djeung alus, budak anu dipiangén-angén ku unggal sépuh. Ari Si Rusdi? Apan Si Rusdi mah budak

hangor, ari ka sakola ge ngantongan wadjit djeung kadaharan lianna. Dina ieu hal pangarang *Rusdi Djéung Misném* leuwih wanoh sarta leuwih bisa ngagambarkeun waték djeung kahirupan budak umumna, budak anu rea hodjahna sarta anu ku lantaran teu katuturkeun ku kolotna nja disebut „bangor”. Si Rusdi teh pintér ari pintérrna mah, ngan sakarépna teuing. Hirup Si Rusdi mah pikasébéléun sing sakur anu biasa hirup dina lingkungan feudal harita, mutuh pikangewa-eun, tapi matak nineung ku lutjuna. Hirup Si Rusdi istuning hirup „budak lémber anu dusun”, tapi bolostrong, budak anu hirupna masih deukent keneh ka alam.

Ari waték Djang Énan djeung Djang Sumitra mah rata, taja kaanehanana pisan, sagalana geus diatur ku sépuhna, atuh anu ditjaritakecunana ge istuning rata. Anehna teh ngan lamun ngadongeng, népi ka *Gandasari* mah unggal bab teh dongeng wae.

Nu ngarang *Sumbér Arum* djeung *Gandasari* mah, katara pisan hajang „ngatik” barudak, supaja bageur, murut kana piwuruk sépuh, gétel diadjar, bénér, supaja hirupna lulus-banglus, djauh balai parék rédjéki, sagalana kudu lumangsung saluju djeung kahajang anu njékel lalakon. Pantés pisan lamun anu njusun *Gandasari* djeung *Sumbér Arum* meunang bentang ti ..... .... gubérnemen !

Ari nu ngarang Si Rusdi mah kawas nu rada mopo-hokeun eta hal : maksudna teh lain rek „ngatik”, tapi ngagambarkeun kahirupan sapopoe budak Sunda, adi-lantjeuk ngaramna Si Rusdi djeung Si Misném (aja deui lantjeukna Ramlan, tapi tara aja di lémber). Atuh *Rusdi Djéung Misném* mah leuwih deukeut kana harti sastra manan *Gandasari* atawa *Sumbér Arum*. Sundana mah *Rusdi Djéung Misném* litérer, ari *Gandasari* djeung *Sumbér Arum* didaktis.

Ajeuna mah barudak teh di Sakola Ra'jat geus hĕnteu matja deui *Rusdi Djeung Misnĕm*. Boa angkatan kuring barudak pangahirna matja *Rusdi Djeung Misnĕm* di Sakola Ra'jat teh. Ari *Sumbĕr Arum* djeung *Gandasuri* mah ditjitak deui sabada pĕrang ge.

Kuring kiwari ingĕt-ingĕt poho kana tjarita Rusdi djeung adina Misnĕm teh, saking heubeul-heubeulna hĕnteu matja. Ingĕt soteh eta kana kabiasaan Si Rusdi ari ka sakola, djeung kana pupuh kinanti dina panung-tung djilid katilu, basa Rusdi kudu tĕrus tĕtĕp-tumĕtĕp di kota nulujkeun sakola ka kĕlas opat (vervolg-school), ari Misnĕm katut kolot-kolotna mulang deui ka lĕmburna :

Rusdi ku Ramlan ditungtun,  
dikaleng diadjak balik,  
diupahan ku tiluan,  
ku Ramlan paman djeung bibi.  
dipapaler dibubungah,  
ulah njantel ka nu balik.

Ingĕt sotch, pedah bae baheula sĕring ngahariring-keunana, laguna kinanti buhun. Ana ngong teh Pa Guru mere tjonto ka barudak kumaha nĕmbangkeunana, kuring mani ngĕrik, ati asa digĕrihan, ku karunja Si Rusdi ngorangan di kota, papisah djeung adina Si Misnĕm ..... lieuk leuweung lieuk lamping tea meureun. Mun kaduga mah harita hajang hing bae tjeurik.

Aja deui dongeng anu nĕpi ka ajeuna teu bisa poho, sanadjan ari susunan tjaritana mah geus teu ingĕt, tapi aja fragmen tina eta dongeng anu tĕtĕp njantel teu laas ku geus lawas. Mun teu salah mah eta dongeng teh njaritakeun dua budak pahatu-lalis di leuweung. Lantjeukna lalaki ngala buah loa, adina awewe di handap diteureuj oraj, mimitina sukuna heula, njalu-kan lantjeukna :

„Kang, kang tulungan  
aja nu gagarajaman  
kana suku djeung ngegelan.

Tjing geuwat kuring tulungan”

Lantjeukna keur kapalang ngala loa, ngadjawab tina  
luhur tangkal :

„Usap bae njai, meureun sireum.”

Matjana dikawihkeun, laguna basadjan pisan, tapi  
harita mah mutuh mawa suasana ngénés-ngangrés.

Barang eta budak awewe tea geus kateureuj kabeh  
ku sakadang oraj, kakara lantjeukna njahoeun. Hade-  
na aja manuk disada kawas nu mapatahan :

„Tjukrih ! Tjukrih ! Tjukrih !

Turih ku putjuk eurih !”

Sakadang oraj diturih beuteungna ku putjuk eurih,  
si budak awewe geus taja njawaan. Tapi da tuluj hi-  
rup deui, digébérana ku hihid kabujutan bari dikawihan:

„Gébér-gébér hihid aing

hihid aing kabujutan.

titinggal nini awaking .....”

djeung satérusna.

Eta teh kabeh ge diturun saingétna bae, boa aja nu  
salah. Tapi kakeueung djeung kangénés anu baheula  
kungsi karasa basa mimiti matja eta dongeng sok ka-  
rasa deui ari ajeuna ingét teh.

## II

Kiwar beunang disébutkeun Sakola Ra'jat (djeung  
sakola-sakola lianna) teu bogacun buku batjaan basa  
Sunda. Anu aja ngan njukupan pikeun ubar puruluk  
wungkul. Naha kira-kirana moal hade lamun buku  
*Rusdi Djeung Misném*, anu sidik hade sarta alus. ditji-  
tak deui batjaeu barudak kiwari ?

Sanadjan kuring mikarésép pisan kana eta buku, tapi mun kuring kudu ngadjawab eta pananja sarta lamun pangna ditjitak deui teh diantjokeun pikeun batjaeun barudak Sakola Ra' jat, kuring bakal ngadjawab: „Hénteu”.

Tangtu eta djawaban teh ngandung kasangtukang kalawan sabab-musabab deuih. Sabab anu pangutama-na, ku lantaran kahirupan barudak Sunda kiwari geus beda pisan djeung kahirupan barudak Sunda dina djam-an Si Rusdi djeung Si Misném. Hirupkumbuh urang Sunda dina djéro limabélas taun pangahirna teh ngalaman parobahan anu katjida gédéna. Népi ka lamun barudak kiwari matja kahirupan Si Rusdi teh, moal ngalartieun. Tangtu hareraneun aja kahirupan tjara kitu — taja bedana djeung alam dongeng. Pangaruh ti luar geus ngarakuk asup ka pakumbuhan urang Sunda di tutusan gunung djeung lamping. Pakumbuhan urang Sunda anu tadina ajém-téngtrém, sépi-tingtrim teh, kiwari kaweur, kono ku ajana kakatjowan' di padesan ana djauh ti kota mah. Mun baheula kahirupan urang Sunda teh pakumbuhan kahirupan kam-pung atawa padesan anu masih keneh „weuteuh”, ajeuna mah geus direumbeuj ku kahirupan kota, tapi ari énja-énja mangrupa kahirupan tjara di kota-kota (Eropah) mah tatjan deuih. Antara kota djeung desa di urang kiwari mah taja watés-watés anu tetela. Eta dua rupa kahirupan teh awor pabaur, kitu deui ku barobahna susunan masarakat padesan di urang, ku ngarakukna tatatjara djeung ukuran-ukuran kahirupan anjar ka djéro padesan (djalmá-djalmana arindit ka kota lantaran hirupkumbuhna di lémbruna sorangan kaganggu ku ajana kakatjowan gorombolan), ana marulang deui ka témpatna asal, eta djalmá-djalma teh geus barobah, boh tatatjarana boh kapértjajaana, kitu deui ukuran-ukuran djeung tjita-tjita hirupna.

Eta proses teh gantjang pisan ngarobah pakumbuhan masarakat padesan urang. Anu baheula mah teu kenal kana lagu-lagu lian kadjaba ti lagu-lagu Sunda, Tji-andjurian, Dēgung djeung sapadana ajeuna mah milu ngaharingkeun lagu-lagu India djeung Malaja. Anu baheula mah tjukup ditarumpah karet (urut ban mobil), ajeuna mah kudu make sapatu nu disēmir bari dikaos-kaki nylon nanaon. Anu baheula mah tjukup ku laladjo kētuk-tilu atawa pantun, ajeuna mah kudu laladjo bioskop („gambar iduk” tjēnah). Anu baheula mah tjukup disarung djeung dikampret, ajeuna mah kudu sing sarua wolita, didasi sagala. Anu baheula kamama-na tjukup ku leumpang ajeuna kudu make kareta mēsin, motor, bis atawa kareta api malah kapal udara. Anu baheula mah tjukup ku njaho bedja-bedja ngeunaan urang lēmburna sorangan, ajeuna make hajang matja suratkabar ngarah tērang bedja-bedja ti sakuliah dunja. Anu babeula mah tjukup ku udud kolobot, ajeuna kudu ngaroko ..putih” .. .

Basa Si Rusdi ditinggalkeun ku kolot katut adina di dajeuh, manehna tjeurik, tangtu ingēt kana sagala pangalaman djeung karēsēpna basa masih keneh mangkuk di lēmbur. Keur Si Rusdi mah harita, antara dajeuh (kota) djeung desa teh lain bae djauh tēmpatna, tapi oge aja pērbedaan kahirupan. Kahirupan dajeuh djeung kahirupan padesan. Papisabna Si Rusdi djeung Si Misnēm teh nja papisahna djeung kahirupan padesan, diganti ku kahirupan dajeuh anu harita mah masih keneh sing sarwa aneh djeung aheng pikeun Si Rusdi.

Kasēdih, katineung nu harita kaalaman ku Si Rusdi pedah kudu ngumbara nulujkeun sakola di dajeuh, moal kaalaman moal karasa ku barudak padesan djamman kiwari. Barudak kiwari mah ti masih keneh bau djaringao geus ngimpi hajang ngumbara ka kota. Apan

hirupna sapopoe di padesan oge geus niron-nironi kahirupan di kota. Djadi mun sakali mangsa dibere ka-sémpétan indit ka atawa ngumbara di kota teh. atuh taja bedana djeung umat Islam sina indit ka Mékah.

Tah faktor-faktor eta teh milu nangtukeun kana ha-de-hénteuna batjaan barudak, komo batjaan munggaran di Sakola Ra jat, anu tinangtu njantel dina hate těpi ka maranehanana galëde.

Tapi sabalikna, na kira-kirana hade deuih lamun ajeuna aja djalma anu nulis buku batjaeun barudak anu ebreh ngagambarkeun kakatjowan djeung kaka-weuran hirupkumbuhna ?

Bisa djadi hade, bisa djadi hënteu. Hade ku lantaran hal eta bakal bisa mere gambaran ka barudak nu matjana ngeunaan kaajaan kahirupanana sapopoe dina djamanina. Gorengna ku lantaran mun eta buku di susun ku djalma anu teu bisa nendjo kakatjowan djeung kaajaan anu pikangéneseun tea kalawan ngristal, bakal mere gambaran salah ka barudak, nja té-mahna mělak binih mumusuhan atawa ngunék-ngunék silih arah.

Tapi mun aja djalma nu usaha ka palébah dinja, di dieu kuring hajang nempongkeun pamapag pangbagea ka manehna : „Rampes !”

Djakarta, 1957



## ETIKA SASTRA

Unggai hirupkumbuh, unggal mangsa, di mana bae di dunja, iraha bae dina sadjarah, tanwande miboga hidji etika anu diadatkeun sarta dipageuhan ku para anggahota pakuinbuhanana. Sanadjan geus rea anu njusun etika sopan-santun, tapi rereana mah santunan etika teh tatjan katuliskeun-kabukukeun. Lain bae ku lantaran unggal pakumbuhan, unggal tēmpat, unggal bangsa, miboga etika anu beda-beda, tapi babakuna mah ku lantaran dalah hidji masarakat anu tangtu oge, etikana sok barobah ; apan tjēnah mibapa ka djamān ngindung ka waktu ! Ma'lum atuh, da pakumbuhan teh hēnteu anggēr tētēp, tapi barobah, mēkar atawa mundur, boh ku lantaran pagaliwota djeung pakumbuhan lian anu etikana beda pisan. boh ku lantaran kamēkaran alam-pikiran anu mibogana. Tjonto anu pangbabarina tangtu nu kasampak dina masarakat urang sorangan, pakumbuhan Sunda. Apan aja djamanna kuring kudu mēndēko mando lamun menak ngalangkung dina tandu. Aja djamanna djurutulis ka bupati ngabasakeun „abdi-dalēm” djeung „dampal-dalēm. Aja mangsana guru teh lahir-batin dunja aherat mangrupa insan-kamil anu kudu digugu tur ditiru. Aja djamanna dalang teh mageuhan kirata „ngudal piwulang” !

Tapi sabalikna : aja mangsana menak djeung kuring walatra sama rasa sama rata. satata di lapangan keur latihan ! Malah teu langka si kuring dina Mercedes 220S ari sang menak mapaj-mapaj djalan kana „titihan” (gamparan made in Japan). Aja mangsana djurutulis djeung bupati silih-basakeun „bapa” (djurutulis geus tjetuk huis. ari sang bupati anom keneh). Aja mangsana guru ngan dihormat di djero kelas wae dalah di buruan sakola oge pada ngadjarébian ! Aja

mangsana dalang ngan djadi panganteur sinden sēlang-sēlang bobodoran !

Tilu-opat puluh taun katukang dibēndo-tjítak, di-djas-tutup sarta make samping teh mangrupa anggo-an „lēngkēp” nu matak adjrih sing sakur nu kapang-gih. Tapi kiwari ? Lamun seug aja nu pangangguran angkat nganggo anggoan djainan Iskola Radja tea di Braga, moal boa pada ngalaladjoan, pada-pada ngaha-haha, disangka pameran nu kurang saeundan.

Sok sanadjan hēnteu anggēr-panggēr, sok barobah nurutkeun usum, tapi dina djamanna mah di tēmpat-pakumbuhanana, unggal etika teh didjalankeun, dipageuhan, dikeukeuhan mati-matiyan ku masarakat anu iniboga. Teu langka djalma anu lali rabi tegang pati ngabela „adat” djeung etika anu magar warisan karuhun tudjuh turunan ! Da lamun mangsa urang Sunda ngaratu ka menak sarta ngadatkeun etika bawa urang Mataaram di lingkungan kabupatenta, aja djurutulis kumawani njēbut „bapa” ka kangdjēng dalém, weueu meureun moal antaparah deui dihordah sapada harita : „Na kami teh bapa sia ?”

Tapi sabalikna lamun kiwari aja djurutulis anu pangangguran njēbut „dampal dalém” ngabasakeun „ab-di-dalém” ka bupati/kepala daerah wakil ra’jat anu distrenan ku Bapa Mēntri, moal boa disēntor dianggap taijan asak djadi kawula nagara mērdika nu demokratis . . . . .

Etika teh hēnteu ngan diwatesanan lingkunganana ku wangēnan-wangēnan kanagaraan atawa ethnografis atawa religios, tapi oge ku lingkungan-lingkungan nu leuwih leutik nurutkeun pagéwean, karésép, patjabakan djeung lian-liana. Di antara para wartawan aja kodeu etika djurnalistik, di antara tukang moro aja kabiosaan-kabiosaan di pamoroan anu djadi etika anu diestokeun pisan ku para paninggaran. Atuh di antara

para pamaenan, aja kabiasaan anu ku pada-pada tukang maen mah diestokeun ēnja-ēnja.

Oge dina dunja kasusastran, aja etika anu dipageuhan dikeukeuhan didjalankeun kalawan ēnja-ēnja, diestokeun pisan ku para sastrawan djeung para pangarang.

Tapi tjara dina unggal pakumbuhan atawa lingkungan, ieu etika teh hēnteu anggēr, tapi barobah saluju djeung usum. Oge kamēkaran kasusastran Sunda mangrupa tjonto nu panggampangna : Aja mangsana para pangarang hēnteu ngarasa kudu njēbutkeun atawa nuliskeun ngaranna, dalah dina karanganana anu mangrupa tjiptaanana nu asli. Unggal tjiptaan sastra djadi milik umum, milik sakumna masarakat anu mibanda basa Sunda — malah milik sakumna masarakat manusia. Djangdjawokan, djampe, asihan, pantun djeung sawatara wawatjan anu kiwari djadi kaagul urang Sunda, djadi milik umum. Rea, malah rereana, teu katjuktjruk deui saha nu njiptakeunana djeung nu njatētkeunana. Nu njatētkeun djeung anu mublikasikeunana oge ngarasa pērēlu neundeun ngaranna, dumeh kabawakeun ku etika anu kaprah ditarima ku masarakatna harita. C.M. Pleyte upamana, sok tara poho njēbutkeun saha anu mantunkeunana, ti daerah mana, taun saba-raha. tukang naon djeung saha djurupantun djeung anu njatētkeunana djeung sadjaba ti eta, bane dunja sastrana Pleyte anu sumbērna dina tradisi elmu urang barat miboga kabiasaan tjara kitu ! Da lamun seug Pleyte teu kungsi wawuh kana etika sastra Walanda atawa barat mah, meureun moal-moal atjan urang teh kiwari wawuh kana ngaranna ! ..

Duka nurutan urang kulon, duka ku rasa-gandjen (kēnes), ka behdieunakeun mah nu narulad nu njaralin wawatjan ti nini atawa ti akina teh sok make pasang merēk sagala. Naha ieu teh ku lantaran pangdjurung kadjudjurran ? Kuring teu tērang. Ngan lamun njoba-

njoba njasaran alam-pikiran djeung kadjiwan Sunda mangsa harita, kuring leuwih tjondong pikeun njangka jen anu ngadorong nu narulad pasang merék teh rasa-gandjén tea. Rasa-gandjén nu sumberna dina sipat djéléma nu salilana sok hajang kaaku atawa hajang meunang pangakuan. Rasa-gandjén nu mudal tina kasadaran jen sorangan mah gabug, nja sangkan kaaku teh ngabontjeng ka beunang batur. Nja rasa-gandjén pisan anu ngalantarankeun sawatara „sastrawan” masang djénèngan, biasana mah dina tungtung wawatjan, něpi ka rea nu njangka nja anu kagungan djénèngan eta anu ngarang eta wawatjan teh. Padahal teu mustahil ngan saukur nulad.

Kagandjén djeung kahajang supaja ngaranna dihubungkeun djeung tjiptaan sastra anu lana umurna, njababkeun sawatara djalma anu njepéng kakawasaan „ngaburuhkeun” nganggit dangding ngareka wawatjan ka nu lian. Eta wawatjan teh di ditu di dieu dirobah sautak-saeutik ku nu njepéng pangkat tea, tuluj diaku anggitanana ku andjeun. Ari nu nganggitna mah tjukup ku ditjéjtjép sawatara puluh atawa ratus rupia ! Teu madjar kumaha, da etika sastra mangsa harita saluju djeung etika pakumbuhan Sunda feudal ! Nu nganggit lain bae ngarasa bungah lantaran geus meunang panjéjtjép nu tjeuk djaman harita mah leuwih ti lumajan, tapi pangpangna mah ngarasa bungah dumeh hasil pagaweanana geus „kaanggo” sarta „kamanah” ka nu djadi dunungan ! Nu matak ulah heran lamun aja bedja jen anu nganggit wawatjan *Pandji Ulung* teh saenjana mah lain panghulu-besar H. Muhammad Musa, tapi salah sahidji kalipah anu kungsi ngadunungan ka djuragan panghulu-besar.

Sabada pakumbuhan Sunda (kum djeung dunja kasusastranna) beuki gede kapangaruhan ku tatatjara urang barat, rea adat-adat kabiasaan karuhun nu di-

tinggalkeun, diganti ku kabiasaan urang alak paul, ti sabrang lautan-kaler. Pantalon ngaganti samping, medja-korsi ngaganti samak djeung lampit, sapanu ngaganti gamparan djeung sadjabana deui. Atuh dina dunja sastra, parobahan-parobahan etika teh kasak-sen deuih.

Nu pangnjatana, ngaran anu ngagarap dipasang dina kulit-buku. Apan tadina mah ngaran nu ngarang atawa nu nulad teh tjukup disēlapkeun dina tungtung, malah biasana mah disēlipkeun dina dangding panung-tung mangrupa tatarutjingan anu pada nešabkeun mi-nangka salah sahidji tanda kamainpuh kabinangkitan nu ngarangna. Tanda kabudjanggaan malah !

Anu dipasang dina kulit-buku atawa titel-pagina teh mimitina mah nja ngaran nu ngagarapna bae. Rea pangarang anu nialin tira buku-buku basa lian, unama-na tina basa Malaju, Diawa, Arab djeung Walanda. Kadijaba ti eta rea anu nganggit tina tjarita-tjarita rabajat Sunda nu kamashur upamana wawatian *Lutung Kasarung* ku Engkawidjaja, wawatjan *Tjium-Wanera* ku M.A. Salmun djeung rea-rea deui. Tapi umumna mah nja tiekup ku pulang ma'lum ti nu maratia, da langka atuh aia katrangan dimuat dina buku, boh dina katia-djudul boh mangrupa bubuka atawa katrangan sakadarna itung-itung panganteur. Tapi meureun dumeh ku geus ilahar kitu, tara dijadi tiarita. Teu kua-kieu, da etika sastra Sunda mangsa harita nganggap jen cta kabiasaan teh hënteu hina sumawonna salah atawa goreng mah. R. Satjadibrata djeung R. Memed Sastrahadiprawira nganggit wawatian mangpirang-pirang buku laleutik nulad tina *Mahabharata*. R.A. Martanagara nganggit wawatjan *Batara Rama* djeung wawatjan *Angling Darma*. Kitu deui para pangarang lian rea nu nganggit wawatjan dina basa

Sunda nulad tina wawatjan-wawatjan atawa tjarita-tjarita Djawa, upamana *Damar Wulan*, *Pranaljitra*, *Tjentini* djeung rea-rea deui.

Lamun seug urang kiwari make tasma etika sastra nu ilahar ajeuna „ngalandrat” eta para pangarang, meureun rea pisan „sakitan” anu kudu dipariksa teh. Tapi naha ēnja eta para „sakitan” teh ngalakukeun kasalahanaan kalawan ngahadja ? Hartina kalawan sadar sarta ngahadja bari tērang manehna njokot kauntungan pikeun dirina pribadi (boh moril boh materiel) nu ngarugikeun nu lian ? Tjeuk kuring mah hēnteu. Kituna teh awahing geus djadi kabiasaan, mangrupa etika anu disahkeun ku dunja sastra Sunda mangsa harita bae. Teu mustahil hēntcu-hēnteu atjan tērangeun para pangarang Sunda harita mah kana ajana etika anu ngudukeun njēbut sumbēr djeung bahan-bahan dina karangan ! Tjara urang Baduj dahar daging bagong naha bisa dikeunakeun hukum-haram sara Islam ?

Memang, soalna mah soal leutik, soal gampang deuih. Teu pira ngan njēbutkeun sumbēr djeung katrangan sakadarna ngeunaan asal-usul karangan garapanana tea. Tapi meureun para pangarang mangsa harita mah lamun harita ku urang dielingan teh, kalah ka bakal malik nanja bari kērung teu ngarti : „Na keur naon ? Da moal kua-kieu ieuuh !” Moal beda tjara urang Baduj nu malik nanja ka urang : „Na da tjeuk ngaing mah ngeunah !” Sabab, etika sastra mangsa harita hēnteu njalahkeun, hēnteu ngabeuratkeun lampah kitu. Malah geus prah, dianggap lampah anu geus djadi kabiasaan nu sah.

Tapi memang, sawatara sastrawan Sunda ge aja nu ngarasa teu sugēma batinna ku kabiasaan kitu teh. Sanadjan hēnteu nēpi kana lahirna hukum-tinulis anu dirumuskeun satjara juridis, tapi hēnteu kabeh sastrawan Sunda daek adeau ku kuda beureum. Hēnteu kabeh sastrawan Sunda djēro-djērona mah bisa ngarasa

agul ku banda batur. Moh. Ambri upamana dina buku-buku saduranana salilana ngagunakeun istilah „dipasieup” atawa „direka” upamana dina buku *Buah Koldi* djeung *Palika Djeung Djin* anu didasarkeun kana tjarita Arab Klasik *Sarebu Samalém*. Tapi ari dina karanganana nu asli mah tjukup ku ngagunakeun kētjap „ku” atawa „karangan” bae, upamana dina *Lain Eta, Burak Siluman, Si Kabajan Djadi Dukun* djeung lian-lianna. Atuh dina salinanana (tardjamahan) etjes atra njebutkeun asalna, upamana dina *Pé-péndéman Nabi Sulaeman* beunang H. Haggard, *Napsu Nu Anom* beunang Adinegoro. Kitu deui R. Memed Sastrahadiprawira make nulis bubuka sagala nérangkeun jen aslina tjarita *Trésnasena Djeung Nji Putri Sédihasih* teh asalna ti Eropa, *Tristan djeung Isolde*. (Djadi istuning piténah bae anu njebutkeun magar Memed hënteu njebut sumbér teh !)

Istilah anu biasa digunakeun pikeun buku-buku nu lain tjiptaan asli, kadjaba ti „dipasieup” teh osok oge digunakeun istilah „direka” atawa „rekaan”, „dianggit” atawa „anggitan”. Ngeunaan eta istilah urang tangtu bae bisa pasea papandjangan. Nu kumaha nu disebut „sieupan”, „anggitan”, „rekaan”, „sanglingan” djeung nu kumaha nu disebut „saduran”? Boh „sieupan” boh „rekaan” umumna mah ditapsiran saharti djeung „saduran”, ngan ari „anggitan” biasana husus pikeun tjiptaan nu mangrupa dangding atawa wawatjan (sakalian ngaliwat: nganggit dangding atawa wawatjan ge sanadjan rangka tjaritana geus njampak, mangrupa kabinangkitan husus dina sastra urang nu kudu diadienan satjara mandiri deuih, teu bisa disaruakeun kitu bae djeung „saduran”).

Naon karah atuh nu disebut „saduran” teh ?

Népi ka kiwari atjan aja ahli sastra atawa nu ngakuun maneh ahli sastra Sunda anu kungsi ngadefinisikeun istilah-istilah tea kalawan bisa ditarima ku

akal waras. Naha masih keneh kaasup „saduran” lamun Moh. Ambri njaritakeun lalampahanana njaba waktu pakansi ka Tjilautereun winangun buku nu didjudulan *Numbuk Di Sue* pedah kabéneran aja pangarang lian nu njaritakeun lalampahan barudak Eropah pakantji ka basisir? Naha masih keneh disebut „saduran” lamun Moh. Ambri ngagambarkeun manusia Sunda katut kapertjajaanana ka nu garaib, sarta kabéneran aja pangarang (ethnolog?) anu kungsi nulis keun soal-soal kapertjajaanana urang Sunda satjara ethnografis? Lamun anu ditataan bieu disebut „saduran”, atuh buku Rosihan Anwar nu ngalalakonkeun lalampahanana munggah hadji ka Mëkah dina *Mendapat Panggilan Nabi Ibrahim* oge mangrupa „saduran” tina buku penuntun manasik hadji! Kitu deui, atuh roman Utuy T. Sontani *Tambera* oge mangrupa „saduran” tina buku *Sadjarah Indonesia* beunang Sanusi Pane, da dina eta buku oge disabit-sabit bab badaratna urang Eropa nu mimiki ka kapuloan Banda. Tapi lamun énja kitu teh, meureun urang disebut burung. Komo lamun urangna bari djeung ngaku-ngaku hajang sagalana satjara ilmiah-pengetahuan tinggi, agul-agul ngaku djudjur!

*Tambera-na* Utuy teu bisa disebut „saduran” tina buku sadjarah Indonesia, lantaran buku sadjarah mah biasana digolongkeunana kana buku-buku pangawéruh (teu paduli handap atawa luhur adjenna), ari *Tambera* mah mangrupa roman anu digolongkeun kana hasil sastra. Ajana sasaruaan antara dua hasilipta, ulah pon anu lapangan djeung katégorina beda-beda, dalah anu papada salapangan oge. Tatjan tangtu bisa disebut salah-sahidji „njadur” atawa „maling” nu lian. Tjinta mangrupa tema klasika dina sastra, anu dipikarésép ku para pangarang di sakuliah dunja. Variasi kana tjinta sutji, sok timbul tjinta-ségi-tiga, anu oge mangruma tema klasika anu dipikarésép ku kumna para pa-

ngarang sakuliah djagat. Tapi sanadjan pada-pada njaritakeun tjinta nu kahalangan ku nu lian něpi ka han-teuna, *Djajaprana* teu bisa disebut „saduran” *Pranatjitra*. Sanadjan pada-pada njaritakeun birahi ka indung nu kungsi ngakandung. *Oedipus* teu bisa disebut „saduran” tina *Sang Kuriang Kabeurangan*. Kitu deui teu bisa urang njebutkeun Shakespeare njadur *Tjandra Kirana* djadi *Romeo Djeung Julia*, sanadjan duanana pada-pada njaritakeun nu sili-pikatjinta kalélbèn něpi ka teu warasna. Padahal toh kabehanana oge pada-pada salapangan : sastra !

Nu penting dina hasilsastra mah njacta něpi ka mana djeung kumaha kamampuh pangarangna dina ngahirupkeun djeung mere „ruang” katut „djaman” (space and time) kana tjitjiptanna tea. Tjinta tema nu umum dina kasusastran dunja, tapi masing-masing tjiptaan Shakespeare djeung Walmiki katut nu liannianna geus hasil njiptakeun ruang djeung djaman kana tjitjiptaanana, ngahirupkeun tokoh-tokohna, něpi ka masing-masing mangrupa hidji dunja anu mandiri.

Nja ku lantaran njakseni kamampuh Moh. Ambri njiptakeun ruang djeung djaman dina ngahirupkeun tema tjinta nu klasika dina bukuna *Lain Eta*, kuring mah njebutkeun jen eta buku teh enja tjiptaan Ambri. Memang teu mustahil samemeh nulis *Lain Eta* teh Moh. Ambri kungsi matja *Salah Pilih* beunang Nur Sutan Iskandar (sanadjan ngeunaan ieu hal oge kudu ditalungtik heula mana nu ti heula ditulis djeung bénér-hénteuwa eta sangkaan) sarta teu mustahil nu matak Moh. Ambri nulis *Lain Eta* nja kailhaman ku *Salah Pilih*. Tapi keur kuring mah henteu djadi soal ku hidji ku dua. Kahidji ku lantaran „ruang djeung djaman” *Lain Eta* mah kahirupan urang Sunda anu taja sasa-ruzanana djeung „ruang djeung djaman” *Salah Pilih*. Kaduana, ari *Lain Eta* mah mangrupa hasilsastra nu luhur adjenna, ari *Salah Pilih* mah ngan něpi kana

harkat batjaan panglipur.

Babandingan nu tjara kitu bakal kasaksen lamun urang njaruakeun hidji „drama saanu babak” beunang Erich Kästner, salah saurang pangarang Djerman anu tērdjémahan Indonesia kungsi dimuat dina madjalalah *Pemuda Masjurakat* taun 1953. djeung hidji „drama saanu babak” beunang M.A. Salmun, salah saurang pangarang Sunda nu ngakukeun andjeun djudjur sarta salawasna tara lali njébutkeun sumbér-sumbér karanganana, anu kungsi dimuat dina madjalalah *Tjandra* taun 1954. Dina dramana Kästner njaritakeun pangarang Kästner diuk di hidji restoran ngabandungan hidji djadjaka akon-akon ka bebenena jen wawuh pisan ka pangarang Kästner, malah loma katjida. Teu térangeun ieu h jen anu ditjaritakeun teh ngabandungan teu djauh ti dinja. Atuh nji modjang nu sigana mah rèsép kana karangan-karangan tjiptaan Kästner, agul dumeh wawuh ka djalma nu wawuh ka pangarang pupudjanna. Tapi nu agul Bandung teh katohjan, dumeh pélajan restoran njaur Kästner kana telepon. Ari drama saanu babak M.A. Salmun mah kadjadianana teh lain di restoran, tapi dina dareksi karetaapi, waktu sang budjangga Sunda nu mojan tea angkat ka Bandung bade ngaluuhan Kongres Basa Sunda nu munggaran. Oge aja pasangan modjang djeung budjang nu diuk papajun-pajun djeung sang budjangga. Oge sang budjang akon-akon wawuh pisan ka sang budjangga, teu térangeun ien sang budjangga tjalik di bangku hareupeunana nu ku manehna disangka éntjek nu sare bae. Tapi ieu mah katohjanna teh lain dumeh aja pélajan nu njaur kana telepon, tapi pedah aja baturna nji modjang nu kabénérnan murid sang budjangga naek di Purwakarta. Tapi boh Kästner boh Salmun, dina tungtung tjaritana pada-pada happy-end.

Kuring mah moal njébutkeun jen Salmun „nurutan”

Kästner (bari djeung hënteu njëbutkeun sumbér-illiam-na), lain bae ku lantaran Salmun geus éntang-éntang-an ngakukeun-andjeun djudjur djeung salilana. tjë-nah meh tara lali njëbut sumbér-sumbér karangan-anan, tapi babakuna mah da lain teu mustahil Salmun tatjan kungsi matja eta karangan tea sok sanadjan mun teu salah mah andjeunna kungsi ngabantu madjalah *Pemuda Masjarakat*. Ngarasa handjakal soteh kuring mah ku lantaran karangan Salmun tea hënteu nëpi kana adjen sastra, hënteu tjara Memed Sastra-hadiprawira njadur *Tristan djeung Isolde* djadi *Trësnascna djeung Nji Putri Sëdihasih*. Nu nondjol katem-bong dina karangan Salmun mah, ngan rasa-reueus-ieu-aing-budjangga-na bae.

Tjindékna, dina dunja kasusastran teh aja etika (sastra) anu tjara dina pakumbuhan djeung lingkungan-lingkungan lianna, barobah nurutkeun kamëkaran djaman djeung alam-pikiran para anggahota pakumbuhanana. Unggal djaman iniboga etika nu teu sarua, ku lantaran eta atuh urang oge teu bisa njalahkeun atawa manghandjakalkeun aki urang nu hirup opat-puluh taun ka tukang make këresa dibëndo-tjitak sarta disindjang — naha lain pantalon bae? Padahal apan soalna mah soal leutik, — malah ngarah irit djeung praktis mah mënding pantalon apan! Urang teu bisa njëbutkeun jen para sastrawan urang baheula hënteu djudjur ngan ku lantaran dina karangan-karanganana tea kurang atawa tara njëbutkeun sumbér-sumbér karanganana tea, tjara urang oge hënteu bisa njëbutkeun aki urang baheula teu bisa mikir ekonomis sarta praktis ku lantaran hënteu dipantalon.

Djatiwangi Oktober 1962.



## PETIKAN SURAT-SURAT

I. KA DRA M.W.

Djatiwangi, 6 Djuni 1961.

Teh,

Da bongan pasini teu ngadjadi, atuh dongkap-dongkap teh dérékdék weh ngadamél ieu sérat. Sanes taja katjape, nanging ḑngke wěngi, endjing sarěng endjing wěngi mah bade laladjo wajang. Bilih djadi kaluli-Juli.

Pérkawis kaabotan Teteh kana tjarana njérat *Beber Lajar!* tea, memang parantos kaérong ti anggalna. Maksad teh, kaabotan kana tjara kitu, bakal mangrupi reaksi anu mimiti. Malah ieu sual teh, tos rada séring oge dipadjukeun ku rerentjangan nu sanes, dipadung-dungkeun. Salangkung mah psikologis-didaktis memang lěpat, lir anu ngagébah nu matja sina antipati.

Nanging sawangsulna, tjeuk emutan mah, etang-etang kopi pait atanapi tjuka atawa rudjak-lada. Atuh anu tahan matja dugi ka tamat, ngartos kana alésan-alésan anu pérnahna aja di tēngah (*Njingkabkeun Sawewu*) reumbaj tjipanon ugaraoskeun ni'matna angin ngahiliwir nu tiis mepes karingët. Sawangsulna, anu teu téras, anu téras ngalungkeun eta buku kana karan-djang-runtah samemeh tamat, bakal kokodjajan dina kangewa-katjeutjeub anu ngadaglég di manehna sorangan.

Nanging, sok sanaos kitu, kritik ti Teteh kalintang katampina, meureun anu disébat katampi ku asta kalih kasuhun dina ḑmbun-ḑmbunan tea.

Upami Teteh kérësa sarěng aja waktos mah, sae disératkeun bae mangrupi pokok-pokok masalahna. Teu kédah dikintunkeun bilih teu aja waktos atanapi pasalingsinan, nanging supaja upami sakali mangsa urang tēpang, tiasa dér diguar. Kintén-kintén ping lilikuran

maksad teh bade ka Djakarta, tangtos mĕrjogikeun nĕpangan.

Kitu deui, upami aja nu sanes anu palajeun maos mah, mangga bae, da nu mawi disĕrat ge batjaeun. Atuh tatjan tangtos kaluar ditjitak, ajeuna anu tos mangrupi naskah tiasa diaos, sina tatalepa.

Babakuna mah hojong tĕrang kumaha reaksi umumna ti sing sakur anu maraos eta naskah. Margi, sapertos anu disĕratkeun dina panganteurna, naskah sapertos kitu teh mungguhing pikeun urang Sunda dina basa Sunda mah nja anu munggaran pisan.

Eta naskah hĕnteu mangrupi hasil studi, nanging langkung mangrupi kĕmpĕlan sĕrpihan-sĕrpihan idea ngeunaan kasusastran sarĕng kabudajaan Sunda umumna. Eta idea-idea tea, da bubuhan sĕrpihan-sĕrpihan, hĕnteu buleud-gĕmblĕng tuangeun anu parantos kantun am, nanging bahan-bahan emutaneun sing sakur urang Sunda anu neundeun katineung kana pikahareupeun nasibna. Tema dasarna : Ngadjak rantjage, ngadjak aktif milu ngemutan. Da pikahareupeun ki Sunda teh hĕnteu tiasa dipasrahkeun digarap ku saurang atanapi sawatara urang bae, nanging kĕdah ku sagĕmblĕngna urang Sunda. Satungtung aja keneh kasadaran urang Sunda kana eksistensi dirina minangka urang Sunda. nja poedjaga ki Sunda teh tjaang padang. Sawangsulna, amun sagĕmblĕngna urang Sunda silih-andĕlkeun, nja lapur, da upami dipasrahkeun ka djalma-djalma mah, keuna ku owah gingsir. Nja ieu pisan anu satjara mutlak ditolak : mandahong-ismeu. Da anu maniadahongan anu djalma-djalma anu keuna ku owah gingsir tea. Malah anu salĕrĕsna mah hirup dina hidji angĕn-angĕn anu taja dasaran ! Anu ngan wungkul ditundjang ku salah-sangka sarĕng salah-harti.

Eta naskah mangrupi kēmpēlan karangan-karangan anu disérat dina waktos anu hēnteu kontinju, diadjangkeun kangge kapérēluan anu beda-beda, atuh tangtos karaos hēnteu buleud.

Ieu mah, sakali deui Teh, sanes nolak kana kritik Teteh tea. Sanes mangrupi panto nutup-diri. Ieu mah nu mawi disératkeun ge, supaja djadi bahan emutan-neun Teteh dina majunan eta naskah. Kumaha kritik Teteh ajeuna saparantosna disarungsum ku eta katrangan? Tah eta nu hojong tērang teh. Salamina tangtos ditampi ku astakalih!

Tuh geuning, teu karaos deui, sērat teh pandjang weh. Tos ah.



Tawisna,  
*Ajiip Rosidi*

Djatiwangi, 17 Djuni 1961.

Sarēng hormat,

Sanaos sanes nēmbe sakali, nanging sērat teh nu kamari mah make ngalalana heula. Antawis Djatiwangi sarēng Djatibarang sok pahili, atuh katambias ka tatar kaler. Nanging hēnteu dugi ari ka basisir mah, kabudjēng dika-girangkeun deui. Djadi weh rada tēlat dugi ka nu dialamatanana.

Keun we da teu burung nèpi ka anu ditudju, atuh eusina, teu pikaboséneun, pilakadar dua katja, dipinuhan ku aksara tjararang-arageung, benten saréng tapak kétikan anu ngentep laleutik tjara ieu. Keun we nu disératana nundutan ge, sina dikana karandjangkeun, asal ulah diwartoskeun we, ari dipitjeun di Tasik mah da moal katangen ti Djatiwangi.

Sumuhun, harita mah Sdrk. R udur, sapertos kalasi kapal Mary Flower tea, kirang bungbuahan di nagara anu tjeuk anu kagungan nagarana (Bung Karno ka para tatamu nagara) tjénah mah pangpundjurna dina pérkara bungbuahan, boh matjémna boh seueurna. Tapi ari basa sérat dongkap mah, boa Saderek R. parantos damang. Ngan kuring waktos matja sérat teh rada ngingsreuk, da katébak angin anu unggal dinten teu aja lélérna, ngahiuk tarik, ari poe katjida nongtorengna, meh taja bedana saréng di Djakarta. Ari endjing-endjing, njétjép kana tulang-sandi, angin katiga anu béréwit mawa panjakit. Ieu sérat ge teu kaur ladju, meusmeus kasélang ku batuk, Pagébug flu puguh ge.

Wiranta teh, ana njérat kabehdieunakeun mah sok nganggo sandiasma Tjaraka, ngadamel tjarita pondok sararae dina madjalah *Sunda*, taun 1954; kantos kenung hadiah LBSS dina pasanggiri ngadamel tjarita pendok (1955). Dina mangsa samemeh pérang ge parantos seueur njérat, boh dina basa Indonesia boh basa Sunda, antawisna sababaraha roman kaluaran kantortjistik (istilah kangge „penerbit” alam harita) partikélir, nu rada „kabéken” teh nja *Isukan Kuring Digantung*.

Teu kédah ngalépatkeun andjeun, sanaos ngaraos kaluaran B-I Basa Sunda ge, da bubuhan guru-guru B-I, Fakultas Sastra & Basa, FKIP djurusan Sunda sareng sanes-sanesna mah, moal aja anu neundeun katinéung kana kamékaran sastra Sunda di saluareun B.P.,

kitu oge anu kamanah ku „gupērnēmen” sarēng anu saluju sarēng patokan anu parantos disahkan ku manda-hong „ti dituna”. Ari Tjaraka, Joehana, Muh. Sanoesi, sanaos buku-bukuna teu kawon ku buku-buku kaluaran B.P. (kadjabi Ambri), didjēbian da „basa”na tjēnah mah teu bērēsih. Kumaha badena atuda ngadjenan sastra, ari sotja sarēng atina kapeungpeukan ku rēsep ngadangding?

Ku margi eta, jakin pisan, jen upami teu atjan dirobih djalmi-djalmina atanapi sistim pangadjaranana mah, teu aja gunana tah djurusan basa & sastra Sunda teh. Da buktina djurusan sastra & basa Sunda ari nu kudu digugulung ku para mahasiswa ngan Sangsakerta, Djawa Kuna djeung Arab ! Nu kēdah nērangkeun sarēng ngawulangkeun basa Sunda, tara kērsa pangangguran nitenan ngangge sistimatika ilmiah, tapi ngadjisaka bae, dikēdokan (sanes di kēdokan) nu pseudo-ilmiah, disahkeun ku tjap kamantren sarēng tandatangan mēntri.

Teu aneh mun mahasiswa teu rea teh, da anu ngarti mah meureun pada milih djurusan nu sanes. Komo da taja pisan katingal gunana anu langsung, boh keur masyarakat boh keur manehna pribadi (ditingal tina djihat finansial sarēng efek sosial).

Tuh, ana geus nēpi ka palēbah eta, ngabangblang, hajoh weh disangka sentimen, ngahileud peuteuj, kasi-rihan, sirik-pidik, hiridēngki !

Teu-teu atjan kējēng salērēsna mah njaritakeun hal eta. Da asana teh geus bosēn, narimakeun maneh, kabētjus ngan „ngiritik”. Bēt tjara nu gelo, gogorowokan sorangan.

Kaubaran ku urang Tasik. Dina sēratna atuh diupahan, sasatna dihutjuhkeun. Ari kamari waktos ka ditu, tēpang sarēng Kang D, njaurkeun tjēnah aja sé-sébutan „basa Ajip”, njaeta basa nu ramidjud tea, anu

kamalajon, matak njentug kana manah djuragan guru basa Sunda. Tapi nu matak bungah mah, saur andjeuna deui, bêt djadi nimbulkeun kawani nu lian, anu harajang narulis dina basa Sunda ngan samemehnu sieuneun basana disalahkeun.

Ari basa mah da parabot pikeun nêpikeun. Alus tjeuk saha goreng tjeuk saha. Kumaha manusana, Ari manusana tea apan barobah ti mangsa ka mangsa. Urang Sunda basa make bëndo mah basana ge beda, ari kiwari bëndona ge geus teu prah dianggo, paingan basana ramidjud tjeuk djalma anu mimiti hidëng ma-make bëndo mah. Da pikeun barudak anu hirup kiwari mah, nja basa Sunda nu ramidjud anu pangplastisna ngagambarkeun masarakat Sunda kiwari teh : masarakat ramidjud ! Nja basa anu ramidjud anu bakal mangrupa gambaran kërëtëging angën urang Sunda kiwari mah,

Tapi na da ari ngabandungan batur njarita mah asana teh basa sorangan teu ramidjud-ramidjud teuing. Sahénteu-hénteuna, ku basa anu tjénah ramidjud, anu tjénah saaja-aja, bisa ngédalkeun kërëtëging ati sakarépna. Ah, hënteu ketang, tétèp wae sok rundagrandég, da bongan tadina geus dibiasakeun mikir ku basa „Malaju”. Sanadjan ari dina lingkungan sadidintén mah sok nganggo basa Sunda bae (tapi basa Sunda tapélwatés tea !); tapi da sasatna ti barang diadjar njusun këdalkeuneun dina basa Indonesia, atuh sok magolna teh dina neangan pisundaeunana salah sahidi j këtjap Indonesia. Padahal mun diemut-emut mah, sanes këtjap Sundana anu këdah kapéndak, tapi susunan pikiranana këdah di-Sundakeun. Dirobih. Tangtu bae kagok ngédalkeun pikiran dina basa Sunda, ari susunanana (pikiran katut kalimah-kalimahna) nurutkeun papagon basa Indonesia mah. Tjontona, basa Sunda *Sipatahoenan* (katja I & II-na), nu meh njéples

njalin tina basa Indonesia sakētjap-sakētjap. Népi ka populer djadi panggeuhgeujan : „Tentara beuki lila beuki lalaj, ari gorombolan beuki lila beuki ganas ...”

Ari mimiti katadji njérat dina basa Sunda, nja ku pasulangkrahna pasualan-pasualan anu menta diberesan. Nja njérat artikél-artikél saréng esej. Sakapeung-kaeungeun njérat puisi, pedah tjeuk emutan, basa Sunda mah babakuna basa puisi !

Ari tadok inah, tatjan dipirutjaan dina basa Sunda. Malah da asana mah teu pérélu. Dugi ka ajeuna aja djourodjoj emutan njérat tjarita dina basa Sunda. Eta oge njalin Saroyan digugudjög ku Rs kédah ngahang-keutkeun kope pikeun madjalah anu diantosan ku pér-tjtakan. Atuh tangtos tea bae, padamélan gurung-gusuh. Keur mah njalin tina basa deungeun anu hénteu wanoh sadidintén, kana basa Sunda anu harita mah masih matak luut-leet kesang ari njérat teh. Atuh teu mustahil langkung ti ramidjud ! Da upami ajeuna di-batja deui teh, asa teu kaharti. Harita mah, upami njérat dina basa Sunda istuning matak wégah, kesang badag kesang lémbut kaluar teh sanes babasan ! Nja eta pisan margina, waktos ngéтиkan deui sératan-sératan anu ti pajun pikeun *Beber Lajar!* tea, sadajana dirombak, dirobih, digéntos samasakali.

Nja dina ngarombak, ngarobih eta karangan, sumangét anu tadina asa deuk lempes teh hurung ngagédur deui : hirup beuki bétah. Euleuh geuning susuh rek bétah teh ! Tadina mah asa enteng, aja sepuh nu mapatahan : ..Ari djampe hirup mah gampang, sing bétah !” Na da ari prakna mah matak ..... teu bétah ! Abongkena manusia mah barang brol ka dunja teh tjeurik ! Sakapeung mah mikir-mikir, na goakna tjeurik djabang anu némbe dilahirkeun teh pér-tanda kasédih, kanjéri, kabalangsak dunja ? Tanda jen saénjana mah manusia teh émbung hirup di dunja ?

Da eta bae, tatjan katjaritakeun aja budak anu lahir imut atawa seuri.

Ari bētah ngan ka nu parantos kalangkung mah, sanes bētah atuh pibasaeunana teh : Tjai mulang tjai malik tea. Tapi da balik-balik ka mēndi ? Mulang-mulang ka mana ? Na di mana urang teh nja bandjar-karang pamidangan nu pituin ? Kubur ? Eta mah dadamelan nu harirup ! Dipalidkeun, diduruk, dalah ditjatjag-diwalang-walang nēpi ka bubuk oge sami bae. Upatjara ngubur mah, meureun usaha nu harirup sangkan rada bētah di dunja ..... ngabēbērah maneh ! Taja bedana djeung abring-abringan ka bale-njungtjung. Atanapi budak sunatan. Atanapi ngawajangna pisan.

Euleuh katētērasan. Sami bae : ngabēbērah maneh supaja bētah ! Supaja gēnah, memeh ingkah.



Sarēng hormat,

Kamari teh ka Djakarta, kenging tilu wēngi. Teu laini. Sanes ku margi Djakartana, kitu deui sanes bade ngadongengkeun nu sanes-sanes, ngan sakaeut mah kantos ngumbara mangtaun-taun di Djakarta, tatjan kantos njaksian nu ngurēbkeun majit.

Atuh ka pakuburan, ari sēring mah sēring ngalangkung, nanging da raraosan tatjan kantos panganggruran ngalanglangan. Ongkoh ngalanglangan saha !

Sonona,

*Ajipt Rosidi.*

Na da ari kamari mah, basa di Djakarta mung tilu wéngi tea, ngangge njaksian nu ngurébkeun majit sagala. Ari nu dikurébkeunana, duka teuing saha, teu wawuh-wawuh atjan. Ngan siga nu ngahadjakeun, da make dua kali ka Karetna oge : Sakali tatjan dongkap pasaranana, atuh dius dibudjéng ka bumina, kasampak keur diangkat rek dikanamobilkeun.

Sabot njaksian nu ngurébkeun, téras ngupingkeun nu matja télékin, ras emut kana bagian panungtung sérat anu némbe dikintunkeun ka dieu. Enja, karasa pisan, sagala upatjara teh istuning ngan pikeun ngahébéräh nu harirup wungkul. Kulawargi (sigana mah putrana) almarhumah, ditariung-ditjarindung, atuh sotjana tjarinukduk, bareureum, meureun ku lantaran seueur teuing nangis dumeh ngaraos sédih dikantunkeun.

Samemeh djalmi-djalmi bubarán, tjélengkeung aja nu biantara, etjes něda-něda ka nu Maha Kawasa sangkan ahli-kubur ginandjar sawarga. Teu euleum-euleum, tjek hate, énjaan sigana harajangna ka sawarga teh ! Ari nu dikuburna mah duka, naha bëtah nahe hënteu di sawarga teh. Ngan tjeuk nu ngawangwang, bari hirup kench, mériénah djalma saleh djeung dipikatjinta ku sarerea (tjenah tjeuk ki silah dina bianturana) mandjing djadi ahli sawarga.

Dina mobil bari wangsl, saréng rerentjangan anu ngababantun ka Karet tea (da nja manehna nu ngadjak, kénaleun ka almarhumah waktos djuménéngna), gor-gar. Ari kuring masih kapangaruhan ku paméndak nu disératkeun dina bagian panungtung sérat ka dieu tea, jen kabudajaan teh usaha djéléma sangkan bëtah di dunja. Ari rerentjangan tea (tjara umumna djalan-pikiran para filusuf Eropah kabehdieunakeun) ngimpléngna teh tina „kasépian”, „loneliness”. Tjénah ge : „Manusa-manusa teh pikeun ngupahan kakeueung,

nja sok hajang ngariung, nja nareangan akal sangkan bisa tēpung lawung. Ari djiwa anu ludeungan mah. upamana para pionir, tara make upatjara, nu maot dikubur kitu bae, ku sorangan, satjara basadjan pisan."

Sigana bakal katutulujan ngobrol teh, upama mobil hēnteu pasaran dog sarēng mobil sanes anu disupiran ku kēnalan ki rerentjangan tea. Atuh rēg duanana pada eureun, prung deui aruplēk ngobrol, sigana geus lila teu tēpangna, katjiri tina ulatna nu katjida bungah tur sonocunana. Enja, tjeuk hate, rea kabētah teh ari aja batur mah.

Sabada parasini pikeun sili-andjangan mah, papisah deui bae djeung kēnalan ki rerentjangan teh. Atuh ngobrol teu ditēruskeun, da kahalangan ku tjau Radja Palembang („Radja Sirih“ tjeuk urang Djakarta, „Radja Tjēre“ tjeuk urang Bandung) anu arasak sarta sagēde-gēde nanahaon. Ditētēg mah, ēnja beuki bētah bae hirup di dueja teh. Paingan tjeuk Marx anu pangpētingna mah peudjit! Sanadjan beda djeung karuhun Sunda anu nganomēr-duakeun peudjit.

Tina tjau ras emut kana lulutjon dina *Landong Baeud* djaman baheula : Nu ngali lombang tea. Bilih lali, bade diturun tina emutan :

Nu naros : „Keur naon ngali lombang ?”

Tjeuk nu matjul : „Keur mēlak tjau.”

„Keur naon tjau ?”

„Keur dahareun.”

„Supaja naon ?”

„Sangkan aja tanaga.”

„Keur naon tanaga ?”

„Keur ngali lombang .....”

Sanes bulak-balik bekong, da salērēsna mah ieu teh saluju sarēng pu nadēgan sawatara sēniman dina lapangan kasēnian! Anu ngaranut paham l'art pour

l'art tea ! Apan tjeuk salah saurang séniman Prantjis gégédugna eta aliran : „Kuring mah nulis sadjak sotek ku lantaran euweuh gawe sedjen; ari kuring pangna euweuh gawe sedjen ku lantaran nulis wae sadjak . . . . .”

Ulah gumudjéng : Antara tjau saréng kasérian teh, sanes teu aja tali-tumalina. Sadajana masih dina hubungan sapaja bétah di dunja. Ngan handjakal seueur djalmi anu ngagarap padamélanana bari hénteu nge-mutkeun tudjuanana.

Ari tudjuan kakara etjes, upama mérénahkeun sagalana dina hubungan-sémesta, intégral manusa djeung kamianusaan sakumna.

Naon atuh tudjuan sastra saénjana ? Kana ieu pananjana djawaban kuring siring waswas, babakuna lamun geus langsung dihubungkeun djeung realita. Hartina : waswas, naha énja naon nu dipigawe ku sorangan teh sadjalan djeung tudjuan anu sok dirumuskeun ku kétjap-kétjap garagah-garinding ? Ieu kawaswas, ieu kamangmang teh sanes sakali dua kali, asana térus-térusan sapandjangna. „Naha énja bénér kitu ? Naha naon anu dipérdjoangkeun ku aing teh sapagodos djeung énjaná ? Naha lain ngan usaha nutupan diri ku kétjap-kétjap djeung sémbojan-sémbojan garagah ?”

„Na énja aing nulis teh ngan mangrupa usaha supaja bétah di dunja ? Na taja deui sabab djeung pangdjuring lianna ? Naon atuh motif anu saénjana ?”

Sapandjang djalan basa wangsurkeun ti Djakarta, matja *The God That Failed*, kumpulan tulisan para pangarang anu kungsi arasup kominis tapi ahirna kala-luar deui. Teu pati aheng, da ti anggalna geus bisa ngawangwang kumaha kira-kirana. Ngan aja utjapan Ignazio Silone (pangarang Italia : *Fontamara, Roti Djeung Anggur* djeung lian-lianna) anu nantjéb :

..Kamērdikaan teh nja kamungkinan pikeun mangmang, pikeun waswas .....

Djadi tjeuk Silone mah satungtung urang bisa keneh mangmang, satungtung urang meunang waswas, urang masih mērdika. Tapi tjeuk kuring, ari kamungkinan pikeun mangmang pikeun waswas bae mah, tatjan nembongkeun kamērdikaan manusa nu sadjati. Lēngkēpna kamērdikaan anu meunang mangmang teh, nja dina nangtukeun sikēp, nangtukeun pilihan. Djadi kadjabā ti kamērdikaan pikeun waswas djeung mangmang teh, nja kamērdikaan pikeun nangtukeun pilihan, pikeun nangtukeun sikēp. Salian ti meunang mangmang, oge wēnang milih.

Mērdika hartina miboga hak djeung kamampuh pikeun ngalakukeun pilihan. Hēnteu unggal djēlēma di unggal nagara miboga hak nangtukeun pilihan, tapi hēnteu unggal djēlēma anu miboga eta hak mampuh ngajakeun pilihan !

Nja kamērdikaan ngajakeun pilihan pisan anu ngabeuratkeun urang hirup di dunja teh. Pangeran masrahkeun sagēmblēngna ka diri manusa masing-masing pikeun nangtukeun sorangan pilihan hirupna. Nja ieu pisan beuratna njanghareupan hirup : sasak sirotelmustakim sapandjangna. Leuwih paur manan maut hinis, leuwih lēwang manan mapaj regang. Kabētah sorangan tali-tumali djeung kabētah nu lian. Kamērdikaan urang lain hartina anarchismeu anu tan wangēnan : Nja diwatēsanan ku kamērdikaan nu lian !

Sonona,

*Ajip Rosidi*

*UTUY T. SONTANI NJAWANG  
KAMEKARAN SASTRA SUNDA*

**BUBUKA**

Dina tanggal 10 Mei 1964, waktu ngarésmikeun diadékkeunana Lembaga Sèni Sastra (ditjindékkeun djadi Lestra, njaeta bagian sastra tina Lembaga Kebudajaan Rakjat atawa Lekra, nu mangrupa organ kabudajaan Partai Komunis Indonesia) daerah Djawa Barat di Bandung. Utuy T. Sontani geus mire tjéramah ngeunaan kamékaran kasusastran Sunda ti djaman buhun tugnépi ka kiwari. Dëmi djudul tjéramahna tea njaeta *Sastra Sunda Sebagai Djurubitjara Dari Dua Kebudajaan.*<sup>1)</sup>

Kuring mah hënteu hadir harita teh. Lain bae ku lantaran hënteu meunang uléman, tapi oge ku lantaran harita kabénéran keur lunta ti Bandung. Tapi ku pitulungna hidji batur, kuring bisa meunangkeun teks tjéramahna Utuy tea. Ongkoh da ari warta ngeunaan eta tjéramah djeung sawatara pokopikiranana mah, diumumkan din pers oge. Sawatara suratkabar Djakarta djeung Bandung, ngamuat pokopokopikiran tjéramah Utuy tea kalawan sensasional, ngagégédekeun pamanggih Utuy nu njébutkeun magar sastra Sunda kiwari teh keur ngalaman krisis.

Ku lantaran Utuy teh hidji sastrawan nu kamashur, nu ahir-ahir ieu aktif pisan di putjuk pingpinan Lekra djeung Lestra, tur pamanggih-pamanggihna ngeunaan kasusastran Sunda dianggap otoriter, padahal mah dina tjéramahna tea rea pisan hal-hal nu pabentar

---

<sup>1)</sup> Tulaj dimuat dina madjalah *Zaman Baru* th. 1964 bln. Nopembér.

djeung kanjataan, atuh kuring ngarasa pĕrĕlu ngama-djukeun pamanggih ngeunaan sawatara pamanggihna.

Sanadjan anu digcgédekeun ku pers mah njaeta pamanggih Utuy nu njebutkeun jen kasusastran Sunda kiwari keur nandangan krisis, tapi kuring mah nganggap leuwih hade malapah gĕdang, nuturkeun untujana pikiran-pikiran Utuy dina tjéramah tea.

Samemeh ngabahas pamanggih-pamanggihna tea. leuwih ti heula hajang mere kasang-tukang ku njatet sawatara fakta ngeunaan diri Utuy. Sabab tjeuk kuring mah, katjida pisan pĕrĕluna tĕrang ngeunaan nu mere tjéramah, supaja urang bisa leuwih gampang nuturkeun djalan-pikiran djeung pamanggih-pamanggihna dina tjéramahna tea.

#### SAHA ARI UTUY T. SONTANI TEH ?

Ari Utuy T. Sontani (nu saterasna mah rek disebut Utuy bae) teh, dilahirkeun di Tjiandjur dina bulan Mei 1920, djadi nĕpi ka waktu mere tjéramah teh umurna geus 44 taun. Mimitina nulis dina basa Sunda, antarana roman nu djudulna *Tambera* (1943) djeung *Mahala Bapa* (1943). Waktu Djepang ngéprik sakuna urang Indonesia sangkan ngagunakeun basa Indonesia bae, nja mimiti Utuy teh nulis dina basa Indonesia. Mimitina mah nulis sadjak-sadjak, tadok (tjarrita pondok), drama djeung roman. Karanganana dina basa Indonesia nu munggaran nu kungsi diiklankeun njaeta *Sjarepha*, tapi sigana mah teu kungsi mĕdal djadi buku. Bukuna nu mimitina dina basa Indonesia njaeta *Bunga Rumahmakan* (1948), *Tuluj* ditema ku *Suling* (1948), *Tambera* (1949), *Orang-orang Sial* (1951), *Awal Dan Mira* (1952), *Sang Kuriang* (1959), *Si Kabrijan* (1959), *Manusia Kota* (1960), *Seng Kuriang* (basa Sunda, 1962) djeung lian-lianna. Salian ti *Tambera* djeung *Orang-orang Sial*, kabehanana oge drama.

Drama-dramana rea nu ditulis dina wanganan tados atawa roman něpi ka matak rĕsep matjana, hënteu asa matja drama nu biasa. Nja Utuy nu mimiti nulis drama dina wanganan nu gënayah dibatja teh. Ku lantaran drama-dramana tea, Utuy dianggap salah sahidji pangarang drama nu pangproduktifna djeung pangkuatna dina kasusastran Indonesia.

Tema umum drama-dramana nyaeta krisis djiwa manusia sabada revolusi fisik di Indonesia, nu ku lantaran teu sugëmia ku hasil-hasil revolusi tea, tuluj neangan kakuatanana dina guha-dirina-pribadi mangrupa individualismeu. Kamékaran djiwa Utuy něpi kana individualismeu teh, atra katara dina tokoh-tokoh dramana. Dimimitian ku Pandji (dina *Suling*) nu idealitis ngaliwatan Iskandar (dina *Bunga Rumahmakan*), Awal (dina *Awal Dan Mira*), Suminta (dina *Sajang Ada Orang Lain*) něpi ka puntjakna dina diri Sang Kuriang (dina *Sang Kuriang*) nu ngabaidkeun sagala hal nu asalna ti nu lian. Si Kabajan oge mangrupa hasil kamékaran djiwa individualis pembérontakan Sang Kuriang kana pakumbuhan masarakat, da dina *Si Kabajan* mah, tokohna Utuy geus lain bae ngabaidkeun, tapi oge kalawan sadar ngaheureujkeun djeung nipi nu lian.

Dina karangan-karangananana tea, Utuy rea pisan ngabahas ngeunaan soal-soal nafsu seksuil nu njangkaruk dina djiwa manusia, nu katjida pisan ditondjol-tondjolkeunana. Mimitina hal eta teh samar-samar keneh kapanggih dina diri Pérëmpuan Pëngëmbara (dina *Suling*), leuwih tetela dina tokoh tentara dina *Bunga Rumahmakan*, tuluj dina *Dimuka Katja* djeung *Saat Jang Genting* (duanana dimuat dina buku *Manusia Kota*). Puntjakna pisan mah nja dina diri Sang Kuriang nu ngalamar Indungna sorangan kalawan sadar. Nja ku lantaran eta pisan, aja sawatara kritikus sastra Indonesia njebut Utuy katjida pisan gëdena kapangaruh-

an ku Sigmund Freud, hidji ahli psiko-analisis nu utama. Tapi eta panjēbut teh ku Utuy biasana mah ditolak. Utuy kalawan djudjur salilana oge ngaku jen manehna hēnteu rēsep neori, hēnteu rēsep kana teori sarta hēnteu rēsep matja buku. Lamun matja buku teh Utuy mah (tjeuk Utuyna sorangan ieu teh), sok tara nēpi ka tamat, da samemeh tamat oge, pikiranana geus miheulaan ka mana mah boa. Sok agul pisan Utuy teh ana njaritakeun jen tokoh-tokoh djeung masalah-masalah nu dituliskeun dina karangan-karangananana mah kabeh oge istuning hasilna sorangan ngagali tina kahirupan-njata.

Anggapananana kana revolusi fisik Indonesia, karasa sinis tapi didjēdjēran ku humor djeung djiwa-djēmbar, tjara nu katara dina tadok-tadokna nu dimuat dina *Orang-orang Siul*. Sari-sari pesimistis tjara dina *Awal Dan Mira*, Pramoedya Ananta Toer kungsi njebutkeun jen Utuy teh hidji pesimis-nihilistik nu pangutamana dina kasusastran Indonesia mah.

Utuy teh hidji djalma nu rēsep murukusunu, kukulutus ngeunaan sagala soal. Ana tjetjarita sēring humandeuar atawa ngabudalkeun kateusugēmaan ngeunaan kaajaan sosial, politik djeung lian-lianna. Sēring pisan kalawan demonstratif nembongkeun kateupadul-lianana kana politik, situasi sosial, kamasarakanan. Nēpi ka katopernakeun taun limapuluhan, Utuy salilina sinis kana politik djeung kaum politisi, kadjabalamun langsung ngeunaan diri djeung karier-sastrana.

Bisa djadi ku lantaran baheula ngamimitian karier-sastrana ku nulis dina basa Sunda, katineungna salilana gēde kana tulas-tulis dina basa Sunda. Rea nulis sadjak, tadok djeung bahasan nu dimuat dina madjalah-madjalah djeung suratkabar. Bukuna *Sang Kuriang mangrupa libreto* dua babak, mimiti dimuat dina *Sipatahoenan*, tuluj kaluar djadi buku (Djakarta, 1962).

Pamatēgan-pamatēganana ngeunaan kasusastran

Sunda, babakuna tipologina ngeunaan Sang Kuriang djeung Si Kabajan, neimbongkeun kaseukeut paningalna nu filosofis tur orisinil. Keur Utuy mah, Sang Kuriang djeung Si Kabajan teh ngawakilan dua tipeu manusia tjiptaan karuhun Sunda. Sang Kuriang daria, nu ..ngawangun sabada ngaruksak". Ari Si Kabajan djadi lalawanana, njaeta nu geus ..teu naon-naon". Nja ieu interpretasi pisan nu ngadasaran drama-dramana *Sang Kuriang* djeung *Si Kabajan* teh.

Ti mimiti taun gēnēppuluhan, Utuy djadi anggota pangurus pleno pusat Lekra. Ieu teh mangrupa hidji kamadjuan pikeun Utuy mah, lantaran sabada manehna diuk di dinja, aktif pisan ngajakeun tjēramah-tjēramah djeung nulis nu lain hasilsastra (drama atawa tadok), tapi esej-esej, nu rereana mah didadasarkeun kana pangalaman-pangalamananā sorangan. Aja hal anjar nu katingal dina karangan-karangananā tea, njaeta kiwari mah Utuy djadi rēsep neori sarta djadi gēde katineungna kana politik. Maksud teh, ajeuna mah Utuy hēnteu ngabaidkeun deui ngaguna-keun istilah-istilah, slogan-slogan djeung jargon-jargon politik. Dina tjēramahna tea, Utuy tērang-tērang-an njēbutkeun jen sēni kudu dipanglimaan ku politik.

Eta kanjataan-kanjataan teh keur kuring mah mangrupa hidji hal nu hade minangka tanda ajana proses kumēkaran djeung kamadjuan dina diri Utuy. Oge satémenna mah eta teh mangrupa djalan-kaluar tina baha ja buntuna ēnggoning ngali masalah-masalah nafsu libido seksuil manusa nu geus rēmēn teuing digajēm dina drama-dramana. Supaja meunang perspektip anjar, memang Utuy kudu ngadjēmbaran scopena. Pang-pangna scope kamasarakatan.

Mun teu kitu mah teu mustahil djadi mandēg, buntulaku, teu seubeuh-seubeuh ngagajēm masalah nu eta-eta kench bae, nu lain bae matak pikabosēneun nu ma-

ratja tapi oge teu mustahil matak bosěn Utuyna pri-badi. Ku lantaran eta katineung djeung aktivitana kana politik, nu kuduna mah mere scope-kamasarakat-an nu lěga-djēmbar, mangrupa kaměkaran nu pikagum-biraeun.

Aja deui pikabungaheun teh. Njaeta kanjataan jen saluju djeung nambahana djēmbarna scope-kamasara-katanana, ajeuna mah Utuy djadi rēsēp matja. Lain bae matja buku-buku sastra, tapi pangpangna mah buku-buku djeung madjalalah-madjalalah politik. Atawa madjalalah-madjalalah djeung buku-buku ngeunaan politik nu dikaluarkeun ku fihak kominis. Nja karēsēpna nu anjar tea nu njababkeun Utuy djadi mikarēsēp teori-teori djeung djadi rēsēp neori teh.

Nja dina tarap ieu pisan, tjēramahna ngeunaan kaměkaran sastra Sunda nu djudulna *Sastra Sunda Sebagai Djurubitjara Dua Kebudajaan* teh disusunna. Ku lantaran eta, sanadjan materina mah rea nu sarua djeung bahan-bahan nu geus dibahas dina tulisanana *Njawang Sastra Sunda Saliwatan* (1956 - 1958), tapi dina tjēramahna tea mah Utuy ngagunakeun spotlight anjar dina ēnggonging njaangan eta bahan-bahan teh, njaeta sikēpna nu sadar-politik, nu boga kredo rek „berpanglima kepada politik”, nēpi ka materi heubeul oge meunang tafsiran-tafsiran djeung surahan-surahan nu beda djeung nu ti heula, nja nimbulkeun pamanggih-pamanggih anjar.

## TEORI DUA KABUDAJAAN

Dina kalimah mimiti tjēramahna, Utuy ngamadju-keun hidji teori. Njaeta teori nu njēbutkeun „kesusas-tran Sunda itu sudah sedjak permulaannja memegang peranan penting sebagai djurubitjara dari dua kebuda-jaan jang ada di masarakat Sunda.”

Handjakal Utuy hënteu nganggap pérélu nérang-keun naon saënjana nu dipimaksud ku kétjas „kebudajaan” di dinja, sarta naon deuih maksudna nu matak njébutkeun jen aja dua kabudajaan dina hirupkumbuh Sunda teh. Tapi lamun kuring hënteu salah nguhartikeun tina tjéramahna satérusna, sigana nu dipimaksud ku istilah „kebudajaan” di dinja mah njaeta „kelas kemasarakatan”, „Kebudajaan atas” teh njaera „kelas kemasarakatan atas” sarta ari „kebudajaan bawah” teh „kelas kemasarakatan bawah”. Sanadjan kitu, kuring tatjan bisa nungtik teuing ti mana Utuy mulung istilah „kebudajaan” nu hartina sarua djeung „kelas kemasarakatan”.

Tapi teori mimiti nu ngabagi-bagi masarakat djadi pakalangan pérðjoangan kelas mah njaeta teori nu dipadjukeun ku Marx djeung Engels. Teu mustahil teori Utuy ge nja tina Marx pisan huluwotanna teh. Komo lamun seug tèrang jen Utuy teh ajeuna mah aktif di pangurus pleno pusat Lekra sarta dina obrolan<sup>2</sup> sering njébutkeun maneh djadi kominis-buhun, uhr-kominis mah.

Kaharti meureun, kaharti ku akal lamun teori Utuy teh saënjana mah tjangkokan tina teori Marx ngeunaan kamékaran pakumbuhan.

Teori Utuy ngeunaan dua kabudajaan taja lian tina njawang susunan masarakat djadi dua kutub nu papalawan pisan. Njaeta kelas nu njékél kakawasaan pararentahan nu diistilahan ku Utuy „kebudajaan atas” tea djeung kelas nu diparentah nu ku manehna mah disebut „kebudajaan bawah”. Da nu disebut djeung digolongkeun kana „kebudajaan atas” ku Utuy teh njaeta radja<sup>3</sup> Padjadjaran djaman baheula, kaum feodal djeung para bupati djaman Mataram, kaum kolonial Walanda katut para pagawena, para kiai djeung adjèngan dina djaman nagara Islam. Ari nu disebut

„kebudajaan bawah” nyaeta para patani, buruh, tjindékna rahajat leutik, kaasup tukang ngala bangkong.

Ku teorina tea, kuduna mah Utuy konsekwén ngabagi masarakat djaman kiwari oge djadi dua golongan deuih : „kebudajaan atas” djeung „kebudajaan bawah”. Ari nu disebut „kebudajaan atas” nurutkeun logika teori Utuy tea mah nya pamarentah Republik Indonesia. Sarta ari „kebudajaan bawah” nya angger rahajat murba. Kuduna eta teh. Sabab beda ari dina praktekna mah. Utuy teu wani djudjur nuturkeun logika teorina tea něpi ka djutjungna. Nja di-dieu urang njaksian kontradiksi nu pabentar pisan tina djalan-pikiran Utuy teh, sabab manehna hënteu konsékwén kana logika teorina tea. Manehna njebutkeun jen sastrawan Sunda ajeuna „rata” berasal dari kebudajaan atas”, tapi manehna sorangan keneh ngarasa pérélü ngandjurkeun para sastrawan nu asalna tina lingkungan „kebudajaan atas” teh sangkan „berpanglima kepada Manipol”. Padahal tjeuk djalan pikiran teorina mah apan para pangarang Sunda nu madjar asalna tina lingkungan „kebudajaan atas”, nya para pangarang Manipolis ! Da Manipol nu djadi ageman pamarentah Republik Indonesia mah !

Tapi Utuy kalah ka ngandjurkeun para pangarang Sunda kiwari sangkan mihak kana „kebudajaan bawah”, nu nurutkeun djalan pikiran teorina tea mah kudu dihartikeunana teh minangka kelas nu papalawan djeung „kebudajaan atas”, djadi nu papalawan djeung kaom Manipolis ! Djadi saenjana mah, mun Utuy ngéprik para pangarang Sunda sangkan mihak kana „kebudajaan bawah”, manehna geus ngahasut para pangarang tea ngalawan kana Manipol ! Tapi ari térang-térangan ngandjurkeun para pangarang tea ulah satia kana Manipol, sigana Utuy teh hënteu (atjan?) wanieun. Malah kalah ka ngandjurkeun kudu „berpanglima kepada Manipol” ! Utuy hënteu konsekwén

kana logika teorina tea. Hidji antara dua : Atawa mangrupa demonstrasi katololan Utuy neori, atawa eta teh mangrupa hidji taktik-politik djalma munapek !

Jen teorina tea sering pabentar, lain bae djeung logika tapi oge djeung kanjataan dibuktikeun ku omonganana sorangan. Waktu ngamimitian oge Utuy rek nérapkeun teorina tea kana kanjataan sadjarah. geus teu bisa manggihan bukti<sup>2</sup>.

Dina alinea ka dua tjéramahna tea, pasti pisan Utuy njébutkeun ..itu semua dapat kita lihat kembali didalam sastra berbahasa Sunda jang tertindas, sedjak ia dinamakan sastra lisan sampai ke sastra tulisan". Ari nu dianggap minangka wakil „kebudajaan atas" bét tjeritapantun, da tjénah tjeuk Utuy mah pantun teh susuguh para radja djeung lingkungan karaton wungkul. Bénér-hénteuna ieu sangkaan, baris dibahas éngke di hancup, nu husus ngeunaan pantun. Ajeuna mah urang tarima bae heula, jen énja pantun teh hasil „kebudajaan atas". Atuh meureun aja nu panasaran : „Lamun kitu naon atuh hasil „kebudajaan bawah"na nu winanganun sastra lisan?" Utuy ngabigeu, ngan bisa nédha ma'lum bae : „Kalau didjaman itu tidak ada diketemukan hasilsastra jang berlainan dengan sastra tjerita pantun, tidak diketemukan hasil-sastra jang dimanifestasikan oleh orang<sup>2</sup> dari tingkat bawah, hal itu tentunja bukan lantas mestii diartikan bahwa didjaman Padjadjaran itu tjuma ada satu kebudajaan. Ketidakmuntjulannja sastra jang lain adalah djustru hendak menundjukkan bahwa kebudajaan jang satunja lagi itu tidak mampu menundjukkan kehadirannja didalam bentuk sastra". Eta utjapan teh keur kuring mah mangrupa bukti jen Utuy oge saénjana mah ngaku, jen memang „kebudajaan bawah" njaeta „kebudajaan jang satu lagi itu" teh hénteu mampuh ngamanifestasikeun dirina. Ari kabudajaan anu hénteu mampuh ngamanifestasikeun diri mah atuh euweuh tea !

Tapi sanadjan gagal ēnggonging neangan bukti<sup>2</sup> pi-keun nundjang teorina eta. Utuy nu sabada ngamut saham komunismeu kuduna dialektis-materialistis teh, lain ngabatalkeun teorina na hēnteu didasarkueun kana kanjataan. Ieu mah kalah ka hajeh beuki pageuh ngeukeuhan teorina tea nēpi ka tungtung tijeramahna. Sanadjan saēnjana sēring pisan pabentar sarta kontroversial djeung djalan pikiranana sorangan oge. Pikeun njalamēkeun teorina ngeunaan dua kabudajaan, sababareha kali Utuy kudu ngētjet kanjataan ku warna nu saluju djeung warna filter mu dina tasmana.

Upamana : Sabaraha kali Umy njebutkeun jen „kebudajaan atas” teb njaeta kabudajaan radja<sup>2</sup> djeung kaum feodal nu ngagém filsafat luhung budi djeung djembar hate, utama djiwa. Ari „kebudajaan bawah” njaeta kabudajaan rahajat murba nu nurutkeun djalan pikiran teorina tea kudu papalawan djeung sifat<sup>2</sup> „kebudajaan atas”, alias sabalikna tina luhung budi djeung djembar hate kattut utama djiwa. Tjonto<sup>2</sup> nu dipadjukeunana minangka wakil nu representatif tina „kebudajaan bawah” njaeta Si Kabajan tukang-tipu, imoril (lantaran sok sare djeung mitoha awewena) djeung Si Karnadi tukang bangkong (tukang bohong, tukang nipu).

Lamun nu dipimaksud ku Utuy ku istilah „kabudajaan bawah” teh ēnja rahajat murba nu djadi babalikan radja<sup>2</sup> djeung kaum feodal, atuh sasatna ngahina rahajat murba urang Sunda hususna djeung rahajat murba di dunja umumnaa, mun seug Utuy njebutkeun jen sifat rahajat murba teh rēntah budi, kasar djiwa, teu boga nurani, imoril, rēsep nipu, rēsep ngabohong !

Kaluhungan budi, kautamaan djiwa djeung kaungan moral, lain ngan milik kaum atasan (radja<sup>2</sup> djeung kaum feodal nu ku Utuy diistilahan ku „kebu-

dajaan atas" tea) bae. Tapi da pangpangna mah milik rahajat murba — babakuna rahajat murba urang Sunda nu basadjan ! Eta hal gampang dibuktikeunana da kaksian ku urang oge lamun hirup di tengah<sup>2</sup> rahajat murba. Sipat djudjur, henten sompong, handap asor, basadjan, gotong-rojong, r̄esép tutulung sanadjan su-ēnjana mah dirina sorangan ge tulunganeun, ngadjauhan pagawean<sup>2</sup> imoril nu ma siat — eta kabeh mangrupa sipat<sup>2</sup> utama nu dipimilik ku rahajat murba urang. Dina revolusi fisik nu anjar kaliwat, geus karasa ku urang sarerea kumaha rahajat murba geus nembongkeun djiwana nu agung, pribadina nu luhung, patriotismeuna nu hebat ku djalan mere bantuan nu tan wi-langan kana pērdjoangan kaméridikaan bangsa Indonesia. Bari djeung teu boga pambih keur kapēntinganana pribadi.

Tapi toh Utuy mah hēnteu kērēsaeun ningali sisat<sup>2</sup> utama rahajat murba tea. Utuy mah lain bae geus miboga anggēpan a priori jen ngan ..kebudajaan atas" wungkul nu miboga sipat<sup>2</sup> pinilih kajaning luhung budi djeung djiwa agung teh, njacta radja<sup>2</sup>, kaum feudal djeung kaum kolonial bae, tapi teu euleum<sup>2</sup> deuih njēbutkeun jen rahajat murba urang Sunda teh miboga sipat<sup>2</sup> rēndah tjara r̄esép ripu, ngabohong, teu boga moral (imoril) djeung sadjabana.

Népi ka ajeuna kuring miboga anggēpan jen Utuy teh agul djadi urang Sunda. Reueus deuih kagolongan ka rahajat murba. Tapi rupana Utuy mah agul sotek ari kagolongkeun kana ..kebudajaan bawah" nu teu luhung budi, nu rēndah djiwa, nu imoril, r̄esép ripu, tukang ngabohong !

Baheula mah Utuy teh njurahan tokoh Si Kabajan minangka manusa nu geus ..teu naon<sup>2</sup> ku naon<sup>2</sup>" hartinna geus teu kapangaruhan deui ku nanaou bae oge. Nu geus moal kapangaruhan ku kasieun djeung pangbibita. Nu geus moal kapangaruhan deui ku kasieun

ku lantaran kapertjajaan kana dirina nu kandēl djeung ku lantaran nganggap ieu dunia teh ukur pangulinan bae. Si Kabajan nurutkeun tapsiranana baheula mah njacta manusia bebas-mērdika nu geus teu boga kasius, bilih ku nu lahir bilih ku nu gaib.

Tapi ujeuna Utuy njurahan Si Kabajan teh tukang tipu, imoril tur rendah budi bae. Reueus deuih njebutkeun jen eta sipay<sup>2</sup> teh sipay<sup>2</sup> umumna rahajat murba urang Sunda ! Terang eta mah mangrupa hinaan keur rahajat murba Sunda ? Piraku erang Sunda teh rahajat murbaha rendah budi ? Imoril ? Tukang tipu ? Tukang bolong ?

Nja timbul pertanyaan dina hate : Naha barobahna sawangan djeung pangadien Utuy teh mangrupa akibat kamékaran djiwana sabada diuk djadi anggota pangurus pleno pusat Lekra nu nganut saham komunismeu ?

Dina ahir ijé amalma, Utuy ngandjurkeun para pangareng Sunda sanckou „berpanglima kepada politik”. Sarti ari „berpanglima kepada politik padu djaman sekarang, tidak lain dari berpanglima kepada Manipol, berpanglima kepada pimpinan revolusi.” tjénah pokna. Tapi upan ari Manipol mah henteu, sarta, moal ngahina rabajat murba ! Ku lantaran eta, kuring hajang pisan meunang katrangan nu tetela : „Politik mana nu dididikeun panglima ku Utuy teh atuh ?” Komo da Utuy sorangan dina katrangananu tea, make kétjap „djaman sekarang tidak lain”. Bét tjara nu moal langgeng narima Manipolina teh. Kawatésan ku „djaman sekarang” bae. Naha Utuy sabada „djaman sekarang” mah rek ninggalkeun Manipol sarta ngangkat politik nu lain Manipol djadi panglima kitu ?

Utuy oge njebutkeun jen „berpanglima kepada politik adalah berpanglima kepada pimpinan revolusi”. Utuy teu nérangkeun saha pingpinan revolusi nu diangkatna djadi panglima teh. Tapi keur urang mah

teu bisa lian deui, ngan Bung Karno Bung Karnonā pamingpin agung revolusi Indonesia teh. Naha Utuy oge nganggap Bung Karno deuih nu djadi pingpinan revolusi? Tapi apan ari Bung Karno niah tara sarta moal ngahina rahajat murba. Lain ngan sakali mantēnna nandēskeun jen tanpa rahajat mah mantēnna teh lain nanaon, taja hartina! Éta nembongkeun jen mantēnna teh katjida ngahargaan tur ngahormatna kana sipat<sup>2</sup> rahajat murba nu luhung djeung utama. Sakumna per-djoangan djeung pēngorbanan mantēnna ti baheula tug nēpi ka kiwari apan dibaktikeun pikeun kabagdja-an djeung karahardjaan rahajat murba. Dina biantara-biantarana Bung Karno sēring njaurkeun jen Manipolis sadjati mah kudu ngēmban Ampera. Ari Ampera apan „amanat penderitaan rahajat“. Ku lantaran kitu, mun ēnja Utuy Manipolis sadjati, naha make ngaréndahkeun sipat tabeat rahajat? Malah teu euleum<sup>2</sup> ngahina pis-an? Atuh sarua bae djeung njeleweng tina garis adjaran Bung Karno nu njiptakeun Manipol. Atawa memang Utuy mah boga pingpinan revolusi nu lain Bung Karno?

Dina tungtung tjéramahna, Utuy teh nodongkeun pestol ka dada para pangarang Sunda: „Mau kemana pengarang<sup>2</sup> Sunda berpihak, kepada kebudajaan atas atau kebudajaan bawah?“

Tapi rupana mah manehna teh hēnteu butuh<sup>2</sup> teuing ku djawabanana, da ngarasa geus ngeupeul djiwa sakumna para pangarang Sunda. „Tjelakanja,“ tjénah pokna ngomong sorangan, „jang dinamakan pengarang<sup>2</sup> Sunda didjaman sekarang ini adalah rata<sup>2</sup> djustru berasal dari kelas atas. Ja, berasal dari kelas jang dulu pernah melahirkan Moh. Sanoesi dan Joe-hana djuga!“

Tina pētikan<sup>2</sup> di lubur geus atra katingal jen djalan pikiran Utuy katjida pisan pasulangkrahna. Pabentar djeung kanjataan. Moh. Sanoesi djeung Joehana nu

dina bagian lian tjéramah mah ku Utuy dianggap pangarang „jang inendjurubitjarai kebudajaan bawah” bét disebut asalna ti „kēlas atas”. Atawa naon atuh saénjana nu dipimaksud ku istilah<sup>2</sup> „kebudajaan”, „kēlas” djeung lian-lianna nu dipake ku Utuy teh?

Handjakal, handjakal pisan Utuy nu geus mimiti iésép neori teh lain bae hēnteu kēresa langkung ti pajun matotoskeun katrangan naon maksadna istilah<sup>2</sup> nu digunakeunana tea sangkan ulah pasuliwér salah paham, tapi oge hēnteu kērsaeun ngagunakeun istilah<sup>2</sup> nu anggér pikeun hartos<sup>2</sup> nu anggér — nēpi ka sagalana teh abstrak. Padahal Utuy sorangan nu puluh<sup>2</sup> kali di-na tjéramahna tea nolak nu sing sarwa „abstrakt”!

Kitu deui, pamadéganana jen rereana mah para pangarang Sunda kiwari teh „djustru berasal dari kelas atas” rada matak helok. Enja eta teh kitu? Enja eta teh saluju djeung buktina? Saénjana naon atuh nu dipikamaksud ku Utuy ku „kelas atas” jang telah melahirkan Moh. Sapoesi dan Joehana” teh? Nu sidik mah, lamun urang nitenan biografi para pangarang Sunda kiwari nu karangan-karanganana dimuat dina *Kanjutkundang* njaeta antologia nu ngagambankeun pangarang djeung sastra Sunda kiwari. urang bakal tē-rang jen meh saratus pērsen eta pangarang<sup>2</sup> teh asalna ti kalangan rahajat murba. Aja nu anak patani, aja nu anak kuli, aja nu anak guru-desa djeung lian-lianna. Enja, ti kalangan rahajat leutik. Ti kalangan „kebudajaan bawah”! Ti kalangan rahajat murba nu ku Utuy mah disebut teu miboga daja-tjipta, hēnteu lu-hung budi hēnteu djémbar hate djeung imoril tea! Rahajat murba nu ku Utuy mah dihina beak bērēsih tea!

Utuy ge ngahina kasadaran sosial djeung patriotismeu para pangarang Sunda nu asalna ti kalangan rahajat murba tea ku njébutkeun jen nu djadi pasualan keur eta pangarang teh soal „Kepada siapakah udjung pena mesti diarahkan?” Sabab tjénah tjeuk

panalungtikan Utuy nu make filter beureum, beda djeung dina djaman Moh. Sanoesi, ajeuna mah euweuh „kelas feodal jang lebih atas” nu kudu djadi sasaran kalam.

Kuring teu tērang, naha ku lalu teh Utuy balaka jen ajeuna manehna sorangan hēntēn tērang kudu ka saha nudjukeun tungtung kalainna? Ngaku jen manehna keur ngarasa leungiteun sasaranana? Tapi kuring tērang pasti jen para pangarang Sunda kiwari tarērang-eun tur saladar pisan kena tjia<sup>2</sup> djeung tudjuanana nu matak ngararang: Njurebaungkeun darmabaktina ka lēmahtjai, bangsa, nagara djeung agama nu keur revolusi, ngabela martabat rahajat murba; ngabela kapēntingan nasional nu patriotik ḥenggong njarēmkeun impērialismeū djeung kolonialismeū rek kumaha bae wanguan djeung manifestasina teu paduli ti mana bae djolna, tjindēkna ngalaksanakeun Manipol kalawan iklas djeung dirā, ngudug panjileukun masarakat nu adil tur makmur.

Panghina Utuy ka rahajat murba djeung ka para pangarang Sunda nu asalna ti kalangan rahajat murba teh, saenjana mah teu kudu matak helok lamun seug urang tērang dimana saenjana Utuy nēmpatkeun maneh. Apan dina tjēromahna tea. Utuy mah ngaku jen „bersihak kepada kebudajaan atas akan berarti mendjeladjahi dunia jang abstrak . . . . . dengan kemungkinan akan melatjurkan diri kepada setiap pengaruh dari luar.”

Urang ge tērang apan, jen Utuy teh ajeuna nganut paham komunismeū — hidji paham nu lain asli Sunda, tapi mangrupa „pengaruh dari luar”. Djadi atuh eta kékētjapan Utuy teh mun seur ditērapkeun ka dirina meureun kudu dihartikeun jen manehna mah kalawan sadar milih pihak „kebudajaan atas” (da bongan ka-pangaruhan ku „pengaruh dari luar” tea).

Ari nu matak sedih mah, rehna ajeuna tetela jen

Utuy asupna ka Lekra djeung nganut faham komunitismeuna teh, geuning hoengan lain ku lantaran hasil kamēkaran kasadaran djiwa, kasadaran politik djeung kasadaran kamasarakatan nu matēng. Tapi teu kurang teu leuwih bēt ngan „melatjurkan diri” bae! Kuring teu tērang naha Utuy teh „melatjurkan diri” setjara legal naha satjara illegal. Ngan tjeuk moral rahajat murba nu luhung mah, unggal djalma nu „melatjurkan diri”, rek legal, rek illegal, kudu disapaherang, diganjang!

## TIARITAPANTUN

Sabada neori ngeunaan dua kabudajaan nu djalan pikiranana hese dituturkeun ku otak nu waras, sarta sabada ngahina rahajat murba madjarkeun teu luhung budi, imoril djeung teu kreatif. Utuy teh tuluj neori ngeunaan pantun nu hēnteu kurang<sup>2</sup> matak helokna, dumeh djalan pikiran teorina tea rea pisan nu pasalia djeung kanjataan. Utuy mah ana sakalieun neori, mani teu euleuni<sup>2</sup> mamaksa djeung njotjog-njotjogkeun kanjataan kana teorina tea, sanadjan ari saēnjana mah kanjataanana papalingpang pisan djeung eta teorina.

Mimitina Utuy njēbutkeun jen pantun teh mangrupa hasil awal sastra lisan, njaeta „jang lahir didjaman keradjaan Padjadjaran”. Ka duana. Utuy njēbutkeun jen pantun teh „merupakan hasilsastra jang tidak semua orang bisa menikmatin ja”. Ka tiluna, njēbutkeun jen pantun teh „ditiptakan untuk orang<sup>2</sup> tingkat atas, ditiptakeun untuk dipidangkan dilingkungan istana, untuk menjenangkan keluarga istana.”

Népi ka ajeuna oge apan, tatjan aja nu tērang pasti, irahu saēnjuwé contun mimitina lahir. Sawatara ahli miboga dugaan jen pantun mimiti aja dina djaman Padjadjaran ku lantaran kabēnēran rea lalakon pantun

nu njaritakeun kaagung djeung kadjembar rádja<sup>2</sup> Padjadjaran katut para putrana. Tapi eta dugaan teh gampang pisan ditolakna, sebab rea pantun<sup>2</sup> nu ngalalokonkeun radja djeung karadijan nu gëlar samemeh Padjadjaran, upamana bae tulukon pantun *Lutung Kasarung* nu njiritakeun kadjadian di karadjaan Pasir Batang Anu Girang djeung pantun *Tjiung Wanara* nu ngalalokonkeun ketadijan Galuh. Saliyan ti eta rea deui pantun nu ngalalokonkeun karadjaan<sup>2</sup> lianna nu leuteutik nu nëpi ka njerau oge teu atjan kungsi ditjetkeun, upamana bae tulukon *Demung Kalagan* ti daerah Luragung (Kuningan) nu ngalalokonkeun karadjaan Parakan. Poo pilalagi pantun *Nji Pohatji Sanghiang Sri* nu sakapeung mah kok disebut *Sri Sudana*, ngan ngabuktikeun jen aja parざaru Hindu kana pantun katut sastra Sunda teh.

Ku disebutkeun ngeunaan pantun dina hidji naskah nu asalna ti diaman Padjadjaran ahir, njaeta naskah *Siksa Konda Karésian* nu asalna ti taun 1518 M., aja sawattara ahli nu tuluj njimpulkeun jen pantun teh gëlarna nya di djaman Padjadjaran ahir. Padahal keur kuring mah ku disebutna pantun dina eta naskah, ngan ngabuktikeun jen dina djaman Padjadjaran ahir, pantun geus hirup di lingkungan urang Sunda. Teu mustahil harita ge umurra geus mangabud-abud !

Kitu deui lamen Utuy njebutkeun jen dongeng<sup>2</sup> ngeunaan Si Kabajan teh hasilsastra lisän, urang djadi beuki asa<sup>2</sup> rek narima teori ngeunaan pantun anu madjar mangrupa wanganan munjungan sastra lisän dina sadjarah sastra Sunda. Sabab minun seur urang nitenan struktur pantun, katangin jen ka'jida sampurnana komposisina, jen rasa estetika djurupantun teh lain djore<sup>2</sup>. Ku lantaran eta moal boa pantun mah mangrupa hasil kamékaran nu djauh anu dimimitian ku dongeng<sup>2</sup> nu leuwih basadjan. Moal boa aja dongeng<sup>2</sup>

parondok tjara dongeng Si Kabajan nu miheulaan pantun teh. Ngan handjakal meureun ajeuna geus euweuh bukti-buktina da bongan karuhun Sunda tara piradjeunan ngalanggengkeunana winangun tulisan.

Kitu deui mun urang nitenan naskah<sup>2</sup> Sunda nu pangkabotna nu ajeuna masih disimpèn di Museum Pusat PDK di Djakarta. tjara *Tjarita Parahiangan* djeung *Tjarita Waruga Guru*, urang bakal nangenan jen eta dua naskah teh lain pantun. Nu pasti mah eta dua naskah teh ditjatétkéunana leuwih ti heula manan ditjatétkéunana tjarita<sup>3</sup> pantun.

Katjida gagabahna Utuy teh waktu nětěpkeun jen „tjeritapantun merupakan hasilsastra jang tidak semua orang bisa menikmatinja”. Tangtu bae ari lain urang Sunda mah. Urang Batak upamana nu saumur-umur hirup di sisi danau Toba, ten térong kana basa Sunda saéluck-éluck atjan, uja tangtu moal hisaeun narima pantun. Moal ngartieum! Tapi ari urang Sunda man, nu hirup-hurip di lingkungan pakumbuhan djeung kabudajaan Sunda, pasti bakal bi-acun narima djeung bakal rèsépeum deuih kana pantun teh.

Da mun seung Utuy sok piradjeunan nitenan pantun, moal boa manehna bakal leuwih ati<sup>4</sup> dina ngamadjukeun pamadégan djeung teori-teoripa ngeunaan pantun teh. Tapi katjida handjakalna, da Utuy mah kakara ngabandungan pantun ku (jépilna ku andjeun teh basa kuring dina taun 1961 (sic!) mamawa pantun Suméding ka Djakarta nu rek diwawuhkeun ka lingkungan B.P.B. Kiwari, Harita mah Utuy teh anggota B.P.B. Kiwari keneh. (Ahir 1963 Utuy dipetjat ti B.P.B. Kiwari ku lantaran djadi anggota Pangurus Pleno Lekra anu dasar-dasarna beda djeung B.P.B. Kiwari, malah pabentar).

Pantun teh salah sahidji wangunan kaséñian rahajat murba nu hirup tur hurip dipikaiésép ku rahajat murba. H. Hasan Mustapa, hidji otoritet ngeunaan adat-

istiadat Sunda nu teu atjan aja nu mantaran, njébut pantun teh kasénnian asli urang Simda. Andjeunna teu kungsi njaurkeun jen pantun teh ngan hirup djeung aja di lingkungan karaton wungkul. Pantun teh kasénnian rahajat murba. Unggal anggahota rahajat murba Sunda nu hirup dina lingkungan kabudajaan Sunda, bakal gampangeun ngarti djeung mikarésép pantun. Handjakal jen Utuy nu sok agul djadi anggahota rahajat murba teh geuning saénjana mah bét hënteu wa-noheun kana kahirupan kabudajaan rahajat murba.

Eta pamadégan teh ngan nempongkeun jen satémenni. Utuy teu kungsi wawuh kana pantun kalawan énja<sup>2</sup>. Ari pamadéganana tea, pangna ngatjo teh bongan ngan didasarkeun kana tilu djadjar radjah (nu sigana mah ditjutatna ge tina ingétan bae), njaeta nu mirip<sup>2</sup> radjah *Lutung Kasarung* nu kungsi ditjatétkéun ku Argasasmita, nu madjar teh :

„dibuka ku nu ngaliwat  
ku nu wawuh di sémuna,  
ku nu rantjage di hatena.”

Nu matak kuring njébutkeun jen Utuy njutatna tina ingétan, hënteu langsung tina tjutatan Argasasmita atawa ti djurupantunna, lain bae ku lantaran Utuy hënteu njébut sumbér, tapi pangpangna mah nja ku lantaran eta tjutatan teh beda tina tjutatan Argasasmita nu tulen. Da ari nurutkeun teks Argasasmita djeung nu sok ditjarutat ku nu lian mah apan kieu unina teh :

„dibuka ku nu ngaliwat,  
ku nu wéruh di sémuna,  
ku nu térang di djaksana,  
ku nu rantjage di hate.”<sup>1)</sup>

Nja kana eta kalimah<sup>2</sup> pisan, pamadégan Utuy teh didasarkeunana. Madjar teh ku eta kalimah<sup>2</sup> djuru-

<sup>1)</sup> VBG djilid LVIII, Djakarta, 1910.

pantun ngelingan nu laladjo jen saenjana dongengna teh ngan diantjokeun keur djalma<sup>2</sup> nu geus tangtu bae, tjénah ge: „tidak semua orang bisa menikmatinya” pokna. Madjar teh pantun ngan bisa dipikarésép djeung ngan bakal kahartieun ku para menak nu asalna ti „lingkungan istana” bae. njaeta nu tjénah „mempunjai kemampuan bekerdja dengan kehalusan budi nurani.”

„Dan siapakah jang mampu berbuat demikian, jang mampu bekerdja dengan kehalusan budi nurani?” tjeuk Utuy teh deuih. „Hanja orang<sup>2</sup> jang ongkang-ongkangan ditingkat atas. hanja keluarga istana. Rak-jat bawah jang sehari-harinja berhadapan dengan keharusan kerja dengan kekasaran djasmani dan karenanya mendjadi „bodoh” dibidang kerja dengan kehalusan budi nurani. bukan tak mungkin akan menerima tjerita<sup>2</sup> jang disugubkan kidjurupantun itu seperti air menerima minjak.” tjeuk Utuy kalawan pasti.

Di dieu kuring moal njabit<sup>2</sup> deui panghina Utuy ka rahajat murba nu ku manehna disebut „bodoh” sarta ku kituna ngahina intelegensi djeung dajatjiptana. Ngan tjeuk kuring mah henteu bénér sarta sanjatana mah pasalia djeung kanjataan utjapan Utuy nu njebutkeun jen rahajat murba Sunda teh narima pantun tjara tjai narima minjak. Hénteu bénér sarta pasalia djeung kanjataan deuih utjapanana nu njebutkeun jen pantun<sup>2</sup> teh ngan wungkul pikeun konsumsi para menak di lingkungan karaton bae.

Nu matak helok teh deuih. kawani Utuy njebut „lingkungan istana” dina harti hidji lingkungan feodal dina hirupkumbuh Sunda buhun. Padahal sanadjan énja tina prasasti<sup>2</sup> djeung bukti<sup>2</sup> sadjarah lianna tetela aja karadjaan<sup>2</sup> di tanah Sunda, tapi da ari ngeunaan karaton djeung lingkunganana mah tatjan kungsi kasébut-sébut. Naha énja bénér kitu di lingkungan karaton nu feodalitis tea dipikarésépna pantun teh? Pi-

keun ngabukti keun eta hal, kudu diajakeun panalungtikan historis-sosiologis nu énja<sup>2</sup> — hidji hal nu meh tjan kungsi diajakeun ngeunaan sadjarah tanah Sunda ! Nu pasti mah, népi ka kiwari oge (sanadjan ajeuma mah sanjatana *yeus meh<sup>2</sup> ilang*), masih aja keneh djurupantun sarta eta djurupantun teh ngahaleuangkeun kasénianana *luin* pikeun eta lingkungan karaton atawa menak, tapi djustru pikeun lingkungan rahajat murba. Ari rahajat murba, rarésépeun pisan ngabandungan pantun teh, da kahalartieun atuh ! Djadi djauh tina paribasa tjara tjai narima minjak ! Duka mun tculiba geus katjotjokan dulung-dugmong.

Téri jen ari djurupantun teh sarua djeung budjangga-karaton tjara Prapantja mangsa djaman radja Hajam Wuruk di karaton Madjapait, kungsi di padjukeun ku M.A. Salmun dina taun 1949 asana (dina madjalalah *Indonesia*). Tapi teu kungsi meunang sokongan-sokongan ku bukti<sup>2</sup> sadjarah nu pengkuh tina panalungtikan<sup>2</sup> historis-sosiologis. Teori Salmun lahirna ku lantaran manehna njangka jen tjara hirup unggal bangsa teh salilana sarua pisan, népi ka sagala nu aja di Djawa tangtu di Sunda oge aja deuih. Lamun di karaton Djawa aja budjanggana, tjeuk logika Salmun mah tangtu di karaton Sunda ge aja deuih. Tapi logika kitu teh teu bisa dipake dina panalungtikan sadjarah mah. Ku lantaran eta, sanadjan di karaton Madjapait aja Prapantja, di karaton Padjadjaran mah tatjan tangtu aja budjangga karaton. Ari djurupantun, eta mah nja mangrupa hasil hnsus bae tina kabudajaan Sunda, nu kudu ditalungtik kasangtukang historis djeung sosiologisna. Jen aja fakta dina tjarita<sup>2</sup> pantun radja<sup>2</sup> Padjadjaran sok diarugung-ugung djeung diparudja-pudja, ten ngandung harti jen nu njieunna teh budjangga karaton. Teu mustahil pudjaan ka Siliwangi mah tumuwuh kalawan spontan ku lantaran kainsapan rahajat sorangan nu ku radjana dibawa kana

djaman adil-mahmur kerta rahardja kalawan njata.

Ngan njaeta handjakalna teh, nèpi ka kiwari tatjan aja ahli sadjarah nu nalungtik sadjarah Sunda kala-wan énja<sup>2</sup> djeung husus ! Lamun teori Salmun tea tug nèpi ka kiwari tatjan aja nu ngabantah, eta mah ngan ku lantaran tatjan diajakeun panalungtikan sadjarah tanah Sunda bae. Hal eta ngandung harti jen teori Salmun teh teu kungsi meunang atawa tatjan kungsi meunang bukti<sup>2</sup> historis-sosiologis, alias tatjan diudji ku bukti<sup>2</sup> salah-bénérna.

Ari teori Utuy, sok sanadjan moal boa ari sumbérna mah nja tina teori Salmun tea, dasarna teh nja radjah nu ngan tilu djadjar nu tadi kungsi ditjutat. Ngan Utuy dina njutat eta radjah geus ngalakukeum kasalah-an tjutatan, da bongan njutatna lain tina sumbér nu otentik, ngarasa tjukup tina ingétan. Tapi sakitu njutatna tina ingétan, ari pretensina mah tjara teoritikus ulung bae Utuy teh. Da eta radjah nu tilu djadjar nu salah teh, tuluj disurahan sakarépna sorangan — dilujeun djeung teori-sakarépna ngeunaan dua kabudajaan.

Saénjana eta radjah nu tilu djadjar teh lain panggeuing djurupantun jen ngan para menak ti lingkungan karaton bae nu bakal mampuh ngabandungan djeung mikarésép pantun. Eta radjah teh saénjana mah panggeuing djurupantun ka nu laladjo jen saha bae, unggal djalma oge, bisa ngarti djeung bisa rèsép kana pantun da tjénah apan „dibuka ku nu ngaliwat”, har-tina ku saha bae ti mana bae, rek ka mana bae oge da nu ngaliwat ieu. Teu paduli patani teu paduli kétib atawa tukang ngala lahang ! Atawa tukang tjukur ! Asal memang manehna „wérüh di sémuna, térang di djaksana” sarta asal „rantjage di hate”. Njaeta dapon memang manehna aktif-kreatif, hënteu pacheun akal, tapi miboga daja-tjipta. Samasakali euweuh kékétjapan djurupantun nu njebutkeun jen ngan wungkul para menak djeung lingkungan karaton bae nu bisa mik-

rĕsĕp pantun teh. Nu njĕbutkeun jen ngan para ménak djeung lingkungan karaton bae nu bisa sarta mikarĕsĕp pantun teh. Nu njĕbutkeun jen ngan para menak ti karaton bae nu aktif-kreatif teh. Nu rantjage teh ! Hĕnteu, djurupantun mah hĕnteu njĕbutkeun jen ngan turunan radja<sup>2</sup> bae nu miboga dajatjipta djeung kamampuh rohaniah teh. Malah, tjeuk djurupantun mah, dalah radja ge lamun hĕnteu rantjage sarta hĕnteu wĕruheun kana sĕmuna, bakal lapur moal bisa muka pantun.

Ngan Utuy nu waswas tur teu pĕrtjajaen sarta ngahina kana kamampuh dajatjipta djeung kreativita rahajat murba bae nu boga anggĕpan kitu mah. Ngan Utuy nu geus njatjampah kaluhungan budi djeung moral rahajat murba ku teorina ngeunaan dua kabudajaan bae nu boga sangkaan kitu mah !

Kuring moal rek papandjangan ngabahas pamadĕgan-pamadĕganana ngeunaan pantun, da lamun rek kitu, meureun kuring kudu ngadjak Utuy diadjar deui ngabandungan pantun. Ngan hidji hal deui nu rek dibahas di dieu, njaeta pamadĕganana nu njĕbutkeun jen dina pantun tara aja tokoh<sup>3</sup> „kebudajaan bawah” nu dilalakonkeun, salian ti si Lengser djeung sawatara aki<sup>4</sup> djeung nini<sup>5</sup> tjara Aki djeung Nini Panjumpit djeung Aki katut Nini Balangantrang. Eta teh hĕnteu bĕnĕr. Sarfa kateubĕnĕranana teh gampang pisan dibuktikeunana. asal Utuy kĕresa pangangguran nitenan tjaritapantun rada tĕlik. Dina lalakon pantun *Paksi Keling Wéntang Gading*<sup>1</sup>) — hidji lalakon pantun Baduj nu kungsi dipublisir ku Pleyte — bakal kasaksen jen djurupantun tara asa<sup>6</sup> ngalalakonkeun rahajat murba nu ngritik radja djeung para menak ti nagara nu rek menta sumbangan ti rahajat. Pokna oge ari pesta nagara teh „tjolotok tjoleas, utjul kotok utjul beas”. Ieu

<sup>1)</sup> TGB djilid LIV, Djakarta, 1910.

mangrupa bukti nu teu bisa dipungkir, nembongkeun kawaspada djeung dajakiritik rahajat murba nu luhur tur demokratis.

Handjakal Utuy mah ngan ningali hal<sup>2</sup> nu negatifna bae tina sipat<sup>2</sup> rahajat murba teh. Ari hal<sup>2</sup> nu positifna mah bêt siga ngahadja diliwatan. Hajangna bae disebut wêdalan djeung rek ngabela rahajat !

Ari Si Lengser, nurutkeun teori Utuy sorangan ngetunaan dua kabudajaan, kuduna inah ulah dianggap wakil ti lingkungan „kebudajaan bawah”, da Si Lengser mah gandek radja, piwarangan kaum feodal nu alam-pikiranana tangtu leuwih deukeut ka alam-pikiran radja djeung lingkungan karaton, da saumur-umur hirup di karaton. Djadi tangtuna ge leuwih deukeut ka alam pikiran „kebudajaan atas”.

## FEODALISMEU MATARAM

### DJEUNG H. HASAN MUSTAPA

Sabada njaritakeun djaman pangaruh sastra Islam sakolepatan, nu ku manehna disebut „kebudajaan atas” nu dipalawaneun djeung dongeng Si Kabajan nu tjé-nah mah hasil „kebudajaan bawah”. Utuy teh népi kana bahasan ngeunaan djaman pangaruh feodalisme Mataram. Sanadjan kuring panasaran keneh dumeh hënteu meunang laratan naon sababna pang pangaruh kebudajaan Islam teh bêt dianggap hasil „kebudajaan atas”. padahal tjeuk panalungtikan kuring pangaruh Islam keur urang Sunda mah leuwih etjes-atra djustru di lingkungan rahajat murba, tapi ku lantaran katingalina Utuy ge hënteu kërsaeun papandjangan ngeunaan hal eta, atuh keun urang tjeung-tjeum, urang teundeun sampeureun ka hareup.

„Lahiriahnja, pengaruh kebudajaan feodal Mata-

ram jang tumbuh subur didalam sastra Sunda pada saat itu ialah bentuk sadjak jang disebut dangding . . . . . " tjeuk Utuy dina tjéramahna teh. „Sedang isinja," tjénah ge deuih. ..jaitu ilmu tentang kebatinan jang diberi nama „mistik", sebuah ilmu jang sangat abstrak."

Ari tjeuk kuring mah, dangding teh ngan mangrupa salah-sahidji wangunan bae tina pangaruh Mataram kana kabudajaan Sunda. Pangaruh Mataram satjara lahir kana kabudajaan djeung kahirupan urang Sunda harita njaeta mangsa datém<sup>2</sup> Sunda taluk ka Sultan Agung. tjeuk kuring mah nja Djawanisasi wangun djeung tatajara kahirupan djeung kahirupanana. Basa Sunda nu tadina mah demokratis (ilikan pantun<sup>3</sup> katut teks basa<sup>4</sup> basa Sunda memeh Mataram), di-Djawakeun, nèpi ka dijadi basa nu feodalitis. Basa Sunda nu demokratis dijadi basa Sunda nu diatur nadak-usukua, salju djeung undak-usuk sosial (kamasarakatan) djero masyarakat feodal. Dangding djeung watjan teh salah sahidji wangunan puisi nu asalna ti Mataram, asupna ku tanah Sunda sigana mah salian ti ngaliwatan kabupaten-kabupaten teh ngalliwatan pesantren deuih da rea ulama Islam nu ngadjardeun agama Islam di urang nu asalna atawa guguruna ti wetan.

Meal boa nja eta ulama<sup>2</sup> pisan nu mawa mistik ka urang oge. Tapi mistik mah apa lain hidji-hidjina eusi kabudajaan feodal Djawa nu njébarkeun pangaruh ka urang. Eusi djeung djiwa pangaruh Mataram ka urang mah njaeta Djawanisasi djeung feodalisme!

Mistik nu holba ti Djawa teh rea nu digunakeun pikeun njarénekeun djiwa djeung sumangé<sup>5</sup> rahajat Sunda sangkan ulah waní<sup>6</sup> ngalawan kana kakuasaan nu holna ti karaton Kangdjéng Simuhun. Djadi saenjanan kalawan maksud<sup>2</sup> politis!

Tapi kuring kudu rada ati<sup>2</sup> njarita ngeunaan mistik, da Utuy mah mere wangénan kana mistik teh „sebuah

ilmu jang sangat abstrak". Ieu wangenan teh katjida matak samarna, komo da Utuy mah dina tjéramahna tea sëring pisan ngagunakeun këtjap „abstrak” nu har-tina hënteu tetela deuih, nëpi ka sulit pisan ngaharti-keunana. Naon atuh saënjana nu dipimaksud ku Utuy ku „Ilmu jang sangat abstrak”? Naonana nu abstrak teh. Sipat elmuna atawa objek ulikanana? Geus pasti, jen abstrak mah salah sahidji sipat ilmu. Dalah ilmu nu pangkongkritna oge kudu miboga sipat abstrak. Sabab apan ari ilmu teh taja lian tina pangabstrakan kanjata-an-kanjataan supaja ngagampangkeun manusa ènggo-ning ngahontal harti<sup>2</sup> djeung hukum<sup>2</sup> asasi ngeunaan soal<sup>3</sup> nu disanghareupanana. Lamun nu dimaksud ku Utuy teh, objek ulikanana nu abstrak tjara filsafat upamana, atuh ari elmuna mah teu kudu abstrak! Nu leuwih pënting mah njaeta: Naha ènja ari mistik teh bisa dianggap hidji ilmu? Atawa Utuy mah ngaguna-keun istilah „ilmu” ge sarua djeung „ngelmu” (Kadjawen)?

Manehna njebut H. Hasan Mustapa minangka wakil „jang paling menondjol membawakan ilmu kebatinan jang abstrak itu didalam bentuk dangding”. Ku-ring teu tèrang naha Utuy kungsi satjara daria neuleuman karangan-karanganana H. Hasan Mustapa atawa hënteu. Tapi kuring tèrang pisan jen H. Hasan Mustapa teh hidji budjangga Sunda nu kungsi dipikagum ku Utuy, ku lantaran individualita djeung individualismeu nu sumirat tina karangan-karanganana. H. Hasan Mustapa teh hidji budjangga nu realistik. Tapi ajeuna Utuy nganggap H. Hasan Mustapa teh „membubung kepuntjak menara gading” sarta manehna njoba-njoba ngahubung-hubungkeun H. Hasan Mustapa djeung paham „sëni untuk sëni” nu holna ti Barat (l'art pour l'art).

Mun Utuy kungsi neuleuman karangan<sup>2</sup> H. Hasan Mustapa kalawan daria, tur kërsa ngabanding-ban-

dingkeun djeung kabatinan Djawa, tuluj nungtik sadjarah kamékaran masarakat Eropah nu geus ngalahirkeun l'art pour l'art tea, Utuy bakal tērang naon djeung kumaha bedana antara eta tilu hal. Hasan Mustapa teh memang hidji mistikus, malah hidji mistikus agung nu geus ngagélarkeun pangalaman-pangalaman-ana nu mistis tea dina wanguanan dangding nu endah pisan. Tapi mistik andjeunna mah mistik Islam, njaeta Sufi, Lain mistik tjara nu sok kapéndak dina elmu kabatinan Djawa ! Lamun Utuy kungsi pangangguran bae saeutik diadjar atawa nalungtik ngeunaan mistik Islam djeung kabatinan Djawa (Kadjawen), manehna bakal gantjang tērang di mana pérénahna H. Hasan Mustapa.

Tapi Utuy nu ajeuna rēsep neori teh, sigana mah masih rēsep keneh mere-adjen ka djéléma<sup>2</sup> satjara a-priori, bari djeung hēnteu ngaraos pérélu ēnja<sup>2</sup> nalungtik ngulik ngeunaan djalma<sup>2</sup> djeung paham<sup>2</sup> nu dibeuratkeun ka eta djéléma. Rēsep neori tapi bari ēmbung diadjar teori !

H. Hasan Mustapa teh djéro pisan nandjeur djeung ngakarna kana kabudajaan djeung agama Islam. Tapi andjeunna oge salawasna sadar kana pakumbuhan tēmpat hirupna, njaeta lingkungan kabudajaan Sunda. Ku lantaran eta andjeunna teh keur kuring mah hidji budjangga Sunda-Islam, nu gede sumbanganana kana pamikiran djeung kabudajaan Islam. Pangaruh Mataram ka andjeunna (lamun eta hal ku urang rek dianggap pangaruh langsung ti Mataram), ngan wungkul dina wanguanan dangding bae. Tapi eta oge ditrimana teh kalawan sadar ku andjeunna mah. Lain sakali andjeunna njaurkeun jen dangding teh wangunan beunang ngindjeum, tjara dina dangding-dangding-na nu djudulna *Sinom Wirahma Kumaha Rasa* djeung *Pangkur Pangkurangna Rasa*.

Handjakal pisan jen něpi ka ajeuna panalungtikan ngeunaan karangan<sup>2</sup> djeung filsafat H. Hasan Mus-

tapa beunang disebutkeun tatjan kungsi diajakeun kalawan serieus djeung béréntjana. Padahal tjeuk kuring mah andjeunna teh hidji budjangga Sunda nu pangluhungna. Kitu deui pandangan<sup>2</sup> djeung pikiran-pikiranana ngeunaan agama, manusa, hirup djeung kahirupan mangrupa sumbangan panggédéna ti urang Indonesia kana alam pamikiran agama Islam. H. Hasan Mustapa nu dangding-dangdingna wungkul hénteu kurang ti 10.000 pada moal hina lamun direndengkeun djeung para budjangga mistikus Islam lianna kajaning Djalaluddin Rumi, Hafidz djeung lian-lianna.

Bisa djadi andjeunna lain pembérontak dina harti pembérontakan sosial, tapi pasti andjeunna teh hidji djalma nu revolusioner dina pikiran djeung tindakanana sapopoe. Rea anekdota<sup>2</sup> nu ngabukti keun kaluhungan pribadi djeung karevolusioneran pikiran-pikiran djeung pamadégan-pamadéganana.

Dina salah sahidji karanganana nu geus dipublisir (*Sjeh Nur Djaman*), andjeunna kungsi njébutkeun motif<sup>2</sup> naon nu geus njababkeun pang andjeunna njératkeun pamadégan<sup>2</sup> djeung pikiran-pikiranana. Di dina ditandéskeun jen andjeunna mah nu matak nulis teh istuning pikeun mangnépikeun pikiran<sup>2</sup> djeung pamadégan-pamadéganana tea ka nu lian.

Andjeunna palajeun pisan pamadégan-pamadéganana tea dilanggengkeun dina wanguan tulisan, sabab tulisan mah bisa abadi, něpi ka lamun andjeunna parantos hénteu aja dikieuna oge, djalma<sup>2</sup> lian nu panasaraneun tiasa ngulik-nungtik tulisan-tulisan kakantunna tea.

Tetela jen pamadégan tjara kitu mah moal njampak di djalma nu boga paham l'art pour l'art nu ana ngagélarkeun hasil<sup>2</sup> sénina ngan ukur keur kasugémaan dirina pribadi bae. H. Hasan Mustapa mah lain hidji budjangga nu teu paduli ka nu maratjana tjara sangkaan Utuy. Malah tjara kasauranana dina *Sjeh Nur*

Djaman tea, andjeunna mah hidji budjangga nu satjara sadar nulis pikeun batjaeuu nu lian.

Jen dina kanjataanana aja tulisananu henteu kahartieun ku nu maratjana, tjeuk bawirasa kuring mah atuh kasalahanana ulah waka didakwakeun ka nu nullisna ku njebutkeun nganut paham l'art pour l'art. Hadena mah nu matjana bae njaliksik diri heula, dia-djar nalek maneh, naha ēnja memang geus lengkép sasajagian parabot<sup>2</sup> djeung alat<sup>2</sup> nu pérélū pikeun neuleuman eta tulisan tea atawa tatjan? Sabab sanadjan aja djalma nu neori jen manehna hajang nulis nu gam-paeng kaharti ku unggal lapisan manusia, tapi něpi kana hidji tarap mah manehna kudu bae mérēdih nu matjana sangkan sasajagian alat djeung parabot pikeun ngahartikeunana. Tjara matja *Das Kapital*-na Marx sangkan ngarti ēnja apan urang teh kudu sasajagian heula ngeunaan pangaweruh<sup>2</sup> lianna, upamana ngeunaan sadjarah, sosiologi, filsafat Hegelismeu djeung lianni lianna. Komo lamun djeung bari hajang njangkok teorina sagala mah!

#### BALAI PUSTAKA DJEUNG SASTRA „LIAR”

Ku lantaran kapentingan kaum kolonial sēring sadilan djeung kapentingan kaum feodal, atuh dina re-reana hal mah kaum kolonial Walanda sēring sili-bantuan atawa ngagunakeun kam feodal dina ēnggoming mérēs-ngékésék djeung ngesploatir rahajat murba. Pikeun ngalantjarkeun esploatasina tea, rahajat leutik nu dikékésék teh kudu didjaga sangkan ulah něpi ka saladar djeung arinsap kana harkat martabat dirina. Rahajat murba kudu tumamprak narima nasibna nu gorong kalawan sabar. Atuh kaum feodal nu memang geus mēlak rupa-rupa palsapah djeung ageman hirup nu ngudukeun rahajat murba patuh-satia ka guru djeung ka ratu (njaeta wakil kawasa rohaniah djeung lahiriah),

rea digunakeun ku kaum pěndjadjah pikeun njekokan rahajat murba.

Minangka akibat hidji taktik politik ngadjadiah anjar ti pamarentah kolonial Walanda, njaeta nu disebut etische politik tea, dina awal abad ka duapuluh, diadékkeun hidji komisi batjaan rahajat nu éngkena baris djadi Balai Pustaka.

Etische politik teh hidji politik ngadjadiah anjar. Njaeta ku tjara nu leuwih dëmit, leuwih „etis”, njaeta ku djalan mere rupa<sup>2</sup> kahadean djeung hadiah<sup>2</sup> ka nu didjadiahna, něpi ka nu didjadiah teh boga rasa-rumasa, ngarasa kahutangan djeung gumantung ka nu ngadjadiah. Djadi etische politik teh lain „politik pěndjadiah dibidang susila” tjara nu ditérangkeun ku Utuy dina tjéramahna ! (Icu kakaliruan ten gampang kaharti lamun térang jen Utuy teh memang ti babaheulana oge djalma nu teu rěsep matja buku, sanajan eta buku teh buku sadjarah lémah-tjaina sorangan. Tapi ajeuna mah Utuy teh apan geus lantjar ngagunakeun istilah<sup>2</sup> djeung slogan<sup>2</sup> politik, asa katjida tening něpi ka teu térang naon ari „etische politik” ! Moal boa slogan<sup>2</sup> djeung istilah<sup>2</sup> lianna oge nu rea digunakeun dina tjéramahna tea, teu kabeh térangeun lërés Utuy mah kana hartina !).

Balai Pustaka teh organ pamarentah djaduhan, geus tangtu ngawula kena kapěntingan<sup>2</sup> kolonial. Ku lantaran eta atuh urang teu kudu heran lamun buku<sup>2</sup> wědalananan oge buku<sup>2</sup> nu rea mere piwulang djeung papatah nu matak nibrakeun rabajat murba sangkan ulah budang ngalawan ka nu ngadjadiahna.

Utuy njebut buku<sup>2</sup> Balai Pustaka „sudah mendjuru-bitjarai kebudajaan atas”. Tandès pisan njebutkeun „sudah berhasil diverpolitikkan, sudah berhasil didjadi-kan kuda-tunggangan jang sangat baik oleh kepen-tingan politik kolonialisme.”

Minangka lalawanan tina sastra Balai Pustaka nu ngawula kana kapéntingan politik pëndjadjah, Utuy njébutan sastra<sup>2</sup> wëdalan pénérbit<sup>2</sup> partikulir tjara upamana bae karangan Moh. Sanoesi djeung Joehana nu térang-térgan nembongkeun sikép ngalawan ka kaum feodal djeung kolonial.

Keur kuring mah duanana oge, njaeta buku<sup>2</sup> Balai Pustaka djeung buku<sup>2</sup> Moh. Sanoesi, pada<sup>2</sup> aja dina tahap nu sarua. Njaeta tjara nu dipikahajang ku Utuy. Apan Utuy mah ngandjurkeun sangkan sastra teh „berpanglima kepada politik”. Djadi mun buku<sup>2</sup> wëdalan Balai Pustaka „sudah berhasil diverpolitikkan” meu-reun hartina geus dipanglimaan ku politik. Kitu deui buku<sup>2</sup> Moh. Sanoesi djeung Joehana. Ngan nu hidji dipanglimaan ku politik kolonial djeung feodal. Ari nu hidji deui ku politik nasional. Tapi duanana ge pada<sup>2</sup> ngawula kana politik ! Ku lantaran eta, tjeuk kuring mah sastra teh lain kudu ngawula kana politik, tapi kudu miboga dasar djeung sikép politik nu tandës mikatjinta ka lëmahtjai, bangsa, nagara katut agama.

Tapi teu burung ari ngarasa kaget mah kuring teh, waktu matja paméndak Utuy magar „gambaran tentang kebenaran didalam bentuknya jang lebih sempurna” teh njampakna dina diri tokoh Karnadi dina bukuna Soekria-Joehana *Rasiah Nu Goreng Patut*. Eta tokoh teh ku Utuy mah ditafsirkeun minangka pemberontak „terhadap keadaan sosial dan mempraktekkan pemberontakannja itu dengan perbuatan”. Ari nu dipimaksud ku Utuy „pemberontakan” tea, taja lian ti (tjeuk Utuy keneh) „menipu mendjual bohong”. Atuh lalakon Karnadi nu ku Utuy dianggap „pemberontak” tea (nu ditungtungan ku malidkeun maneh ka Tjitarum), dianggap djadi ..puntjak kemenangan” ! Alésanana ? Tjeuk Utuy mah madjar Karnadi teh wakil „manusia jang riil, jang seluruh gerak dan tindakna

hanjalah disebabkan oleh hal<sup>2</sup> jang lahiriah, disebabkan oleh kesadaran hidup kemasarakatan". Teu wéleh kuring mah panasaran, hajang térang naha ari manusa nu riil teh tjeuk konsepsi Utuy mah ngan wungkul manusa nu madoman kana hal<sup>2</sup> lahiriah bae? Naha ngan manusa nu madoman kana hal<sup>2</sup> lahiriah tea bae nu miboga kasadaran kamasarakatan teh? Lamun énja teh kitu, njata jen Utuy mah mah nganggap rěndah pisan kana kahirupan rohaniah teh!

Rada lutju djalan pikiranana nu ngahubung-hubungkeun nu ngarang *Rasiah Nu Goreng Patut* (Soekria) djeung pemberontakan komunis, ngan ku lantaran kabénérana eta buku mimiti kaluarna dina taun 1926, njaeta taun kadjadianana pemberontakan nu kiwari mah ditarélahkeun pémbérotakan komunis tea. Lutjuna teh njaeta ku lantaran tjeuk logika Utuy mah kieu : Karnadi teh tukang tipu. Ari tukang tipu keur Utuy mah identik djeung „pemberontak kemasarakatan”. Ari „pemberontak kemasarakatan” geus tangtu komunis. Hidji logika nu njababkeun kuring ras ingét kana logikana Ah Q, hidji tokoh tjitjiptan Lu Sin, budjangga Tiongkok nu kamashur. Atawa memang bénér Utuy mah boga pamadégan jen ku lantaran Karnadi teh tukang tipu manehna teh hidji pémbérontak, sarta ku lantaran kitu manehna teh komunis? Lamun énja teh, atuh Utuy njaruakeun komunis djeung tukang tipu!

Utuy agul kagolongkeun kana „kebudajaan bawah” padahal sipat<sup>2</sup> nu dipiagul ku manehna teh (nipyu, malling, imoril, rěndah budi), sasatna ngahina rahajat murba Sunda, atuh hénteu mustabil Utuy mah kiwari tipoporose hajang kasébut komunis teh ku lantaran tjeuk manehna urang komunis teh tukang tipu wungkul!

Nu pantés ditjatéteh deuih pangadjen urang Balai

Pustaka kana buku<sup>2</sup> hasil-sastra „liar” nu tjeuk Utuy mah madjar teh. „Itu bukan hasil sastra. Itu roman pitjisan!” Ari alešanana tjénah mah ku lantaran basa-na kasar djeung hénteu miboga adjen sěni tur hénteu ngadidik. „Dan kalau Balai Pustaka mengatakan „tidak mendidik”, tentunja jang dimaksudkannja itu : tidak membawa pembatja kepada keluhuran budi dan kehalusan nurani, tidak mendidik pembatja untuk djadi manusia jang beradab,” tjénah tjeuk Utuy teh koměntarna sinis. Urang ge térang jen Utuy mere pudjian pangluhurna ka tokoh Si Karnadi tukang tipu. Tur urang ge geus térang deuih kumaha rahajat murba nu ideal teh keur Utuy mah, njaeta lain manusa nu lu-hung budi djeung djémbar hate serta bérada, tapi sa-balikna. Ku lantaran eta atuh urang teu kudu heméng lamun Utuy njindiran-njeukseukan para pangarang nu mikahajang manusa nu maratjana bérada teh.

Paměndak<sup>2</sup> Utuy ngeunaan wawatjan *Purnama Alam* djeung karangan<sup>2</sup> Raden Memed Sastrahadiprawira nu ku manehna mah dianggap wakil „sastra murni”, njaeta „sastra jang mentjerminkan kebudajaan feodal, sastra jang masih ongkang-engkangan, tidak berpidjak kebumi jang njata senjata-njatanja”, di dieu pérélu ditjatét. Ka hidji ku lantaran kuring mah teu satudju jen „sastra murni” teh „sastra kaum feodal”. Ka dua ku lantaran Utuy kungsi njébutkeun dina tjéramahná tea (sabada mudji kaendahan susunan *Purnama Alam*) jen sanadjan djalma bakal ni’mateun matjana, tapi „sudah pasti orang<sup>2</sup> sematjam Karnadi akan merasa termasuk kepada jang tidak membutuhkannja”. Lamun Utuy njébut ngaran Karnadi di dinja minangka wakil rahajat murba („kebudajaan bawah” tea tjeuk istilah-na mah), atuh eta paměndak teh hénteu luju djeung kanjataan. Mun Utuy kungsi nitenan karésép rahajat murba, manehna bakal térang jen djustru di kalangan rahajat murba njampakna nu mikarésép tjarita<sup>2</sup> ngeu-

naan radja<sup>2</sup> nu pérang make kasakten pihelokeun teh. Sabab<sup>2</sup>na? Satjara psikologis sosial eta hal leuwih gampang ditérangkeunana : Minangka hidji panglum-patan kana impian endah tina kahirupan pait djeung kasangsaraan sapopoe.

Tapi naon atuh sababna pang Utuy něpi ka miboga paměndak kitu ? Tjeuk kuring mah, ka hidji ku lantaran manehna tara nitenan kahirupan rahajat murba kalawan daria sanadjan manehna ngaku agul djadi wědalān rahajat ge. Ka dua ku lantaran manehna di-na tjérarnahna ngalakukeun hidji salah-sangka. Manehna miboga anggěpan jen hasil sastra nu ngalala-konkeun radja<sup>2</sup> mah ngan bisa lahir djeung dipikaré-sép di lingkungan radja djeung karaton bae. Nja salah sangka eta pisan nu geus njababkeun Utuy tiko-sewad kana teorina nu njébutkeun jen pantun teh hu-sus keur konsumsi karaton bae. Padahal lamun maneh-na kalawan taliti nitenan deskripsi<sup>2</sup> djurupantun ngeunaan kahirupan di djero karaton bakal katangen jen eta deskripsi teh katjida pisan naifna. Deskripsi djurupantun ngeunaan kahirupan di karaton leuwih deukent kana kahirupan njata di padesan manan kana kahirupan di karaton nu énjaan. Eta hidji bukti jen pantun ditjiptakeun ku djalma nu tjan kungsi wanoh kana kahirupan djeung hirupkumbuh karaton.

#### SITUASI SASTRA SUNDA KIWARI:

#### HENTEU KRISIS

Dina tungtung bahasanana ngeunaan Moh. Ambri, Utuy njarita ..dengan hasil karja Moh. Ambri itu se-djarah perkembangan kesusastraan Sunda berhasil menemukan kuntji penutupnya. Sebab setelah itu deng-an meletusnya perang dunia kedua, apa jang dinama-

kan kasusastraan Sunda itu djadi rontok". Utuy njoba neangan sabab-sababna pang kasusastran Sunda „rontok" dina kanjataan jen ajeuna mah di gigireun basa Sunda teh digunakeun basa Indonesia kalawan intensif, nu kiwari geus djadi basa resmi djeung basa nasional. Sastrawan-sastrawan Sunda kiwari tjara nu dikonfrontasikeun kana hidji dilemma : „Apakah menulis dalam bahasa Sunda atau dalam bahasa Indonesia ?"

Kanjataan jen sastrawan<sup>2</sup> Sunda kiwari njangha-reupan eta dilemma, tjeuk kuring mah teu kudu dianggëp djadi tanda „rontok"na sastra Sunda. Komo lamun Utuy sorangan masih manggihan tjaritapondok djeung sadjak (lain djeung drama deuih? *Sang Kuriang* beunang Utuy upamana), dina madjalalah<sup>2</sup> djeung suratkabar basa Sunda nu adjenan. Tapi manan narima eta kanjataan djadi bukti pikeun nolak anggëpanana jen sastra Sunda kiwari teh krisis, Utuy kalah ka njimpulkeun „mesti diakui adanja krisis dalam kesusastran Sunda. Suatu krisis jang melontarkan pertanyaan: Masih berhakkah kesusastraan Sunda melanjutkan kehadirannja ?"

Lamun nu dimaksud ku Utuy ku këtjap „krisis" teh njaeta kagamang nu salilana kaalaman ku nu hirup dina huripna tjara nu kungsi dihartikeun ku Ortega Y Gasset, atuh sastra Sunda teh memang teu kungsi hënteu aja dina krisis. Tapi lamun ku këtjap „krisis" teh ku Utuy dimaksudkan mangsa<sup>2</sup> nu kritik, nu nangtukeun paeh-hirupna kasusastran Sunda, tjeuk kuring mah eta pamëndak anu pesimistik teh papaling-pang pisan djeung kanjataan.

Mun eta pamëndak diadjukeunana kira<sup>2</sup> limawëlas taun katukang mah, bisa djadi masih keneh dibënérkeun ku situasi. Tapi djeroning sapuluh-duabëlas taun ka dieunakeun, kamëkaran sastra Sunda teh geus nem-

bongkeun jen mangsa<sup>2</sup> kritikna geus liwat. Lain bae ku lantaran ajeuna mah djumlah madjalalah basa Sunda tērus-tērusan nambahan, sarta minat kana matja beuki rea bac (dibuktikeun ku oplah madjalalah<sup>2</sup> tea nu tērus-tērusan nambahan), tapi oge ku lantaran dina taun<sup>2</sup> pangahirna katineung para penerbit kana buku-buku basa Sunda geus mimiti ngagēdur. Kitu deui djumlah sastrawan nu daria beuki nambahan. Lamun sawatara taun katukang rea sastrawan Sunda nu kapaksa nulis dina basa Indonesia ku lantaran hajang meunang honorario, kiwari eta hal hēnteu pati djadi halangan, sabab madjalalah<sup>2</sup> Sunda oge ajeuna mah geus mimiti ngadjenan para pangarangna satjara kongkrit.

Tapi naon atuh sababna pang Utuy sakitu pesimitisna dina ningal situasi sastra Sunda kiwari teh?

Tjeuk kuring mah, aja dua sababna teh. Ka hidji ku lantaran memang Utuy mah hidji djalma nu watékna pesimitis, tjara nu kungsi dikēdalkeun ku Pramoedya Ananta Toer dina salah sahidji tulisanana kira<sup>2</sup> awal taun limapuluhan. Pramoedya njebut Utuy hidji pesimis-nihilistik panggēdena dina sastra Indonesia. Ka dua, ku lantaran Utuy sorangan sanjatana mah hēnteu miboga katineung nu tjukup pikeun nuturkeun kamēkarana sastra Sunda mutaahir kalawan daria.

Jen Utuy hēnteu miboga katineung nu tjukup pikeun nuturkeun kamēkarana sastra Sunda mutaahir kalawan daria, dibuktikeun ku utjapanana sorangan dina eta tjéramah. Tjénah ge „Kalaupun diwaktu belakangan ini bisa terbit buku<sup>2</sup> sastra berbahasa Sunda, adalah isinjá merupakan kumpulan dari apa jang pernah dimuat dalam madjalalah<sup>2</sup> tadi. Dan rata<sup>2</sup> baru mentjapai hasilsastra dalam bentuk tjerpen dan sadjak.” Padahal dina djero dua taun pangahirna bae oge geus

mēdal buku<sup>2</sup> hasilsastra Sunda (lain ngan wungkul kumpulan tjaripondok djeung kumpulan sadjak, tapi oge roman djeung drama), antarana bae : *Neangan* (1962) karangan Tjaraka, *Lalaki Di Tegal Pati* (1963) sadjak Sajudi, *Sang Kuriang* (1962) karangan Utuy T. Sonani, *Djurig !* (1963) karangan Tini Kartini, *Laksana* (1963) kenging M.I.A.W., *Kembang Patapan* (1964) djeung *Di Lēmbur Kuring* (1964) karangan Sjarif A-min, *Kandjutkundang* (1968) antologia sastra Sunda sabada pérang nu disusun ku Ajip Rosidi djeung Rusman Sutiasumarga djeung *Beber Lajar !* (1964) karangan Ajip Rosidi nu ngamauat esej<sup>2</sup> djeung kritik-kritikna ngeunaan sastra Sunda. Salian ti eta masih aja sawatara buku nu mangrupa tjitakan ulangan. Memang eta djumlah teh masih djauh kana njukupan, lamun seug ngingētkeun jen djumlah urang Sunda teh kiwari geus aja kira<sup>2</sup> duapuluh djuta djiwa. Tapi lamun ku urang dibandingkeun djeung sépina dunja pénérbitan buku basa Sunda dina djero kira<sup>2</sup> duapuluh taun samemehna, tangtu eta kanjataan teh lain hal nu bisa diliwat kitu bae bari peureum ku djalma nu boga angkeuhan jen manehna njaho kana situasi kasusastran Sunda kiwari. Di sagigireun eta, madjalalah<sup>2</sup> djeung suratkabar nu ajeuna kaluar djumlahna aja kira<sup>2</sup> sapuluh siki, nu oplahna rata<sup>2</sup> geus saluhureun 10.000 eksēmplar saban mēdałna.

Waték pesimitis nu sompong, nu tanpa ngajakeun panalungtikan nu taliti djeung daria geus wani ngamadjukeun tuduhan<sup>2</sup> „krisis” tjara nu dilakukeun Utuy teh, ngingētkeun kuring kana tuduhan<sup>2</sup> krisis kana kasusastran Indonesia kira<sup>2</sup> sapuluh taun katukang. Eta tuduhan teh dilakukeun ku Sudjatmoko saparakantja dina madjalalah *Konfrontasi* nu dipingpin ku St. Takdir Alisjahbana, Beb Vuyk djeung batu-baturna. Kitu deui palébah kasombong dina ngadjenan tjaritapondok

djeung sadjak minangka wanganan sastra anak bawang, sarua pisan Utuy djeung Sudjatmoko teh. Tjara Sudjatmoko, Utuy kalawan sompong njebutkeun „rata<sup>2</sup> baru mentjapai hasilsastra dalam bentuk tjerpen dan sadjak”, siga ēnja sadjak djeung tjaritapondok minangka wanganan sastra teh leuwih handap adjenna manan wanganan lianna !

Tapi kuring mah moal katutulujan neangan hal-hal nu sarua dina sikēp djeung anggēpan antara Utuy djeung Sudjatmoko teh, lantaran eta hal bakal djauh mamawa kuring kana ngabanding-banding pangadjen eta dua djalma masing<sup>2</sup> ngeunaan situasi sosial djeung kondisi masarakat katut politik — nu asa djauh teuing tina djēdjér ieu karangan.

Kasombong (atawa leuwih mērēnah mun disēbut „kamumul” bae kitu ?) Utuy katingal dina tjarana mere-adjen hasilsastra Sunda 1950 — 1960 nu dimuat dina *Kandjutkundang*. Pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan situasi sastra Sunda kiwari, Utuy ngarasa tjukup lamun ngalakukeun sistim random-sampling kana eta buku : mimiti muka djeung matja karangan pangarang pangngorana nu aja di dinja, tuluj nu tēngah tuwuh, tungtungna nu pangsepuhna, njaeta Ajat-rohaedi, Utuy T. Sontani ku andjeun djeung Tjaraka. Didasarkeun kana karangan eta tilu djalma tea, Utuy ngarasa wēnang narik simpulan nu pasti ngeunaan situasi sastra Sunda kiwari. Tjēnah ge pokna madjar teh : „Itu semua, gambaran kekosongan djiwa jang merindukeun kekasih, jang hidup tanpa pegangan, jang mentjari-tjari tapi tidak menemukan.” Tapi hēnteu ngan nēpi ka dinja, da Utuy mah ngarasa manggih diagnosana. Tjēnah ge : „Disadari atau tidak adalah akibat langsung dari hasil melatjurkan diri kepada pengaruh dari luar, akibat langsung dari hasil mela-

tjurkan diri kepada paham liberalisme."

Nu disebut ku Utuy djiwa kosong „jang hidup tanpa pegangan” teh njaeta pangarang Utuy T. Sontani ku andjeun. Njaeta dumasar kana sadjakna *Sangkuriang* nu ditulis dina taun 1952. Ari nu disebut djiwa kosong nu „mentjari tapi tidak menemukan” tea, nja eta pangarang Tjaraka, dumasar kana tjaritapondokna *Neangan*. Padahal lamun seug Utuy dina matja *Neangan* teh taliti djeung ati<sup>2</sup>, manehna bakal tērang jen nu boga lalakon („kuring”) dina eta tjarita teh hēnteu pisan<sup>2</sup> „mentjari tapi tidak menemukan”. Sabab salian ti manggihan kawēningan kahirupan djeung djiwa padesan teh, si „kuring” manggihan adjen-diri kamanusaanana nu kudu satia kana kawadjibana : „kuring” lunta ninggalkeun kota teh awahing ku bosēn kana pagawean nu eta<sup>2</sup> keneh unggal poe, hajang hirup bebas mērdika ulah katalian ku kawadjiban. Tapi kabuktian jen sanadjan di mana bae oge dalah nadjan di padesan nu njēngtjēling pisan, manusa mah katalian tur katalikung ku kawadjibana kana hirup djeung hirup-kumbuhna. Katalikung ku pagaweanana. Tjara si „babpa”, patani nu kudu geus indit ka sawah rēbun<sup>2</sup> keneh ari balik geus burit.

Eta papanggihan teh tjeuk kuring mah lain papanggihan leutik<sup>2</sup>. Kainsap kana kawadjibana jen si „kuring” teh bagian hakiki nu intēgral tina hirupkumbuh sosial, pasti hēnteu saluju djeung paham libéralisme ! Handjakal pisan jen Utuy, ku lantaran djiwana nu pesimitis tea, hēnteu matja kalawan tēlik nēpi ka teu bisa manggihan hakekat hirup nu sosialistis nu digambarkéun ku Tjaraka dina *Neangan*.

Katjida pisan kuring manghandjakalkeunana, lantaran Utuy nu teu kungsi nuturkeun djeung nitenan kamēkaran sastra Sunda kiwari, geus wawanian njimpulkeun kalawan gagabah jen sastra Sunda kiwari keur

krisis. Pesimismeun nu geus djadi watékna tea, kuduna mah ulah ngalantarankeun manehna ngamadjukeun simpulan jen nu lian̄ oge teu miboga srangenge poedjaga !

Ku tuduhanana tea, komo da diumumkeun ku surat kabar-suratkabar djeung pers Indonesia, bisa djadi Utuy geus ngageumpeurkeun pedah geus wani njebutkeun jen sastra Sunda kiwari ngalamān krisis. Tapi pikeun djalma nu kalawan intensif nuturkeun kamēkarān sastra Sunda mah, tuduhan Utuy teh taja lian ngan mangrupa demonstrasi nu nembongkeun jen manehna hēnteu miboga katineung nu tjukup pikeun nuturkeun kamēkarān sastra Sunda. Teori-teorina nu „asli”, ngan mangrupa demonstrasi nu nembongkeun jen Utuy teh lain bae hēnteu tērangeun ēnja kana sadjarah kamēkarān sastra Sunda, tapi pangpangna mah geus nembongkeun jen manehna teh pintér maen-lais luntjat-tali ku teori<sup>2</sup> nu papalingpang djeung kanjataan. Demonstrasi jen Utuy teh pintér njiptakeun teori<sup>2</sup> nu pabentar pada baturna. Demonstrasi jen dina njusun teori, manehna tatjan bisa make dialektikana logika — padahal toh manehna teh tokoh Lekra nu kuduna mah nganut faham kominismeun nu njumbēr kana (M(aterialismeun), D(ialektika) djeung H(istori) !

Djatiwangi, 28 Mei 1964



## *MAPAJ-MAPAJ RARATAN*

*Peutingna něpi ka djanari leutik ngobrol djeung para pangarang Sunda nu araja di Bandung, isukna rēbun\* geus dius ka Garut da kudu tjéramah ka para mahasiswa IKIP- karjawan djurusan basa djeung sastra Indonesia. Boh dina obrolan djeung para pangarang nu matak pogot tea, boh basa tjéramah, hěnteu kaburu njieun teks atawa djédjér nu tangtu, istuning ditalar wac, da sasatna sagalana dadakan. Djeung para pangarang Sunda, pangpangna njaritakeun pangalaman masing-masing enggoning njipta babakuna ngeunaan motif-motif nu djadi pangdjurung djeung maksud-tudju-an nu matak milih hirup djadi pangarang; tungtungna ragot pérkara inspirasi djeung transpirasi, da masing pangarang miboga motif djeung kabiasaan nu beda\*, aja nu ngabeuratkeun kana inspirasi, aja nu ngabeuratkeun kana transpirasi. Ari djeung para mahasiswa IKIP Garut, pangpangna njarita ngeunaan situasi kasusastran kiwari, boh Indonesia boh Sunda. (Tjéramah di Garut teh hěnteu sorangan ; kuring milih pérkara kasusastran Sunda kiwari, pangpangna pérkara kritik nu kurang pisan dina kasusastran Sunda dipatalikeun djeung fungsi mahasiswa IKIP-karjawan nu ngadjar atawa bakal ngadjarkeun kasusastran ka générasi anjar. Tapi dina tanja-djawab mah, kuring ge rea kudu ngadjawab soal\* ngeunaan kasusastran Indonesia).*

*Di dieu kuring hajang ngebrehkeun paměndak ngeunaan sawatara hal, boh anu ragot diobrolkeun djeung para pangarang Sunda peutingna boh anu dibahas dina tjéramah di Garut. Hěnteu kabeh nu ditulis di dieu teh kungsi ditépikeun harita, kitu deui hěnteu kabeh nu ditépikeun harita dituliskeun di dieu. Ieu mah minangka pétihan\* sangeunahna, nu hěnten ngaleundjeur sistimatika djeung pilihan materina.*

## PANGDJURUNG DJADI PANGARANG

Rea para pangarang nu peuting harita ngariung, batuka jen nu matak maranehanana ngarang atawa milih hirup djadi pangarang teh. kadjurung ku hajang milu méménér atawa memeres kaajaan sosial djeung masarakat kiwari. Paling hënteu nu matak něpi ka ngarang teh. kadjurung ku hajang ngritik atawa ngagambarkeun kaanehan<sup>2</sup> sosial kiwari. Aja nu ku lantaran nendjo para tunasusila nu djadi korbanna kahirupan djeung kateuheresan sosial. Aja nu ku lantaran ngarasa dirugikeun dumeh supir<sup>2</sup> oplet kudu naekkeun ongkos-tambanganana da bongan salian ti kudu majar bengsin teh kudu majar padjög tambahan sapandjang djalan deuih. Aja nu ku lantaran hajang něpikeun géréntès rahajat leutik nu kapanggih dina hirup sapopoe.

Tapi aja deui nu satjara insap hajang ngadidik baturna salémbur. nu něpi ka kiwari masih keneh hirup dina alam nu pinuh ku kaahengan<sup>2</sup> djeung kaanehan<sup>2</sup> kajaning djurig-djarian, setan siluman marakajangan.

Eta pangdjurung teh tangtuna ge rea pisan bedana djeung pangdjurung nu geus ngalantarankeun para pangarang genérasi heulaeunana ngarang. Harita mah nu ngarang teh aja nu lantaran hajang naek pangkat, hajang kaanggo ku dunungan. Atawa hajang djadi budjangga nu hirup ngahénang-ngahéning misah tina kanjataan nu matak ripuh.

Tapi lain eta bae bedana teh saénjana mah. Adjen-inadjen dina soal<sup>2</sup> susastra djeung sěni djaman harita djeung ajeuna geus barobah. Harita mah tjita estetika wawatjan nu djadi ukuran teh pangpangna. ari kiwari mah apan beda deui.

Eta kabeh lain bae ngebrekheun jen tjita estetika urang Sunda barobah nu njumbér kana barobah kahi-

rupan masarakatma, tapi oge ngebrehkeun jen urang Sunda satia kana sipaytina nu asli, njaeta bangsa nu rantjage tur tagen ēnggonging njanghareupan rupa<sup>2</sup> barobahan djaman djeung barobahan alam.

Kaajaan nu geus barobah tangtuna oge mērēdih sangkan para pangarang oge ngalēngkēpan békél diri na ku dasar<sup>2</sup> djeung lēlēmah-pakarang djaman kiwari. Djaman sastra ngan djadi panglipur geus liwat. Kiwari geus mimiti alam anjar, di mana para sastrawan satjara insap tur sadar milih lapanganana tea ēnggongning babakti kana kahirupan djeung masarakat. Motif<sup>2</sup> nu sipaytina pribadi nu ngadjurung para pangarang ngora urang djadi pingarang meh teu aja, da rereana pangarang ngora urang mah geuning satjara insap milih lapangan sastra minangka pilihan hirupna. Eta tangtu mērēdih konsekwensi-konsekwensina : para pangarang nu djadina pangarang kadjurung ku kaajaan sosial teh lain bae kudu mampuh ngarondjatkeun pamasalahan sosial tea djadi masalah nasional, tapi oge eta pamasalahan teh kudu nēpi kana daradjat adjen sēni. Nja ieu masalah nu mērēdih para pangarang kiwari sangkan ngalēngkēpan diri, lain bae ku palēngkēpan-palēngkēpan pikeun ngajakeun observasi sosial, tapi oge ku palēngkēpan<sup>2</sup> sangkan hasilna tea mangrupa hasil-sastra nu luhur adjenna.

Djadi sabada milih hirup djadi pangarang ku lataran pangdjuring situasi sosial teh, kudu ngalēngkēpan diri ku pangawēruh<sup>2</sup> estetis nu mangrupa pakarang filosofis djeung tehnis. sangkan nu dihasilkeunana lain ngan mangrupa protes atawa konstataasi sosial bae, tapi oge memang ēnja<sup>2</sup> adjenan.

## KRITIK SASTRA SUNDA

Sarerean ge geus pada tērang, malah geus rea nu ngarasueun akibatna, jen kasusastran Sunda tumuwuh meh tanpa apingan kritik. Nu aja teh pangpangna mangrupa kritik basa. Hénteu anch, da harita mah dianggapna sastra teh identik, sarua pisan, djeung basa. Djadi dianggapna papagon<sup>2</sup> sastra teh nja papagon<sup>2</sup> basa, ku lantaran eta hasilsastra ge nja ditjéhtjér diintjér diukur ku papagon<sup>2</sup> basa bae.

Guru-guru basa ngarasa djadi ahli basa. Kitu deui para ahli basa ngarasa djadi ahli sastra ongkoh. Sadadjan pangawérulna ngeunaan sastra mah hénteu leuwih ti apal kana patokan-patokan pupuh djeung dangding bae.

Nja kadjadian djalma-djalma nu ahli ngapalkeun patokan<sup>2</sup> pupuh dianggap djadi budjangga atawa pangarang mojan, ari pangarang<sup>2</sup> tjara Joehana ku lantaran dina karangan-karangananana rea ngagunakeun basa nu hirup dina djero pakumbuhan sapopoe tapi salah tjeuk aturan tatabasa katut undak-usukna, diharapkeun asup kana buku<sup>2</sup> pangadjaran sastra.

Nja kadjadian guru<sup>2</sup> basa nu ngadjarkeun sastra teh ngan népi kana njaritakeun guru-lagu, patokan pupuh, purwakanti, rinekabasa djeung ..... lagu<sup>2</sup> tembang.

Nja kadjadian barudak nu mangtaun-taun diadjar sastra Sunda atawa nuturkeun kasusastran Sunda, ngan tépi kana ngapalkeun hal<sup>2</sup> djeung patokan<sup>2</sup> nu kiwari teu hirup deui. Tungtungna poekeun dina njangharéupan hasilsastra nu wandana hénteu tjara wawatjan atawa dangding.

Sabalikna kurangna atawa teu ajana kritik sastra teh, ngakibatkeun para sastrawan Sunda hénteu meunang

pangdjurung atawa stimulans nu ngarondjatkeun hasil tjiptaanana. Para sastrawan Sunda nu eukeur mah dina kahirupan kasusastranna henteu wanoh kana kritik, tara pisan piradjeunan ngeunteung kana kahirupan kamékaran sastra deungeun, nja kadjadian ana sakali-kalieun ngawanchkeun hasilsastra deungeun teh ngan něpi kana miliban tjarita nu „rame” bae. Karangan-karangan sastra nu klasik ti Shakespeare upamaan dianggap tjukup mun dikaluarkeun ..... singgëtan tjaritana bae. Diarah „aramena”.

Nja kadjadian Moh. Ambri, salah saurang sastrawan Sunda nu kamampuhna henteu eleh ku Lu Hsin, budjangga Tiongkok nu pangmashurna sarta dianggap djadi bapa sastra Tiongkok moderen, boh dina observasi psikologis boh dina observasi sosialna, pon pilalagi dina adjen manifestasi tjiptaanana, nu geus mampuh njiptakeun *Lain Eta, Burak Siluman, Mundjung, Numbuk di Sue, Ngawadalkeun Njawa*, henteu něpi ka mingpin kamékaran pamikiran kabudajan djeung kasusastranna. Kitu deui henteu něpi ka satjara sadar ngarobah adjen-inadjen susastra nu sajenana mah dikandung ku hasil<sup>2</sup> tjiptaanana.

Nja kadjadian, Tjaraka nu dina tadok-tadokna nu dimuat dina buku *Neangan* nembongkeun panalitian sosial djeung psikologis nu katjida hade tur seukeutna, tulujna mah bët ngarasa sugëma ku njieunan tjarita<sup>2</sup> nu dipaksa-paksakeun nu terus ditema ku *Dunja Lalaki* nu ngawang-ngawang pisan. Nja kadjadian něpi ka nulis *Menuk Buheula* nu mimitin nembongkeun ironi nu seukeut, tungtungna djadi hidji tjarita simbolik nu henteu matëng tur pangarangna mah salilana ngarasa beuki lila beuki hade bae karanganana teh.

Nja kadjadian, Ki Umbara nu sakapeung mampuh nulis tjarita nu luhurst pisan adjenna tjara *Kiai Bantawulung* (dimuat dina *Diwadalkeun ka Siluman*), saka-

peung katalimbēng ku tjarita<sup>2</sup> murahan nu gēde pisan gandjorna. Bari djeung teu sadareun deuih, jen eta tjarita<sup>2</sup> teh aja dina widang sastra djeung nu lain-sastrā.

Nja kadjadian Wahyu Wibisana nu bakatna memang luar biasa. dieksploratir (atawa ngeaksploatir maneh) nēpi ka bebeakan tanpa pērsiapan<sup>2</sup> nu asak, da ngarasa taja nu ngageuingkeun tur „kasieuu”na teh ngan bisi kapopohokeun inun hēnteu tērus-tērusan ngabombardir masarakat ku pagawean-pagaweanana nu alanjar.

Nja kadjadian .....

Rea kadjadianana teh. Nu saēnjanā mah bisa ditjēgah. Nu pangparnana, lantaran rea kadjadian nu asak djeung nu atah, nu ēnja-ēnja hasilsēni djeung nu mangrupa hasil sensasi, pabaur teu kapilih. Mangkāning ari masarakat umum mah apan hēnteu bisa gantjang ngabedakeun mana nu adjenan mana nu hēnteu. Da eta mah kawadjiban ahli kritik — kritikus tea.

Nja eta pisan kawadjiban kritikus teh : nimbang<sup>2</sup> hasilsēni nu disodorkeun ku sēnimān atawa sastrawan, mun pērēlu njēmpad bebeakan, tapi mun pērēlu mudji satakēr kēbék, dapon puguh alēsan<sup>2</sup> djeung lantaranā tjeuk timbangan<sup>2</sup> estetis djeung lian-lianna. Nja kritikus nu boga kawadjiban kudu nuduhkeun ka umum mana nu ēnja<sup>2</sup> adjenan djeung mana nu hēnteu. Mana nu ēnja<sup>2</sup> hasilsēni djeung mana nu sēsēnian wungkul. Nja kritikus nu boga papantjen kudu nuduhkeun mana hasilsēni nu luhur adjenna djeung mana nu hasil sensasi murahan.

Kritikus kudu djadi djalma nu mere pituduh ka masarakat ngeunaan hasilsēni, sastra, musik, lukis djeung lian-lianna. Kritikus kudu djadi sasak nu njambungkeun dunja-sēni ka masarakat umum nu hajangeun tērang kana tjiptaan sēnimān. Kritikus kudu djadi „djurubitjara” sēnimān ka masarakatna, tapi sabalik-

na oge djadi wawakil masarakat dina nalingakeun kamékaran tjiptaan séniman sangkan ulah madju ka tutkang atawa milépas djadi tjitjiptan djélémaga-gulan-djeng.

Kritikus lain bae kudu murba dunja si séniman, tapi oge kudu murba alam-pikiran djeung basa katut istilah-istilah masarakatna. Kudu murba angén<sup>2</sup>, kahajang, pangrasa djeung kaajaan sosial bangsa, rahajat katut manusa umumina.

Dina mangsa kiwari, di mana apresiasi (pangadjen) kana sastra tatjan tumuwuh kalawan subur, memang kritik mangrupa hidji lapangan nu pinuh ku rupa<sup>2</sup> prasangka. Min aja djalma nu wani<sup>2</sup> ngristik salah saurang budjangga nu geus mojan, teu mustahil eta djalma disebut kurang adjar, malah aja nu disebut „meureun wae sirikeun“ nanaon.

Kaajaan nu tatjan maténg pikeun narima kritik, nu énggonging njanghareupan kritik masih pinuh ku prasangka tea, bakal sirna-leungit mun apresiasi sastra urang Sunda geus tumuwuh subur.

Nja guru<sup>2</sup> basa djeung sastra nu boga papantjen sangkan njuburkeun tumuwuhna apresiasi sastra ka générasi anjar nu bakal datang teh. Nja guru<sup>2</sup> basa djeung sastra nu kudu mélakkeun karésép, minat djeung katjinta kana sastra teh. Nu tuluj kudu diipuk sangkan eta katjinta teh hénteu negatif, tapi dibaréng-an ku lélémah djeung wawasan nu sehat tur up to date.

Mahasiswa IKIP-djurusan basa djeung sastra nu baris njanghareupan murid<sup>2</sup> ngawulangkeun basa djeung sastra, boga papantjen pikeun ngipuk minat, karésép djeung katjinta para murid kana sastra. Nja hénteu sacutik péranan djeung sumbangan nu bisa dibaktikeun ku maranchanana kana kamékaran basa djeung sastra.

## TÉMBANG TJIANDJURAN HENTEU REVOLUTIONER

Lain sakali aja nu nanja : Naha čenja ari témbang Tjiandjurān teh hēnteu revolutioner ? Pangpangna ku lantaran kungsi aja djalma nu nulis dina surat kabar madjar Témbang Tjiandjurān kudu direvolutioner-keun.

Kabēnēran kuring mah hēnteu matja cta tulisan. Tapi mun urang ngabandungan témbang Tjiandjurān memang asa djauli djarauh tina suasana revolusi teh. Enja gēnab, tapi asa lain alam revolusi. Djadjuheun kana ngadjak bērdjoang atawa njaring tjaringtjing teh da asana nu sidik mah sok mawa kēlar djeung djarauh panineungan.

Lain hartina Tjiandjurān hēnteu endah. Lain hartina témbang<sup>2</sup> Tjiandjurān hēnteu luhur adjenna. Témbang<sup>2</sup> Tjiandjurān mah čenja endah djeung luhur adjenna teh. Mun nēpi ka aja nu teu daek narima eta kamjataan, sidik tjeulina katorekan ku sora tandjidor.

Memang Tjiandjurān mah lain tandjidor.

Lain bidji dua ahli musik nu ngaku luhurna adjen témbang Tjiandjurān. Rek ahli musik Eropah rek ahli musik urang, nu tjeulina hēnteu kahalangan ku barongsaj mah, kabeh oge tapakdēku sudjud dina kaendahan témbang Tjiandjurān nu luhur pisan adjenna.

Tapi ari revolutioner hēnteuna mah .....

Aja djalma nu ku tina tjinta-tjintana kana Tjiandjurān, tur manelina hirup kiwari dina alam revolusi, nja hajangeun „ngarevolutionerkeun” témbang Tjiandjurān, antarana ku djalan njiéunan dangding nu pinuh ku „kētjap „revolusi””, „bom”, „bēdil”, „dor-dar”, „pērang” djeung sabangsana. Tapi ari laguna Udan Mas, atuh sanadjan tjeuk kékētjapanan dor-dar pē-

rang pelor pating suliwér oge, anggér wae suasana tēmbangna mah sora midangdamna lalaki nu ditinggal-keun ku kabogoh .....

Da ari revolusioner hēnteuna hidji lagu mah, hēnteu ngan ditangtukeun ku kékétjapanana bae, hēnteu ngan ditangtukeun ku dangdingna bae. Malah babakuna mah lain ditangtukeun ku dangdingna.

Da revolusioner hēnteuna hidji lagu mah pangpang-na ditangtukeun ku djiwa laguna, ku musikna. Lain ku kētjap-kētjapna.

Ku lantaran eta, tēmbang Tjiandjur'an mah hēnteu bisa direvolusionerkeun ngan ku ngarobah kētjap-kētjapna atawa guguritanana wungkul.

Mun aja pihak nu hajang ngarevolusionerkeun tēmbang Tjiandjur'an, sidik atuh tēmbang Tjiandjur'an teh hēnteu revolusioner ari kitu mah.

Enja deuih, da suasana djeung djiwa tēmbang Tjiandjur'an mah djauh tina basa<sup>2</sup> revolusi. Tēmbang Tjiandjur'an mah tjiptaan djalma nu geus ngahēnangngahēning, manunggal, nu geus murba revolusi. Da tēmbang Tjiandjur'an mah lahir tur ditjiptakeunana teh lain dina alam revolusi.

Tēmbang Tjiandjur'an minangka hidji hasilsēni, mangrupa hasil tina hidji djaman, hidji kaajaan. Nj-eta kaajaan nu djauh tina revolusi.

Tēmbang Tjiandjur'an nūnangka hasilsēni, mangrupa warisan karuhun nu hirup dina alam nu memang luju djeung suasana katut djiwa eta tēmbang Tjiandjur'an.

Soalna teh lain : Naha urang bisa ngarevolusionerkeun Tjiandjur'an atawa hēnteu ? Tapi : Naha urang pērēlu ngarevolusionerkeun tēmbang Tjiandjur'an atawa hēnteu ?

Djawabna sidik tjeuk kuring mah : Hēntcu. Hēnteu

pérélu.

Tembang Tjiandjurān minangka warisan karuhun, mangrupa hasil-seni nu luhur adjenna nu ngagambarkeun kaajaan pakumbuhan harita. Urang nu hirup dina djaman nu beda kaajaanana djeung alam harita, tangtu miboga espresi djeung sifat katut djiwa nu beda ti alam karuhun tea. Nu tangtu mikabutuh wanganan espresi nu beda ti nu geus ditjiptakeun ku karuhun tea. Urang mah nu hirup dina djaman revolusi, tangtu mikabutuh espresi nu revolusioner nu dina wudjudna bakal beda pisan djeung wudjud hasil-seni tjiptaan karuhun.

Urang nu ngarasa djadi turunan bangsa rantjage, nu aktif tur kreatif, tangtu moal sugéma ku ngajakeun „reparasi leuleutikan“ tina hasil-hasil-seni karuhun, tapi ngarasa pérélu njiptakeum hasil-seni sorangan nu lain bae luhur adjenna tapi satjara plastis tur espresif ngagambarkeun djiwa alam djeung djaman urang kiwari nu revolusioner.

Dina énggonging hajang ngawudjudkeun espresi djeung aspirasi revolusioner urang dina séni musik, urang ulah ngarasa tjukup ku „ngareparasi leuleutikan“ tembang Tjiandjurān djeung lian<sup>2</sup>-na bae, tapi kudu mampuh njiptakeun lagu<sup>2</sup> anjar nu revolusioner. hari nandjeur dina tradisi-agung tembang Tjiandjurān, Tradisi agung nu kudu luhur adjenna.

Lagu Sajudi „Bénde Revolusi“ nu geus meunang hadiah ti pamarentah daerah Daswati I Djahar dina pasanggiri lagu<sup>2</sup> Revolusioner, geus ngabaladah pidjalanéun pikeun njiptakeun lagu<sup>2</sup> revolusioner nu tétep miboga djiwa Sunda.

Mun make espresi Jus Rusamsi mah meureum : Urang nu kiwari hirup dina djaman revolusi ulah sugéma ngan ku ngareparasi Borobudur bae, tapi kudu njiptakeun tugu nasional. Tapi lain hartina Borobudur

kudu dipitjeun atawa ditugaran, diganti ku tugu na-sional !

Tjiptaan warisan karuhun kudu dipulasara, sabab urang teh hidji bangsa nu ēmbung disebut hēnteu ngarti kana hartina sadjarah. tapi sēniman<sup>2</sup> kiwari ge kudu ulah eleh ku knagungan warisan karuhun.

Bandung, 14 Djuni 1965



I

Mun kuring njebutkeun jen dina kasusastran Sunda mah kritik kurang pisan, nu dipimaksud teh njaeta karangan-karangan nu ngabahas sastra djeung sastrawan Sunda. Djadi „kritik” di dieu kudu dihartikeun rupaning karangan prosa nu ngadjudjut hasil sastra atawa sastrawan. Lain sipat atawa eusina karangan-karangan sastra nu mangrupa kritik boh kana kaajaan sosial boh kana kapertjajaan djeung kajakinan manusa Sunda kiwari. Mun tjeuk basa Nekelim tea mah, nu dipimaksud ku „kritik” di dieu teh njaeta „criticism”.

Da ari karangan-karangan nu sipatna djeung eusina mangrupa kritik mah, boh nu winangun prosa boh nu winangun puisi, henteu kurang dina kasusastran Sunda oge.

Ti mimiti tjarita pantun nu eusina mangrupa kritik sosial ka radja nu gawena ngan nepi kana ngajakeun pesta nagara bari menta sumbangan ti rahajat nepi ka karangan-karangan Tjaraka atawa Ki Umbara nu terang-terangan atawa satjara simbolik ngritik kaajaan sosial kahirupan kiwari : — ti mimiti dangding-dangding Hadji Hasan Mustapa nu ngritik ulama-ulama djeung djalma-djalma nu dijiwana henteu bisa bebas-merdika nepi ka sadjak-sadjak Sajudi djeung Surachman nu ngritik kahirupan djeung kahuripan rohaniah kiwari : — ti mimiti karangan-karangan G.S. dina *Dogdog Pangrewoong* nu njeungseurikeun kahirupan menak-menak djaman kolonial nepi ka tjarita-tjarita Wahju Wibisana nu ngritik kahirupan rahajat murba ajeuna. Eta kabeh mangrupa bukti njata jen para pangarang Sunda henteu resépeun ngan ngacheueuhan

kana sagala heueuh nu teu saheueuh djeung manelina. Nembongkeun jen para pangarang Sunda beunta turta henteu sudieun dipeungpeunan. (Tangtuna oge henteu kóbeh, da rea atuh nu rèsépeun hirup ditungtuun djeung dihuapan batur bae oge !).

Djadi mun kuring njebutkeun jen dina kasusastran Sunda mah kritik kurang pisan, hartina teh dina kasusastran Sunda, „criticism” kurang pisan.

Naon akibatna kurangna kritik, kurangna „criticism” teh kana kamékaran kasusastran Sunda ?

Dina tulisan-tulisan nu ti heula, kuring geus siring nataan akibat-akibatna nu parna tur ngarugikeun pisan kana kamékaran kasusastran Sunda. Pangpangna pa-nagaruhna satjara psikologis ka para pangarang, nu dina produktivitana teu mustahil leungiteun tjétjékélan atawa sengget geusan naek. Tjohagna mah leungit-eum „ukuran” énggonging ngukur hasil-hasil prestasi-na. Mënding mun ninggang di pangarang nu sok piradjeuman ngeunteung kana kasusastran deungeun. Ku-maha lamu ninggang di pangarang kurung batok nu nganggap dunja teh ngan sagéde batok nu ngurunganana bae ?

Tur tjeuk kuring mah, kanjataan jen umumna pa-nagarang-pangarang urang kurang ngeunteung, kurang matja, kurang nuturkeun kamékaran kasusastran dunja umumna teh, lain sawangan pesimistik atawa pandang-réndah. Tapi istuning hidji kanjataan nu bakal mo bisa dipungkir, da énja kitu buktina.

Tangtu bae eta kanjataan teh lain kasalahan pangarang-pangarangna teuing. Tapi miboga kasangtukang sosial djeung kahirupan nu leuwih djembar. Eukeur mah eukeur atikan djeung sistim sakola di urang tatjan ngadidik barudak sangkan sastra-minded, katurug-turug kaajaan pabukon djeung hasil-hasil sastra nu aja di urang oge katjida pisan waluratna.

Umumna para pangarang urang mah apan wéðalan sakola-sakola nu memang hënteu mere kasémpétan pikeun wanoh kana sastra asing satjara intensif. Mun aja pangarang nu bisa ngungkulon eta kaajaan, gégédena mah njá hasil usaha manehna sorangan bae. Mangkaning ari kahirupan urang Sunda teh hënteu mere kasémpétan deuih pikeun gampang bisa wanoh kana kasusastran : Pérpustakaan nu djadi sarat-mutlak pikeun ajana wawanohan djeung kasusastran, apan ngan dëdët ku komik, tjarita koboj, dongeng-dongeng sensasi djeung tjarita silat bae !

Kivari mali kaajaanana geus rada saleuheung. Mak-sud teh, pérhatian djeung minat para pangarang urang kana kasusastran deungeun nu leuwih madju geus mi-miti énjaj-énjajan. Aja pangarang-pangarang nu teu sugémaeun ngan ku matjaan karangan-karangan dina basa Sunda atawa Indonesia bae. njá tuluj satjara intensif nuturkeun sastra dunja dina basa deungeun atawa dina basa aslina. Memang hënteu rea djumlaha-nu kitu teh, tapi eta kamékaran pikeun kuring mah mutuh matak pikagumbiraem pisan. Naon sababna ? Sabab ku djalan eta, para pangarang urang bakal insap jen pikeun djadi pangarang teh hënteu gampang. Jen pikeun djadi sastrawan teh, hese. Jen pikeun djadi séniman teh hënteu babari. Kudu rea tatahar djeung usaha. Kudu rea ngulik djeung njaliksik. Kudu énjaan témén-tinéménan. Naon sababna nu matak kitu ? Sabab lamun maranehanana geus waranoheun kana hasilsastra dunja nu arendah tur aragung, ukuran-ukuran djeung tetendjoanana oge bakal ngadjémbaran-nga-djeroan-ngaluhuran. Horison sawanganana bakal leuwih lèga. Bakal insap jen puntjak-puntjak sastra teh lain dina karangan-karangan Salmun atawa Memed Sastrahadiprawira. Bakal insap deuih jen dibandingkeun djeung puntjak-puntjak sastra dunja mah, dalam karangan-karangan Moh. Ambri oge tatjan nanaon.

Bakal insap deuih jen enja geuming dina sadjarah sastra Sunda teh, nich tatjan aja sasaha ! Paling-paling H. Hasan Mustapa ka dua Moh. Ambri !

Tjindékna kadjémbaran sawangan mah mo něpi ka nimbulkeun chauvinismeu nu kaleuleuwih. Chauvinismeu na teu euleum-euleum agul ngaku-ngaku jen kasastran Sunda teh heunghar pisan, da nganggap basa Sundana oge basa rasa nu pangendah-endahna sadunja, bari djeung hënteu kungsi ngabanding-banding djeung basa lian, da kabisana oge ngan basa Sunda-basa Sundana ! Chauvinismeu nu dina mere adjen-inadjen ngan ngagugu kana rarasaanana bae. Mangkaning rarasaan nu teu matang tea !

Tapi usaha-usaha nu pikagumbiraeun kitu teh, usaha-usaha individuil, Saurang-saurang ! Djeung djumlahna teu rea deuih, Katendjo dina hasil-hasil karanganana oge, da nembungkeun kadjémbaran-kadjéroan-kaluhuranana manan nu lian-lian. Sakapeung mah kurasa pisan gandjorna djeung nu sedjenna teh, sana-dian pada-pada meunang sëbutan „hade”, „rame” sarta pangarangna pada-pada kasébut „mojan” oge.

Dua karangan nu gandjorna djauh pisan (malah pérénahna oge lain-lainna deui, da nu hidji hasilsastra ari nu sedjenna mah ukur panglipur), tapi padapada meunang applaus nu sarua — tangtu teu mérénah karasana. Teu wadjar meureun pibasacunana mah. Naon sababna pang teu wadjar ? Sabab dua karangan nu sastra djeung nu lain sastra, hënteu bisa sarua mun pada-pada diukur ku ukuran nu matang. Da pérénahna oge beda-beda,

Tapi naon sababna atuh pangna pada-pada dianggap sarui ku nu maratja ?

Tjeuk kuring mah ngan hidji sababna teh, njaeta ku lantaran ukuran nu dipake nimbang eta dua karangan tea hënteu matang. Lantaran ukuranana tea hënteu miboga ..... ukuran !

Dina njanghareupan karangan-karangan nu dibaratjana, umumna urang Sunda ajeuna tatjan bisa misah-misahkeun mana nu sastra djeung mana nu lain sastra. Geuning ahli-sastrana oge, ana mere wangenan naon ari sastra, pokna teh : „Sagala rupa nu direka ku basa” atawa „Tulisan nu aralus . . . . .”

Ningkatna adjen karangan-karangan sastra kuduna mah dibaréngan ku ningkatna apresiasi sastra nu maratjana. Beuki djembarna, beuki djérona djeung beuki luhurna adjen karangan-karangan para pangarang nu motekar sosoranganan tea kudu dibaréngan ku beuki djembarna, beuki djérona tur beuki luhurna apresiasi sastra nu maratjana.

Nja di dieu pisan fungsina kritik sastra teh : Kritis-kus sastra kudu satjara aktif ngarondjatkeun apresiasi sastra nu maratjana, sangkan bisa nuturkeun kamékar-an djeung kamadjuan hasil-hasil sasra para pangarangna. Komo dina alam kiwari nu masih kurang malah euweuh pisan pëndidikan apresiasi sastra mah !

Kritik sastra („criticism” tea) pangpangna di urang mangsa kiwari, fungsina salian ti mere-adjen kana hasil sèni teh, pangpangna mah kudu edukatif. Hartina kudu sakalian ngarondjatkeun apresiasi sastra nu maratjana, malah boa kudu mere atikan apresiasi sastra ti munggaran pisan.

Kritik sastra Sunda kiwari, kudu miboga dua guna nu njata : Ka hidji mere adjen kana karja si pangarang. Ka dua ngadidik djeung ngarondjatkeun apresiasi nu maratjana. Malah boa nja nu ka hidji kawadjiban pikeun ugadidik djeung ngarondjatkeun apresiasi sastra nu matjana teh.

Kritik sastra Sunda kiwari, pangpangna kudu bisa netelakeun ka nu maratjana mana karangan nu énja-énja hasilsastra djeung mana nu hënteu, nu wungkul ngan mangrupa kitsch, hiburan-murahan nu palsu. Malah leuwih ti eta : Kudu ngadidik nu maratjana

sangkan ngarti naon ari sastra. nu kumaha ari sastra teh,

Tanpa leuwih ti heula 'misah-misahkeun sastra djeung lain sastra, kritik normatif ngan djadi demonstrasi tukang-obat di sisi djalan nu ngaku-ngaku djadi dokter-ahli. Nu bisa djadi bisa njababkeun djalma-djalma saliwat hookeun mata simeuteun, tapi ngan matak handjelu djalma nu ngarti kana elmuning kasehatan bae. Dina salahna mere diagnosa djeung ubar, tanwande bakal nimbulkeun rupa-rupa prasangka kana elmu kasehatan.

Djutjungna teu mustahil bakal ngarugikeun kama-djuan apresiasi masarakat sakumna.

Kritik nu tanpa misah-misahkeun heula sastra ti nu lain sastra, ngan bakal djadi oprasi anatomi djasad nu teu puguh njawana bae. Lamun njawana hënteu puguh naon gunana atuh oprasi ? Sanadjan upamana oprasi anatomi oge ?

Kritik sastra, tjara sastra, lain kaulinan. Kritik sastra, tjara sastra, mérédih kadaria, kasérieusan nu mutlak. Nadjan aja nu njebutkeun jen ari kritikeus mah hënteu salilana pangarang Maher, tapi ulah dihartikeun jen kritikeus mah teu kudu Maher ngarang ! Malah nja ti para kritisipisan urang pangpangna kudu mérédih kaunahan ngarang satjara tehnis nu sam-puina. Lain ngarang hasil sastra, tapi ngarang ēnggoming njusun kritik-kritikna. Sabab kritik nu ditulis padjeudjeut, moal beuki njaangan dunja sastra. Moal beuki njaangan hasil sastra nu dikritikna. Ari kritik apan kudu mere tjaang djeung katrangan ngeumaan hasil sèni atawa sastra ! Kritik kudu ngahubungkeun hasil sèni djeung masarakatna bari ngawanohkeun masarakat kana hasil sèni. Ku kituna kritik teh miboga fungsi ganda, tjara peso nu seuseukeutna dua : Ka hidji kudu djadi tuduh djalan pikeun masarakat ēnggoming milih djeung ngarasakeun kani'matan (apresiasi)

sěni. Nu ka dua kudu djadi tuduh djalan pikeun hasil sěni sangkan meunang tēmpat di masarakat. Kritik kudu ngadjauhkeun prasangka masarakat kana hasil sěni djeung kudu bari ngipuk apresiasi masarakat kana sěni djeung ngarondjatkeun hasil sěni sangkan adjenna leuwih luhur.

Ku lantaran eta kritik kudu ditulis kalawan maher tur etjes supaja gampang kahartieunana ku nu maratjana. Ngan lamun ēnja-ēnja maher tur tabah kana ekonomi-sastra djeung teknik-ngarang bae, kritikeus bisa ngarang nu singgët-etjes pikeun nu matjana.

Kritik sastra teh kudu djadi panganteur pikeun masarakat ngeunaan tjara-tjara djeung dasar-dasar ēnggonging matja sastra. Kritik sastra ulah matak lieur něpi ka nu matjana ngarasaeun pērēlu ku „panganteur” deui pikeun matja eta panganteur teh !

## II

Sangkan bisa ngabeda-bedakeun mana sastra djeung mana nu lain sastra, kritikeus kudu tērang heula naon ari sastra. Nu kumaha nu sastra ? Djeung nu kumaha nu lain sastra ? Naon watéswaténsna antara sastra djeung lain sastra ?

Enggonging neangan djawabna eta pananja, urang hēnteu kudu tukuh katalian ku katrangan-katrangan etimologis ngeunaan djudjutan asal-usul kētjapna, sabab katrangan-katrangan etimologis teh umumna ngan bisa nērangkeun něpi kana djangkar harti kētjap asalna bae tur sok tara něpi kana kamékaran hartina nu barobah ti mangsa ka mangsa, ti tēmpat ka tēmpat, ti hidji lingkungan pakumbuhan ka nu lianna.

Kitu deui wangēnan-wangēnan ilmiah, biasana mah ngan sok něpi kana konstatasi ngeunaan sastra nu geus njampak bae, kurang mere tēmpat pikeun gagasan-gagasan djeung idea-idea sastra nu djadi tjita-tjita

djeung udagan sastrawan nu masih kudu (arek) diwudjudkeun. Maksud teh sok tara něpi kana hartina nu sakalian ngawěngku ma'na, tudjuan djeung hakekat dinamikana kětjap tea.

Padahal ari sastra teh apan salah sahidji bagian sěni, tjara musik, lukis, drama djeung lian-lianna. Ari sěni tea apan hasil kreativita manusa nu dinamis, nu salilana teu wěleh barobah da ngagambarkeun ngaguligahna manusa ᨩenggonging neangan wudjud gělaran eusining djiwa, emosi, rasa, karsa, falsafat, intuisina satjara estetis. Děmi tjita-tjita estetis tea, unggal djaman, unggal těmpat, unggal bangsa, malah unggal générasi oge sok beda-beda dina manifestasina, ngakar kana bedana sawangan hirup, falsafah, akar-akar katut djangkar-djangkar kahirupan-kahuripan rohaniahna masing-masing.

Puguh bae ari dina seuhseuhanana mah approach satjara etimologis djeung ilmiah oge pěrělu diguna-keun pikeun ngalěngkěpan pakakas ᨩenggonging njuk-tjuruk ma'na kětjap tea. Sabab ngan lamun pakakasna lěngkěp bae urang bakal bisa maluruh ma'nana nu djěmbar tur njugěmakeun.

Kahirupan-kahuripan manusa teh dimanifestasi-keun dina tjara-tjara djeung wudjud-wudjud, dina wangunan-wangunan patali marga. Nja eta tjara-tjara djeung wudjud-wudjud kahirupan-kahuripan manusa dina hirupkumbuhna tea nu disebut kabudajaan dina harti antropologis. Ku para ahli antropologi mah nu disebut kabudajaan teh ujaeta sakumna tjara-tjara djeung wudjud-wudjud patali-marga dina hirupkumbuh manusa, way of life. Njaeta kabudajaan dina hartina nu djěmbar, nu ngawěngku sakumna kagiatan hirupkumbuh manusa kajaning : ekonomi, politik, kasenian, teknologi, adat-istiadat djeung lian-lianna.

Tapi dina hartina nu heureut mah, kabudajaan teh ngan ngawěngku tilu lapangan kagiatan manusa bae,

njaeta falsafah, pangawéruh djeung kasénian. Malah dina harti sapopoe mah, kabudajaan teh sok diharti-keun sarua djeung kasénian.

Dina ieu karangan, kabudajaan digunakeun dina hartina nu heureut, njaeta nu ngawéngku tilu lapangan kagiatan kreatif manusa : falsafah, pangawéruh djeung kasénian bae.

Djadi sěni teh njaeta lapangan kabudajaan nu lain falsafah, djeung lain pangawéruh.

Tapi eta wangénan teh kakara nětěpkéun watěs-watěs ambahán antara sěni djeung falsafah katut pangawéruh bae, tatjan mere katrangan nu tetela ngeunaan hakekat sěnina.

Tina eta katrangan nu netelakeun watěs-watěs ambahán antara sěni djeung falsafah katut pangawéruh. katingal jen ambahán sěni teh katjida pisan lěga-djembarna. Kana ma'na sěni dina harti antropologis kaasup karadjinan, hasil-hasil produksi djeung reproduksi. Tapi wangénan sěni satjara antropologis nu djembar-lěga kitu teh hěnteu matak pikasugěmaeum djalma-djalma nu bagérak dina lapangan sěni. Wangénan antropologis énggonging njawang djeung ngarumuskeun sěni, katalian teuing ku hasil-hasilna nu geus njampak. Djadi katalian teuing nu materi nu geus gumělar nu dianggap hasil sěni. Mcmang satjara antropologis mah hěnteu dibedakeun gugunungan wajang nu didjieun ku nu njiptana mimiti djeung gugunungan nu beh dieu nu didjieun satjara reproduktif. Atawa gambar wajang tradisionil djeung lukisan wajang tjiptaan Sjahri upamana. Nu njieunna atuh duanana oge disébut sěniman. Hasilna atuh duanana oge mangrupa hasil kreasi. Padahal lamun ditingal tina djihat kreativita mah aja beda nu esensial antara gugunungan nu ditjiptakeun mimiti djeung nu pandeurieunana nu didjieun satjara tradisionil kalawan produktif.

Kitu deui dina hartina nu umum tur djembar mah,

sakurnna pustaka teh kaasup kana sastra. Lain nu wina-ngun tjarita atawa riwajat bae, dalah buku-buku hukum djeung pituah oge, baheulana mah apan kaasup tur kagolongkeun kana sastra. Tapi aja bedana nu lain bae graduil tapi ditinggal tina djihat kreativita seni mah esensial sipatna, antara djalma nu kreatif njipta sastra tjara Moh. Ambri njipta *Lain Eta, Ngawadaleun Njawa, Numbuk Di Sue, Burak Siluman* djeung *Mundjung* upamana djeung djalma-djalma nu satjara fabrikan njieunan tjarita-tjarita murah sensasional tjara Tjandrahajat njieunan *Dododja Tinemu Bagja, Tjarmad, Pondok Djodo Didodoho* djeung lian-lianna.

Kuring leuwih hajang ngadjinékkéun rumusan seni djeung sastra dina hartina nu kreatif, nu leuwih luju djeung tjita-tjita katut udagan séniman, manap nu satjara antropologis ngawéngku djeung ngahidijkeun sakumaha tjiptaan seni djeung hasil karadjinan.

Naon atuh ari seni teh mun kitu ?

Seni teh njaeta manifestasi kreasi estetis manusia nu satjara rohaniali ngahudangkeun kainsapanana kana djangkar-djangkar djeung kondisi kahirupan-kahuripan kamanusan. Njaeta hidji wudjud kagiatan rohaniyah manusia nu ngagélarkeun realitas anjar nu rasional, suprarasional djeung visional mangrupa katunggalan mikrokosmos nu ngahudangkeun kainsapan kana katunggalan makrokosmos. Seni teh mangrupa wudjud usaha kreatif manusia nu hajang ngagélarkeun realitas-anjar nu mangrupa gambaran djeung pèrlambang nu mangrupa hidji katunggalan tur ngawudjudkeun kahirupan-kahuripan nu njata.

Seni pageuh pisan tali-tumali djeung kahirupan-kahuripan rohaniah manusia dina hidji lingkungan hirup, ngakar kana kasadaran kreatif nu hajang miwudjud kalawan estetis. Ku lantaran eta seni salilana hënteu sugëmaeun ku kreasi nu geus djadi hasil reproduktif, nja tuluj neangan wudjud-wudjud djeung wangënan-

wangenan anjar nu ngungkulan karadjinan nu sipatna reproduktif.

Tina eta wangenan-kasar bakal katinggal dua hal nu pokok : Ka hidji njaeta jen sěni teh mangrupa gĕlaran (manifestasi) kreatif kahirupan-kahuripan rohaniah manusa. Ka dua, njaeta jen sěni teh mangrupa kreasi estetis.

Nja eta dua hal pisan nu ngabedakeun sěni ti nu lian-lianna teh. Sabab hĕnteu kabeh gĕlaran kahirupan rohaniah manusa teh sěni. Kitu deui hĕnteu kabeh hasil-hasil gawe manusa nu estetis teh sěni dina harti nu dipimaksud di dieu.

Hĕnteu kabeh nu „endah” teh sěni. Ngan kaendahan nu mangrupa gĕlaran kreatif kahirupan rohaniah manusa bae sěni mah. Kaendahan alami, dadamĕlan Al-Cholik mah lain sěni, sanadjan leuwih endah tur leuwih agung manan djidjieunan mahluk.

Kitu deui gĕlaran hasil-hasil kahirupan rohaniah manusa nu kreatif hĕnteu kudu sěni, sabab teu mustahil mangrupa falsafah atawa pangawéruh. Elmu kimia atawa elmu pasti upamana, apan mangrupa gĕlaran hasil kahirupan rohaniah manusa nu kreatif tapi lain sěni.

Pon pilalagi hasil-hasil produksi nu wujudna njumponan sarat-sarat estetis, mangrupa hasil-hasil reproduktif tur tradisionil, lain sěni.

Upamana bae batik atawa pajung Tasikmalaja. Sanadjan teu mustahil njumponan sarat-sarat estetis, tapi ngan mangrupa hasil craftsmanship tjiptaan „artisan”.

Sabada urang ngadjinékkeun rumusan sěni, ajeuna urang bisa ngarumuskeun naon ari sastra. Sastra teks njaeta gĕlaran kreasi estetis manusa nu satjara rohaniah ngahudangkeun kainsapanana kana djangkar-djangkar djeung kondisi kahirupan-kahuripan kamanusan kalawan ngagunakeun basa. Njaeta hidji wu-

djud kagiatan rohaniah manusa nu kalawan ngaguna-keun basa ngagélarkeun realitas anjar nu rasional, suprasional djeung visional mangrupa katunggalan mikrokosmos nu ngahudangkeun kainsapan kana katunggalan makrokosmos.

Djadi tetela jen sastra teh njaeta wanganan sěni nu ngagunakeun basa. Baheula mah satjara lisan. Tapi ajeuna mah, umumina satjara tulisan winangun karangan, prosa atawa puisi. Djadi sastra teh njaeta karangan-karangan, boh prosa boh puisi nu mangrupa wudjud gëlaran kreasi estetis manusa nu satjara rohaniah ngahudangkeun kainsapanana kana djangkar-djangkar kahirupan-kahuripan kamanusan.

Tetela deui bae, jen karangan „estetis” teh përlu, sabab karangan-karangan pangawérüh atawa falsafah sanadjan ngahudangkeun kainsapan manusa kana djangkar-djangkar djeung kondisi kamanusan, tatjan tangtu sěni. Malah prinsipna mah lain sěni. Ngan memang hënteu mustabil aja falsafah nu gumélarna estetis. Nja dina hal eta pisan sulitna ditarik watés nu tandès antara falsafah djeung sastra, sabab ka hidji ku lantaran duanana ngagunakeun materi nu eta-eta keneh njaeta basa, ka dua ku lantaran rea filosof anu dina mëdar falsafahna miboga gaja-sastra nu luhur adjenna, tjara Iqbal, Lao Tse, Nietzsche, Gebran Khalil Gebran, djeung Hadji Hasan Mustapa upamana. Karangan-karanganana apan mangrupa karangan falsafah, tapi oge mangrupa hasil sastra nu agung, sabab kasastrawan djeung kafilosofan gumulung ngahidji, ngagélarkeun falsafah agung nu oge mangrupa hasilsastra agung deuih.

Sabalikna karangan-karangan nu ngan mangrupa hasil estetis nu hënteu ngagugah kainsapan manusa kana djangkar-djangkar kahirupan-kahuripanana, hënteu mampuh ngawudjudkeun katunggalan mikrokosmos nu ngahudang kainsapan kana katunggalan makrokos-

mos. nu ngan něpi kana ngahibur, ngaleketek rasa nu pangtjetekna atawa ngan sěmět mere entertainment, lain sastra dina harti nu dipimaksud di dieu.

Djadi wawatjan-wawatjan nu rereana mah ngan mangrupa hasil-hasil karadjinan njumponan sarat-sarat estetis dangding djeung pupuh nu geus mangrupa padika-padika mati, tjarita tangtu mangrupa hasilsastra. Kitu deui tjarita-tjarita hiburan nu sensasional, paling-paling ge ngan ngahudangkeun nafsu<sup>2</sup> sahwat atawa sadismeu nu matjana, lain sastra.

Tjarita-tjarita nu ngarah ramena bae, neangan sensasi nu didasarkeun kana fantasi, nadjan teu mustahil matak pogot nu matjana (babakuna nu teu miboga wasasan djeung apresiasi sastra) — lain sastra.

Tjindékna karangan-karangan boh prosa boh puisi, nu hěnteu ngahudangkeun kainsapan nu matjana kana kondisi, situasi djeung aspirasi<sup>2</sup> kamanusan, nu hěnteu ngarondjatkeun djeung ngabeungharan pangalaman estetis manusa tea kana taraf kahirupan-kahirupan rohaniah nu leuwih luhur — lain sastra.

Nja ieu pisan fungsi kritik sastra teh : mere sorotan sangkan nu maratjana tarerangeun naha eta prosa atawa puisi teh něpi kana taraf sastra atawa ngan mangrupa karangan panglipur murahan bae. Kritik analitik normatif kakara digunakeun lamun geus tetela jen eta karangan teh memang hasil sastra bae.

Karangan-karangan nu hěnteu mampuh ngarondjatkeun djeung ngabeungharan rohani nu maratjana, hěnteu pérélu dianalisa, kadjava mun rek mere tjonto nu kumaha karangan nu lain sastra teh.

### III

Sastra tjara nu dirumuskeun tadi, luju pisan djeung situasi katut kondisi manusa Indonesia kiwari nu keur hirup dina alam revolusi. Mangrupa rumusan sastra nu

luju djeung aspirasi-aspirasi revolusi.

Naon sababna?

Sabab apan tudjuan djeung tjita-tjita Revolusi urang teh nja ngawudjudkeun the social consciense of Man, pikeun ngarondjatkeun kahirupan-kahuripan sosial Manusa. Kahirupan-kahuripan sosial Manusa dirondjatkeunana nja ku ajana panjadaran-panjadaran kana djangkar-djangkar, situasi djeung kondisi kamanusan énggonging ngudag tjita-tjita Revolusi tea.

Dina alam revolusioner urang mérédih ngan sěni djeung sastra revolusioner. Nja eta sěni djeung sastra nu luju djeung djiwa katut thema djaman revolusi. Ari sastra djeung sěni revolusioner tea ngan bisa ditjiptakeun djeung digélarkeun ku séniman djeung sastrawan revolusioner. Sabalikna, ngan sastrawan djeung séniman revolusioner bae nu mampuh tur sanggup njiptakeun hasil sěni djeung hasil sastra revolusioner. Djadi sastrawanna heula kudu revolusioner kakara bisa njiptakeun sastra revolusioner. Djadi sénimanna heula kudu revolusioner, kakara bisa njiptakeun sěni revolusioner.

Nu kumaha ari sastrawan djeung séniman nu revolusioner teh?

Sastrawan djeung séniman revolusioner njaeta nu ngaintégrasikeun dirina kana revolusi. Ngaintégrasikeun kahirupanana, tjita-tjitana, aspirasi-aspirasina udaganana, tudjuananana, mentalitana. Djadi kahirupan-kahuripan katut tjita-tjita djeung tudjuan sastrawan djeung séniman revolusioner kudu identik djeung tudjuan, tjita-tjita katut aweuhan revolusi.

Sastrawanna kudu revolusioner, hartina djélémama nu njiptakeun hasil sastra tea kudu revolusioner. Memang, lain ngan sastrawan, lain ngan séniman bae, tapi sakumna djélémama nu hirup dina alam revolusi kudu ngaintégrasikeun diri kana situasi, kondisi katut tjita-tjita revolusi. Sabab djélémama nu hënteu ngaintégrasi-

keun diri kana revolusi, bakal katuntjal djeung kapēntalkeun tina kahirupan bangsa djeung masarakatna. Kalindēs-kageleng ku roda revolusi. Situasi djeung tjita-tjita revolusi, mērēdih sangkan sakabeh djélēma nu hirup dina masarakat nu keur hangkeut ngarengsekeun revolusi tea, kudu revolucioner.

Ngan lamun djélēma-djélēmana ngaintégrasikeun diri kana revolusi bae, revolusi bakal ngahontal tudjuan djeung tjita-tjitana, aspirasi-aspirasina, udaganana.

Sarta lamun djélēma-djélēma sakumna anggota bangsa djeung masarakat nu keur revolusi tea geus revolucioner. maranehanana kudu milih lapanganana masing-masing ēnggonging ngabaktikeun darmana kana revolusi. Revolusi nu multi-kompleks diwangan ku rupa-rupa lapangan nu masing-masing oge mērēdih sangkan direngsekeun satjara revolucioner. Sardjana bakal milih lapangan pangawēruh kaahlianana masing-masing. Tēntara bakal njumbangkeun darmabaktina dina lapangan kamiliteran. Politikeus dina lapangan politik. Guru di hareupeun kēlas. Patani dina lapangan tatanen. Sudagar dina lapangan dagang. Pamajang di lautan. Sēniman dina lapangan sēni. Budajawan dina lapangan kabudajan. Dalang bari ngawajang. Sastrawan dina lapangan sastra. Djeung lianlianna.

Tangtu bae, eta lapangan teh masing-masing oge mērēdih sarat-sarat djeung ukuran-ukuran nu kudu ditjumponan ku djalma-djalma tea. Nu djadi guru kudu njumponan sarat-sarat paguron. Nu djadi sardjana kudu njumponan sarat-sarat pangawēruh. Tukang ngarit teu bisa kitu bae djadi tēntara. Sudagar teu bisa udjug-udjug djadi bupati. Sabalikna politikeus teu bisa ngadadak djadi patani. Atuh patani mun hajang djadi sastrawan nja kudu diadjar heula njumponan sarat-sarat sastra.

Lain hartina patani nu hajang djadi sastrawan kudu

njalujukeun maneh kana kahirupan sastrawan, lain. Bisa bae ari hirupna māh manehna tētēp djadi patani oge. Ngan karangan-karangananana kudu njumponan sarat-sarat sastra, upamana bae sarat-sarat estetis djeung lian-lianna.

Djadi hēnteu kabeh tulisan mangrupa hasilsastra, sanadjan ditulis ku djēlēma nu memang ēnja revolusioner. Manusa revolusioner, lamun manehna lain sastrawan tatjan tangtu mampuh njiptakeun sastra revolusioner. Bisa djadi maksudna mah ēnja revolusioner, tapi wudjudna tatjan tangtu nēpi kana taraf sastra atawa hēnteu. Djadi sastra-revolusioner teh kudu miboga adjen sastra sarta eusina kudu revolusioner deuih. Mun salah sahidji teu katjumponan, tangtu moal bisa disebut sastra revolusioner !

Memang sastra revolusioner miboga tjiri nu teu meunang euweuh, njaeta karevolusioneranana. Tapi hēnteu kabeh tulisan nu eusina revolusioner mangwudjud hasil sastra. Lamun make kékētjapan Lu Hsin mah meureun kieu : „Sēni mah kabeh ge propaganda. Tapi hēnteu kabeh propaganda teh sēni.”

Eta utjapan ngagambarkeun jen pikeun djadi sēni, pikeun djadi sastra deuih, aja sarat-sarat nu kudu dijumponan, njaeta sarat-sarat estetis.

Sanadjan pada-pada ngudag tjita-tjita Revolusi, sastra djeung lapangan-lapangan lianna aja bedana. Sastra fungsina hēnteu bisa disaruakeun djeung militer atawa industri upamana. Sabab ari sēni djeung sastra mah sanadjan mangrupa alat, pakakas, tapi alat nu tali-tumalina teh langsung kana djangkar-djangkar kasadaran kamanusan, nu ngahudangkeun kasadaran kamanusan dina djiwa manusa tea kalawan kreatif tur estetis.

Ku lantaran eta, karevolusioneran sēni djeung sastra mah lain ditangtukeun ku objek materina. Sēni djeung sastra revolusioner teh hēnteu ngan lamun motif

djeung materina tea mangrupa faset-faset revolusi fisik tjara pangalaman sukarelawan di medan pérang bae. Hidji tjarita nu njaritakeun djurig atawa tjinta, malah kembang malati oge, bisa bae revolusioner mun geus bisa ngahudangkeun kainsap nu maratjana kana kondisi kamanusanna minangka mahluk sosial nu keur aja dina alam revolusi tur ngudag-ngudag tjita-tjita revolusi. Sabalikna sadjak nu dibaktikeun ka suswati atawa para pahlawan nu geus sahid oge, ari ngan něpi kana soal-soal tetek-běngék tur hěnteu mampuh ngahudangkeun manusa nu matjana kana tjita-tjita djeung tudjuan revolusi mah, lain sastra revolusioner.

Djadi revolusioner hěnteuna hasil sastra teh lain ditangtukeun ku disebut hěnteuna kětjap-kětjap nu ngagambankeun sumangět revolusi kajaning Manipol-Uddekk. Pantjasila, patriotik, mariém, roket djeung sa-bangsana. Kitu deui lain ku pedah njaritakeun pang-pérangan atawa pérdroongan bawah-tanah bae. Tapi ditangtukeun ku sikép, sawangan hirup djeung tali-tumalina antara tjita-tjita pangarangna kana tjita-tjita nu djadi udagan revolusi. Njaeta sikép djeung tjita-tjita nu karasa djeung atra katembong dina karanganana. Djadi, sakali deui, lain materina atawa objekna, tapi ideana, tjita-tjitana, siképna nu kudu revolusioner teh. Sikép nu revolusioner njaeta sikép nu teu tatawar deui ngaintěgrasikeun diri kana revolusi. Lain němpatkeun maneh di luareun sumawonna di luhureunana mah.

Nja di dieu pisan kritikeus sastra kudu revolusioner čnggonging njawang hasil sastra teh. Revolusi katut tjita-tjitana djadi salah sahidji lampu-sorot nu diguna-keun pikeun njaangan basil sastra. Sangkan mampuh ngajakeun sorotan tina aděg-aděg revolusi, kritikeus lain bae kudu těrang tur murba tjita-tjita, udagan djeung tudjuan revolusi, tapi kudu aktif hirup ngaintěgrasikeun diri kana revolusi deuih. Sabab ngan lamun si kritikeus hirup tur njawang nu dipiadenna ti těngah-

tengah ngaguludagna revolusi bae, manehna bisa mere sawangan nu luju djeung sawangan revolusi.

Kritik sastra revolusioner ngan bisa ditulis ku kritikeus revolusioner, njaeta kritikeus nu ngaintegrasikeun diri kana revolusi tea. Sabab ngan kritikeus revolusioner bae nu bisa njawang sastra revolusioner, ngorot njaangan sastra tina adég-adég revolusi.

Djadi kawadjiban kritikeus revolusioner pikeun njawang hasil sastra tina djihat djeung adég-adég revolusi, sabab ngan sastra nu revolusioner bae nu bakal milu kalawan aktif njumbangkeun mangfaatna énggongning ngahontal tjita-tjita djeung tudjuan revolusi.

#### IV

Sastra tjara nu dirumuskeun tadi, otomatis nolak kritik sastra nu normatif analitik wungkul. Komo nu norma-normana meunang njutat atawa njétek tina sastra deungeun bari djeung henteu dilarapkeun heula kana kondisi djeung alam kapribadian urang mah.

Rumusan sastra djeung kritik revolusioner nu tadi, mérédih sangkan urang ngajakeun atawa ngipuk sarupaning kritik sastra nu mandiri. Kritik sastra nu dumasar djeung ngadék adjéng dina lélémah katut alam revolusi urang. Kritik sastra nu dina énggongning mere adjen satjara normatif analitik, oge mérénahkeun hasil sastra tea dina tjita-tjita djeung udagan revolusi.

Kritik sastra nu normatif biasana skolastik, ngagunaakeun tjara-tjara djeung ukuran-ukuran mati nu geus dirumuskeun ti anggalna keneh luju djeung papagon-papagon nu dimakutaan ku sésébutan „ilmiah”. Kritik sastra nu kitu tangtuna ge moal bisa digunakeun pikeun ngukur sastra revolusioner nu hirup di tengah-tengah gumuludagna tjaah revolusi. Pikeun mere-adjen sastra revolusioner, tjeuk kuring mah ngan aja hidji metodeu, njaeta kritik sastra nu énggongning ngagunakeun ukuran-ukuran normatif analitik teh kudu dumasar ka-

na pangalaman-pangalaman rohaniah nu revolusioner nu kaalaman ku si kritikeus tea djéroning manehna ngajakeun „konfrontasi” djeung eta hasil sastra.

Nja pangalaman-pangalaman rohaniah tea, diukur ku tjita-tjita djeung norma-norma revolusi, nu nangtu keun adjen sastrana teh. Kritik normatif analitik kakara beunang digunakeun sabada hal eta puguh pérçnahna.

Unggal-unggal hasil seni atawa hasil sastra tangtu mere pangalaman-pangalaman rohaniah ka nu njanghareupan atawa matjana. Nja pangalaman-pangalaman rohaniah tea nu nangtu keun sikép djeung kadar karevolusioneran sastrana teh.

Eta metodeu tangtu bakal disangka tur disebut „subjektif teuing”, sabab mun ngan sumender kana pangalaman-pangalaman pribadi, meureun kritik teh bakal pabaliut pisan !

Eta kamélang hënteu kudu aja. Sabab sanadjan énja nu disasar ku pangalaman rohaniah tea subjektif si kritikeus, tapi dina nganalisa djeung ngarumuskeun eta pangalaman-pangalaman tea mah, si kritikeus teh kudu ngagunakeun norma-norma objektif. Si kritikeus bakal ngagunakeun tjita-tjita revolusi, psikologi, so-siologi, antropologi djeung pangawéruh-pangawéruh lianna nu objektif. Djadi panjasar subjektif si kritikeus teh satérusna mah diudji ku norma-norma objektif nu logis tur ilmiah.

Ongkoh da apan ari saénjana mah, kritik teh subjektif. Sabab ngan lamun si kritikeus djadi subjek nu puguh djuntrungna, nu adjèg adèg-adègna bae, kritikna bakal aja hartina. Lamun si kritikeus leungiteun subjek, ilang kahalangan ku norma-norma pangawéruh nu digunakeun minangka pakakas pikeun mere-adjen sastra — kritikna bakal moal aja gunana.

Naon sababna ?

Sabab subjek si sastrawan ngan bisa dideukeutan ku

subjek deui. Nja hasil tina konfrontasi eta duə subjek, nu dianalisa ku si kritikeus kalawan ngagunakeun metodeu, naha analistik naha normatif.

Djadi kuring mah nolak pikiran nu njebutkeun jen sadjak teh mangrupa hasil sastra nu endah tur luhur adjenna lamun njumponan sarat-sarat anu-anu-anu nu dirumuskeun ku kritik-analistik. Rumusan nu sampurna antara pilihan kētjap nu mērēnah tur gēnah, plastisitana nu imadjinatif, ditambah ku ngontjrangna purwakanti djeung rupa-rupa rinekabasa lianna, moal bisa njiptakeun Sēni. Hartina djalma mo bisa njiptakeun Sēni ngan ku ngahadja njumponan sarat-sarat rumusan normatif analistik tea. Hartina sanadjan aja djalma nu ngahadja njumponan padika-padika estetika nu geus dirumuskeun tur dirudjukan ku para kritis-i-analistik minangka „akuran” ēnggonging mere-adjen kana sastra tur manehna geus njumponan eta padika-padika tea kalawan sampurna — hasilna tatjan tangtu sēni. Malah leuwih gēde kamungkinan nu dihasilkeunana teh : karadjinan tea !

Tjontona rea dina basa Sunda mah. njaeta ku ajana wanganan puisi nu disebut dangding. Apan dangding teh minangka wanganan puisi. geus puguh pisan patokan djeung padika-padikana : Puguh djumlah padalisan naunggal pupuhna; puguh djumlah ēngangna unggal padalisan ; kitu deui puguh vokal ēngang panung tung unggal padalisan; ditambah ku mamanis basa. purwakanti, rinekabasa djeung lian-lianna deui. Tapi naon sababna rereana dangding bēt hēnteu nēpi kana taraf sēni ?

Tjeuk pamēndak mah sababna teh taja deui, njaeta ku lantaran nu njarieun dangding tea sok mopohokeun hidji hal nu penting pisan dina sēni mah, malah vital. njaeta *djiwa* nu kudu jjadi njawana eta hasil sēni. Nja djiwa pisan nu mere suasana, imadjinasi djeung nu njababkeun eta hasil sēni tea hirup-hurip. Pilihan

kētjap, purwakanti, djumlah ᑕengang, vokal nu ngontjrang kakara aja hartian mun wudjud eta tjiptaan teh hirup. Ngan lamun eta tjiptaan tea mangrupa wudjud nu hirup tur hurip bae, kritik normatif analitik ngeunaan pilihan kētjap, purwakanti, rinekabasa, djumlah ᕕengang djeung lian-lianna aja hartian.

Mun ditjindékkeun mah meureun kieu bedana kritik analitik normatif nu ku kuring ditolak djeung kritik empirik (urang s̄ebut bae kitu ngarah puguh ngaran-na) nu ku kuring dina ieu karangan diandjurkeun teh : Kritik normatif analitik tuluj bae ngagunakeun pesona pikeun ngopērasi hidji wudjud bari djeung hēnteu ngarasaen pērēlu nitenan heula naha eta wudjud teh hirup aawa hēnteu, njawaan atawa hēnteu ? Ari kritik empirik mah mēntingkeun pangalaman rohaniah nu kaalaman ku si kritikeus tea dina waktu ngajakeun konfrontasi djeung si wudjud tea. Sanggeusna sidik jen eta wudjud teh miboga djiwa, n̄epi ka si kritikeus teh meunang pangalaman-pangalaman rohaniah nu ngarondjatkeun djeung ngabeungharan djiwana, nja kakara harita si kritikeus ngagunakeun pesona teh. nganalisa sarta satjara komparatif ngabanding-banding kana pangalaman-pangalamanana nu ᕕenggeus-ēnggeus atawa harēpan nu diarēp-arēp.

Sabada si kritikeus meunang pangalaman-pangalaman rohaniah nu kreatif, kakara manehna nalungtik kalawan ngagunakeun pakakas analisa normatif, neangan sabab-sabab djeung ngarumuskeun kanjataan-kanjataan nu ngalantarankeun si wudjud tea hirup tur hurip mangrupa hasil sēni atawa hasil sastra.

Dina ngajakeun analisa tea, si kritikeus lain bae ngagunakeun norma-norma estetis, tapi oge norma-norma revolusi, filosofis, psikologis, sosiologis djeung lian-lianna. Beuki djembar si kritikeus ambahan pangaweruhna, beuki luhur adjen kritikna. Sabab nu djembar salilana leuwih utama manan nu kurung-batok,

nu broad-minded salilana leuwih utama manan nu narrow-minded.

Kitu deui, hasil sěni nu kukuh tagěn diudji djeung disorot tina aděg-aděg nu rupa-rupa, beuki luhur adjenna. Hasil sěni nu tahan disorot ku rupa-rupa panjawang djeung pangaweruh, ku rupa-rupa lampu ti rupa-rupa djihat, luhur adjenna. Beuki rea panjawang djeung pangaweruh nu digunakeun pikeun njanganana, tur eta hasil sěni tětěp adjěg pěngkuh, beuki luhur tur beuki utama adjenna.

Maksud teh, hasil sěni nu disawang satjara estetis, filosofis, sosiologis, historis, psikologis, antropologis djeung lian-lianna hěnteu nembongkeun kakurang, ēnja-ēnja mangrupa hasil sěni nu utama. Sabalikna hidji hasil sěni nu tina djihat historis nembongkeun kakuatna, tapi ana disorot satjara psikologis lěmah, adjenna bakal ngurangan.

Sabab hasil-hasil sěni nu klasik, nu teu luntur ku usum tur teu ruksak ku paněka djaman. sanjatana mah nja hasil-hasil sěni nu tahan ku mangrupa-rupa udjian djeung pangadjen ditinggal tina rupa-rupa ségi djeung pangaweruh. Sěni klasik mampuh ngungkulan rupa-rupa panjorot boh ku pangaweruh nu geus njampak waktu eta hasil sěni ditjiptakeun boh ku pangaweruh nu kakara gělar sabada eta hasil sěni tea geus hirup mangalam-alam. Upamana bae, karangan-karangan samemeh manusa wanoh kana psikologi, rea nu tagěn tur bisa dipertanggungjawabkan satjara psikologis. Karangan-karangan Shakespeare oge apa lahirna teh samemeh aja psikologi atawa individual-psikologi. tapi teu keudeu ku lantaran gambaran djiwa Hamlet tagěn dina ēnggoning njangga panjorot psiko-analisa, nja tětěp dianggap luhur adjenna, djadi tjonto klasik boh dina sastra boh dina pangaweruh psikologi. Djiwa pribadi Hamlet lain bae djadi pěrhatian dunja sastra, tapi mangrupa tjonto klasik pikeun ahli-ahli psikologi

deuih.

Kitu deui tokoh-tokoh roman-roman karangan Dostojewski, budjangga Rusia abad kamari, nu ditulis sa-memeh pangawérüh psikologi měkar kalawan subur, ajeuna djadi sumbér panalungtikan kahirupan djiwa manusa abnormal.

Sěni sipatna teh poly-interpretable, bisa disawang ti rupa-rupa djihat djeung aděg-aděg. Ku lantaran eta, panjawang tina rupa-rupa djihat djeung aděg-aděg bakal leuwih njaangan hasil sěni tea něpi ka djurdjuru singkurna. Kritik sěni nu utama njaeta nu njaangan hasil sěni tea tina rupa-rupa djihat djeung aděg-aděg, něpi ka ēnja-ēnja mawa nu matjana sangkan miboga sawangan nu lěga-djémbar tur tina rupa-rupa sěgi deuih.

Ku kituna kritikeus sěni nu utama njaeta nu murba rupa-rupa paléngképan pikeun njawang hasil sěni kala-wan sampurna, hartina njawang lěga-djémbar tina rupa-rupa djihat djeung aděg-aděg. Kritikeus sěni ulah ngan térang kana sěni wungkul, atawa térang kana estetika normatif bae. Kritikeus sěni kudu ngawa-sa djeung murba rupa-rupa teori djeung pangawérüh nu pěrélü digunakeun pikeun njaangan sěni djeung manusa, sabab apan nja manusa pisan nu djadi pokok djeung sumbér sěni teh. Manusa nu teu wěleh hirup-hurip, teu këndat usaha pikeun ngudag kahuripan djeung hirupkumbuhna sangkan leuwih sampurna

Bandung, Djuli 1965.

Dur Pandjak



## KUDU SIEUN TEU KADUUMAN

Geus biasa djaman kiwari mah lamun aja djalma nu rumasa jen manehna geus mengpar tina bĕbĕnĕran, sok nutupan kasalahanana tea ku utjapan Ronggowarsito nu unina : „jen ora melu edan, ora kaduman”, Sundana : mun teu pipilueun edan, moal kabagean.

Ieu utjapan teh kiwari mah geus prah dianggap bisa ngalahalakeun sagala kateubĕnĕran nu dilakukeun ku hidji djĕlĕma. Da apan tjĕnah pokna oge, djaman ajeuna mah djaman edan. Ari urang kudu njalujukeun maneh kana djaman, tjĕnah geuning kudu ngindung ka waktu kudu mibapa ka djaman, nu tuluj disarurahan kudu bisa hirup lolondokan.

Tapi naha ēnja urang teh sangkan salamĕt kudu hirup lolondokan? Kudu ngindung ka waktu milu burung, mibapa ka djaman milu edan?

Djalma nu hengker djiwana, bakal ngabela kalakanana nu edan tea, meureun pokna teh : „Enja, sabab sanadjan bĕnĕr oge lamun urang ngan sorangan mah, tanwande eleh kalindih ku nu rea nu keur usum eedanan dina djaman edan.” Atawa : „Taja gunana usa-ha hidji manusa nu sorangan ēntang-ēntangan rek ngadĕgkeun bĕbĕnĕran di tengah<sup>2</sup> kateubĕnĕran. Nu teu milu edan, lain bae moal kabagean, tapi bakal tumpur. Apan tjeuk katjapangan oge, nu djudjur antjur nu bĕnĕr ludĕs.”

Naha ēnja kitu? Nu djudjur bakal antjur? Bĕbĕnĕran bakal tumpĕs ludĕs?

Sanjatana mah dina sadjarah manusa, tatjan kungsi aja djaman nu lain „djaman edan”. Manusa mah salilana hirup dina pĕrdjoangan antara hade djeung goreng, antara bĕnĕr djeung salah, antara sawarga djeung naraka, antara edan djeung waras. Dina unggal djaman oge teu wĕleh aja pĕpĕrangan antara nu hak

djeung nu bathil. Hartina, di unggal djaman oge, masing di mana bae oge di dunja ieu salilana aja kateubēnēran, kasawēnang-wēnangan, kadjahatan, kadoliman, kalitjikan, kamunapekan. Sarta salilana aja deuih djalma<sup>2</sup> anu hajang ngadēgkeun bēbēnēran pi-keun ngelehkeun kadoliman tea. Ngan énja hidji hal anu pënting diulik ku para ahli elmu djiwa, naon sahabna pangna manusa miboga sipat nu leuwih gampang katadji ku hal<sup>2</sup> anu hënteu bēnēr manan ku bēbēnēran nu hak.

Da mun seug manusa teu miboga sipat kitu. meureun Pangeran oge moal kudu nurunkeun nabi barewu-rewu, rasul mani salawe parat. Hidji oge meureun mahi. Dalah sanadjan kitu, malah nabi nu panungtung oge geus lungsur tiluwélas abad katukang, tapi kiwari urang masih keneh bae njaksian bēbēnēran rek disarulap ditutupan dielehkeun ku kateubēnēran.

Riwayat para rasul maparin gambaran ka urang, dalah Nabi nu geus meunang kaperti jantenan ti Nu Maha Sutji oge, hënteu gampang énggonging ngadēgkeun bēbēnēran di tengah-tengah kadjahilan. Nabi Muhammad s.a.w. lain bae pada ngabohongkeun mimitina mah, tapi apan rek dipergasa djeung ditandasa sagala, malah nèpi ka diarah-patina pisan.

Eta teh mere pituduh, jen manusa mah teu bisa ngadēgkeun bēbēnēran nu langgëng di dunja fana. Tapi sok sanadjan kitu, bēbēnēran mah kudu ngadëg. Kudu diadëgkeun. Urang teu meunang sumérah ka djaman. Djaman mah heug bae rek edan oge, tapi urang manusa nu insap kana situasina, ulah make kabahawa edan. Sabab urang mah manusa nu insap, lain kudu sumérah kana situasi djaman, tapi kudu mawa situasi djaman sangkan luju djeung tjita-tjita nu hak.

Memang hënteu gampang, tapi lamun uran tatjan njoba-njoba atjan geus sumérah mah, meureun pasti moal kalaksanakeunana teh. Tapi sabalikna, lamun

urang jakin kana bēbēnēran nu rek diadēgkeun teh hak insja Allah ku rahmat djeung hidajah Pangeran, sa-gala tjotjoba djeung halangan-harungan bakal tjarém Sanadjan kumaha bae ge !

Urang minangka manusa nu insap, kudu nembongkeun jen dina hirup teh urang geus ngadjalankeun tindakan<sup>2</sup> aktif nu positif milih sihak ka nu hak, tur satekah-polah milu ngadégkeunana.

Hikmah nu njata tina riwajat Kandjeng Nabi Muhammad s. a. w. njaeta kajakinanana nu panggér sarta kasatiana nu pěngkuh ēnggonging ngabela bēbēnēran Urang, djélēma, bisa elch, bisa paeh, bisa punah sarta bisa musnah. Tapi seuneu pěrdjoangan nu ngabela bēbēnēran, pikeun ngadégkeun kaadilan djeung nu hak, ngalawan nu batihil djeung ngamusnahkeun nu djahil, kudu anggér ngagédur djadi warisan pikeun generasi ka hareup. Generasi nu miwaris fitrah manusa nu salilana taja eureunna bērdjuang ngelehkeun napsu<sup>2</sup> dja-hat nu njangkaruk dina dirina.

Nja dina pěrdjuangan pikeun ngadégkeun bēbēnēran nu langgeng di bumi fana, ajana kaendahan hirup teh. Sanadjan ēnja mustahil — tapi da salilana kudu diusahakeun ku manusa atuh ! Nja di dinja, di dinja pisan ajana hurip dina hirup teh. Jakin tur takwa ngadégkeun hak Allah !

Ku lantaran eta, lamun hajang hirup djeung hurip-na ngan aja hidji djalan : Adjégkeun tangtungan, bu-kakeun dada, teuteup ka hareup : „Teu paduli djaman edan ! Kaula mah rek ngadégkeun nu tjeuk batur mustahil ! Ngadégkeun nu hak ! Sarta nja eta pisan ba-gean kaula mah dina djaman edan teh !”

Nja kana tugas kainsap eta pisan urang kudu sieun teu kabagian teh. Nja ku eta pisan urang kudu sieun teu kadūpiman teh. Dēmi Allah !



Masa Baru -- Bandung